**O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı**

Qoljazba huqiqinda
**UDK**

**MAGISTRATURA BO`LIMI**

**«Pedagogika ha`m psixologiya» kafedrası**

**ISMAILOVA GU'LSARA**

# «Jaslardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalawda xalıq pedagogiкası dereкlerinen paydalanıw»

**Qa`nigeligi: «5A110901-Pedagogika teoriyasi ha'm tariyqi»**

# MAGISTRLIK DISSERTATSIYA

Ilimiy basshı: _____________ p.i.k., dots.T.Saparbaev

**No`kis-2017**

**QORG`AWG`A RUXSAT ETILEDI**

Fakul`tet dekanı: p.i.k.,dots. M.Q.Allambergenova

Kafedra baslıg`ı: ps.i.k., dots. Z.Sherimbetova

Ilimiy basshı: p.i.k.,dots. T. Saparbaev

Magistrant Ismailova Gu’lsaranin’ «Jaslardı a’dep-iкramlılıqqa ta’rbiyalawda xalıq pedagogiкası dereкlerinen paydalanıw» atlı magistr akademiyalıq da`rejesin alıw ushın jazılg`an dissertatsiyasın ko`rip shıqqan ma`mleketlik attestatsiya komissiyasının`

**QARARI:**

Magistrant Ismailova Gu’lsaranin’ «Jaslardı a’dep-iкramlılıqqa ta’rbiyalawda xalıq pedagogiкası dereкlerinen paydalanıw» atlı magistr akademiyalıq da`rejesin alıw ushın jazılg`an dissertatsiyasına « ___ » baha qoyılsın.

MAK baslıg`ı: p.i.k., dots. P.A’bdimuratov

MAK ag`zaları:

1.
2.
3.
4.
5.

Tema: Jaslardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalawda xalıq pedagogiкası dereкlerinen paydalanıw.

Jobası.

Kirisiw.

I. Jaslardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalawda xalıq pedagogiкası dereкlerinen paydalanıwdın' shart sharayatları.

1.1. Jaslardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalawda xalıq pedagogiкası dereкlerinen paydalanıwdın' a'hmiyeti.

1.2. Shıg'ıs oyshıllarının' jaslardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalawda xalıq pedagogiкası dereкlerinen paydalanıw haqqında piкirleri.

1.3. Jaslardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalawda xalıq pedagogiкası dereкlerinen paydalanıw mazmunı.

II. Jaslardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalawda xalıq awızeкi do'retpelerinen paydalanıw jolları.

2.1. Jaslardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalawda xalıq erteкlerinen paydalanıw usılları.

2.2. Jaslardı a'dep-iкramlılıqqqa ta'rbiyalawda naqıl-maqallardan paydalanıw usılları.

2.3. Jaslardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalawda an'ızlardan paydalanıw usılları.

2.4. Jaslardı a’dep-iкramlılıqqa ta’rbiyalawda xalıq oyınlarınan paydalanıw usılları.

**III. Jaslardı a’dep-iкramlılıqqa ta’rbiyalawda u’rip-a’det, da’stu’rlerden paydalanıw.**

3.1.Jaslardı a’dep-iкamlılıqqa ta’rbiyalawda u’rip-a’det, da’stu’rlerden paydalanıwdın’ pedagogiкalıq a’hmiyeti.

3.2. Jaslardı a’dep-iкramlılıqqa ta’rbiyalawda u’rip-a’det, da’stu’rlerden paydalanıw mu’mкinshiliкleri ha’m usılları.

Juwmaq

Paydalang’an a’debiyatlar

# Kirisiw.

Ulli alimlar xaliqtin’ pedagogikaliq qaraslari ha’m pedagogikaliq ta’jriybelerin u’yreniwge ju’da’ ko’p itibar bergen. Klassik pedogoglardin’ aytiwina qarag’anda, xaliq pedagogikasi ta’rbiya haqqindag’i pa’ndi bayitadi, onin’ tayanishi ha’m tiykari bolip xizmet qiladi. Xaliq pedagogikasi o’z na’wbetinde etnopedagogikanin’ predmeti, pedagogikaliq ma’deniyattin’ quramliq bo’limi bolip esaplanadi.

Jaslardi a’dep-ikramliliqqa ta’rbiyalawda xaliq pedagogikasi derekleri to’mendegilerden ibarat. Xalqimizdin’ a’dep-ikramliliq ko'z qaraslari boyinsha toplang’an bay ma’deniy-ag’artiwshiliq miyrasi ha’m pedagogikialiq ideyalari menen tanistiriw protsessi esaplanadi. Usi protsesste to’mendegiler u’yreniledi:

- Xalqimizdin’ ma’deniy-ag’artiwshiliq ha’m milliy qa’diryatlari;
- Shan’araqta perzent ta’rbiyasi, ta’rbiya metodlari, usil ha’m tu’rleri;
- Qaraqalpaq xalqinin’ a’dep-ikramliq normalari, so’ylew ma’deniyati;
- Xaliq pedagogikasinda insannin’ tabiyatqa bolg’an mu’nasebetleri, salamat turmis ta’rizin ju’zege shig’ariw;
- Ulli alimlarimizdin’ a’dep-ikramliliq ta’rbiyasina baylanisli pedagogikaliq pilirleri;
- Xaliq awiz eki do’retpelerinde a’dep-ikramliliq ta’rbiyasinin’ sa’wleleniwi .
- Milliy u’rip-a’detler, da’stu’rler, xaliq oyinlari ha’m oyinshiqlardin’ ta’rbiya barisindag’i tutqan orni.
- Xaliq pedagogikasinda diniy ta’liymatlardin’ a’dep-ikramliliq ta’rbiyasina ta’siri.
- Xaliq pedagogikasinda xaliq a’meliy ko’rkem-o’nerlerinin’ ha’r tu’rli tarawlarinin’ a’dep-ikramliliq ta’rbiyasinda tutqan orni h.t.b.

Xaliq pedagogikasi ta’lim-ta’rbiya sistemasina baylanisli bir qansha waziypalardi a’melge asiriwda a’hmiyetli rol oynaydi**.** Xaliq pedagogikasinin’ ta’lim-ta’rbiyag’a tiyisli bay ta’jriybesi, ta’rbiya usillari, insaniyliq pa’ziyletleri xaliq pedagogikasinin’ qa’diryatlari, xaliq pedagogikasinin’ u’rip-a’detleri, diniy ta’limatlarda ju’zege shig’ariwshi ma’selelerdi u’yreniw ha’mde kelejekte a’wladqa onin’ mazmun ha’m ma’nisin tu’sindiriwden ibarat.

Qaraqalpaq xalqinin’ o’tmishindegi tarixiy ta’jiriybesi, ruwxiy, ma’deniy, sotsial o’miri, shan’araqta perzent ta’rbiyasi menen baylanisli ma’selelerdi ilmiy ta’repten toliq u’yreniw onin’ kelejektegi jolin aniq belgilep beredi. O’z elinin’quramali tariyxin, etnik belgilerin ha’m pedagogikaliq ideyalarin aniq biliw ma’deniy barkamalliqti ta’minlewshi bir tu’rtki bolip esaplanadi.

Birinshi prezidentimiz Islam Karimov O’zbekistan Respublikasi Joqari Ma’jlisi IX sessiyasinda shig’ip so’ylegen so’zinde aytqaninday: “Ma’mleketimizdin’ g’a’rezsizlik jolindag’i birinshi qa’demlerinen-aq, ulli ma’deniyatimizdi tiklew ha’m ja’nede joqarilastiriw, milliy ta’lim-ta’rbiya dizimin rawajlandiriw, onin’ milliy mazmunin bekkemlew, zaman talabi menen birlestiriw tiykarinda ja’ha’n talaplari ha’m ko’nlikpeleri da’rejesine shig’ariw maqsetinde u’lken a’hmiyet berip kelmekte”[1].

Birinshi prezidentimiz I.Karimov o’z shig’armalarinda ata-babalarimiz qaldirg’an bay milliy qa’diriyatlardin’ a’hemiyeti haqqinda da pikir bildirip: “Xalqimiz tayanshi ata-babalarimiz qaldirg’an ma’deniy miyrasinin’o’zi bir g’aziyne, bul g’aziyneden aqilg’a muwapiq paydalaniwimiz lazim”,-dep atap o’tken edi. A’ne usi ma’deniy miyrastin’ bir ko’rinisi bolg’an xaliq pedagogikasi tek pedagogikaliq haqiqatlar jiyindisina iye bolip qalmay, ba’lkim xalqimiz odan o’z ideyallari ha’mde tiykarg’i didaktik prinsiplerdi de ju’zege shig’aradi. Sol orinda tu’rli xaliqlar pedagogikasi menen shug’illaniwshi etnopedagogika pa’ni haqqinda pikir juritiwimiz za’ru’r.

---

**Karimov I.A. Byuk maqsad yo’lidan og’ishmaylik-T.: O’zbekiston, 1993.**

Etnopedagogika-etnik toparlardin’ ta’lim ta’rbiya barasindag’i ta’jiriybeleri, shan’araq, a’wlad, millettin’ a’yyemgi qa’diryatlarg’a ma’deniy, tuwri ha’m naduris ko’z-qaraslari haqqindag’i pikirlerdi izertleydi. Ol xaliq pedagogikasinan zamanago’y sha’rayatlarda paydalaniw jollarin ko’rsetedi, etnik gruppalardin’ bul barisindag’i ta’jiriybelerin jiynaydi ha’m usinadi.

Basqasha qilip aytqanda, etnopedagogikanin’ tu’rli xaliqlar ta’rbiyasinin’ tariyxi ha’m teoriyasi sipatinada ko’riw mu’mkin. Barliq xaliqlarda aqil, hushkewillik, ma’rtlik, miynetsu’yiwshilik, Watang’a muxabbat, xalqina sadiqliq, a’sirese a’dep-ikramliliq belgilerin joqari bahalaydi.

Xaliqlardin’ pedagogikaliq ma’deniyati menen ju’da’ qiziqqan rus jaziwshisi V.G.Belinskiy: “Ha’r bir millettin’ o’zine ta’nligi, tiykarinan tek usi milletke ta’n bolg’an du’nya qaras, din, til, u’rip-a’detler”, - deydi. O’tmishte jiynalg’an ma’deniy bayliqlardi ulli filosof Gegel “o’zinen ku’sh taratiwshi ana jer” menen salistirg’an. Demek, ma’deniyattin’, sonday aq pedagogikaliq ma’deniyattin’ u’rip-a’detleri xaliqlardin’ joqari ma’deniyatinin’ tiykarg’i belgisi esaplanadi. Ulli alim A’bu Na’sir Farabiy: “xaliqlardin’ o’zinin’ ertedegi ma’deniyatina itibari ha’m qizig’iwinin’ oyaniwi olardin’ haqiyqiy danaliqtan belgisi esaplanadi”, - dep atap o’tken edi.

Demek, xaliq pedagogikasi – xaliqtin’ turmis iskerligi protssesinde toplang’an ha’m a’wladtan-a’wladqa o’tip kelip atirg’an ta’rbiya barasindag’i ta’jriybe ha’m bilimler jiyindisi esaplanadi.

**Temanin aktualligi:** Talabanin’ magistrlik dissertatsiya jumisi temasi barliq da’wirlerde de og’ada aktual mashqalalardan bolip keldi, ha’zirgi ku’nde de a’dep-ikramliliq ta’rbiyasi xaliq pedagogikasi derekleri arqali a’melge asirilip ta’rbiya sistemasinda a’sirese milliy ta’rbiyani a’melge asiriwda a’hmiyeti og’ada ulli. A’dep-ikramlıq ta’rbiyasi ha’r qanday ta’rbiyanın’ jetekshisi wazıypasın atqaradı. A’deplilik – degende adamlardın’ belgili bir ja’miyet ushın ta’n bolg’an mu’na’sebetler sisteması menen baylanıslı bolg’an minez qulıqların

belgilep beretug'ın nızamlılıq – qa'delerin tu'siniw mu'mkin. A'deplilik – ha'r bir jeke adamnın' ja'miyetlik o'mirinde en' a'himiyetli qa'siyetlerdin' biri bolıp esaplanadı .

**Jumistin` maqseti ha'm waziypalari:** Jaslardi a'dep-ikramliliqqa ta'rbiyalawda xaliq pedagogikasi dereklerinen paydalaniw shart-sharayatlarin ko'rip shig'iw , xaliq pedagogikasinin' ha'r tu'rli dereklerinen paydalanip jaslag'a a'dep-ikramliliq ta'rbiyasin beriwdin' a'hmiyetin da'lillew. Shig'is oyshillarinin' pikirlerinen kelip shig'ip jaslardi a'dep-ikramliliqqa ta'rbiyalawda xaliq pedagogikasi dereklerinen paydalaniwdin' mazmunin aship beriw. Awizeki xaliq do'retpelerinen xaliq ertekleri, naqil maqallari an'izlari sonday-aq xaliq oyinlarinan paydalaniwdin' qolayli jollarin, usillarin islep shig'iw. Ayrim ta'lim-ta'rbiya mekemelerindegi jaslardi a'dep-ikramliliqqa ta'rbiyalaw ta'jriybelerin u'yreniw, ol jerlerde ta'jriybe sinaw jumislarin alip bariw, onin' na'tiyjesin jumista ko'rsetiw.

**Izertlew ob`ekti:** No'kis qalalıq xalıq bilimlendiriw mekemeleri xızmetin metodikalıq ta'miyinlew ha'm sho'lkemlestiriw bo'limi qaraslı № 26 -sanlı ulıwma bilim beriw mektebi oqiwshilari

**Izertlew predmeti:** Jaslardi a'dep-ikramliliqqa ta'rbiyalawda xaliq pedagogikasi dereklerinen paydalaniw

**Izertlewdin` ilimiy gipotezasi sonnan ibarat:** Egerde:

- Jaslardi a'dep-ikramliliqqa ta'rbiyalawda xaliq pedagogikasi dereklerinen paydalaniw shart-sharayatlari ko'rip shig'ilsa, - Xaliq pedagogikasinin' ha'r tu'rli dereklerinen paydalanip jaslag'a a'dep-ikramliliq ta'rbiyasin beriwdin' a'hmiyeti da'lillense, - Shig'is oyshillarinin' pikirlerinen kelip shig'ip jaslardi a'dep-ikramliliqqa ta'rbiyalawda xaliq pedagogikasi dereklerinen paydalaniwdin' mazmuni aship berilse, -Awizeki xaliq do'retpelerinen xaliq ertekleri, naqil maqallari an'izlari sonday-aq xaliq oyinlarinan paydalaniwdin'

qolayli jollari, usillari islep shig’ilsa a’lbette jaslardi milliy ruxta ta’rbiyalawda ulli tabislarg’a jetiwimiz so’zsiz.

**Jumisti orinlawda paydalanilg`an tiykarg`i usillar**. Jumisti orinlaw barisinda sa’wbetlesiw, anketa, oqiwshilar miyneti na’tiyjelerin u’yreniw.

**Izertlewdin` ilimiy jan`aliq da`rejesi.** – Oqiwshilardi a’dep-ikramliliqqa ta’rbiyalawda xaliq pedagogikasi dereklerinen paydalaniw shart-sharayatlari ko’rip shig’ilip oni ken’ en jaydiriwg’a tayarlandi. - Xaliq pedagogikasinin’ ha’r tu’rli dereklerinen paydalanip jaslag’a a’dep-ikramliliq ta’rbiyasin beriwdin’ a’hmiyeti da’lillenip, -Awizeki xaliq do’retpelerinen xaliq ertekleri, naqil-maqallari, an’izlari sonday-aq xaliq oyinlarinan paydalaniwdin’ qolayli jollari, usillari islep shig’ildi.

**Izertlewdin` a`meliy a`hmiyeti ha’m na’tiyjesi:** Jumistin’ na’tiyjesi jaslardi a’dep-ikramliliqqa ta’rbiyalaw boyinsha xaliq pedagogikasi dereklerinen paydalaniwdin’ islep shig’ilg’an qolayli jollarinan, usillarinan ta’lim-ta’rbiya mekemeleri pedagog xizmetkerleri ta’rbiya barisinda paydalaniwi ushin a’hmiyeti og’ada ulli.

**Jumistin’ du’zilisi :** Kirisiw, I. Jaslardı a’dep-iкramlılıqqa ta’rbiyalawda xalıq pedagogiкası dereкlerinen paydalanıwdın’ shart sharayatları, 1.1. Jaslardı a’dep-iкramlılıqqa ta’rbiyalawda xalıq pedagogiкası dereкlerinen paydalanıwdın’ a’hmiyeti, 1.2. Shıg’ıs oyshıllarının’ jaslardı a’dep-iкramlılıqqa ta’rbiyalawda xalıq pedagogiкası dereкlerinen paydalanıw haqqında piкirleri, 1.3. Jaslardı a’dep-iкramlılıqqa ta’rbiyalawda xalıq pedagogiкası dereкlerinen paydalanıw mazmunı, II. Jaslardı a’dep-iкramlılıqqa ta’rbiyalawda xalıq awızeкi do’retpelerinen paydalanıw jolları, 2.1. Jaslardı a’dep-iкramlılıqqa ta’rbiyalawda xalıq erteкlerinen paydalanıw usılları, 2.2. Jaslardı a’dep-iкramlılıqqqa ta’rbiyalawda naqıl-maqallardan

paydalanıw usılları, 2.3. Jaslardı a’dep-iкramlılıqqa ta’rbiyalawda an’ızlardan paydalanıw usılları, 2.4. Jaslardı a’dep-iкramlılıqqa ta’rbiyalawda xalıq oyınlarınan paydalanıw usılları, III. Jaslardı a’dep-iкramlılıqqa ta’rbiyalawda u’rip-a’det, da’stu’rlerden paydalanıw, 3.1.Jaslardı a’dep-iкamlılıqqa ta’rbiyalawda u’rip-a’det, da’stu’rlerden paydalanıwdın’ pedagogiкalıq a’hmiyeti, 3.2. Jaslardı a’dep-iкramlılıqqa ta’rbiyalawda u’rip-a’det, da’stu’rlerden paydalanıw mu’mкinshiliкleri ha’m usılları, juwmaq, paydalang’an a’debiyatlar diziminen ibarat.

# I. Jaslardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalawda xalıq pedagogiкası dereкlerinen paydalanıwdın' sha'rt sharayatları.

## 1.1. Jaslardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalawda xalıq pedagogiкası dereкlerinen paydalanıwdın' a'hmiyeti.

Orayliq Aziya xaliqlari sonin' ishinde qaraqalpaq xalqi ha'm onin' ma'deniy-ag'artiwshiliq da'rejesinin' qa'liplesiwi ha'm rawajlaniwi asirler dawaminda ju'zege kelmekte, ta'rbiya ideyalari tu'rli da'wirlerdegi sotsial-siyasiy protsesslerdi o'zinde birlestirdi. Xalqimiz jaratqan usinday ag'artiwshiliq piker ha'm ideyalar, ta'lim-ta'rbiyag'a tiyisli bay miyraslari ata-babalarimizdan qalg'an biybaha xaliq pedagogikasi derekleri bolip esaplanadi.

Xaliq pedagogikasi asirler dawaminda a'wlad-a'jdadlarimizdin' aqiliy, ma'deniy rawajlaniwi ha'm Kamalg'a keliwinde tiykarg'i orindi iyeleydi. Xaliq o'zinin' ma'deniy-ag'artiwshiliq, ko'rkem-o'ner, estetikaliq qaraslari, filosofiyaliq-aqiliy tu'sinikleri, ta'lim-tarbiyaliq pikirlerin xaliq pedagogikasinda ju'zege shig'arg'an.Xaliq pedagogikasinin' tiykarg'i jo'nelisi milliy ta'rbiyani a'melge asiriw bolip, tiykarinnan milletge ta'n bolg'an belgilerdin' saqlaniwin ta'minlew bolip esaplanadi.

Insanlar ja'miyetinin' barliq basqishlarinda barkamal insandi ta'rbiyalaw tiykarg'i mashqalalardin' biri bolip kelgen. Xalqimizdin' pedagogikaliq qaraslarinin'analizi bul barada ju'da' bay ma'deniy-ag'artiwshiliq miyrasi barlig'in ko'rsetedi. Demek, bolajaq pedagog kadrlardi xalqimizdin' ta'lim-ta'rbiya nazariyasi ha'm a'meliyati boyinsha toplang'an bay ma'deniy-ag'artiwshiliq miyras ha'm pedagogikaliq qaraslari menen tanistiriw olardin' kasiplik-pedagogikaliq tayyarlig'in arttiriwg'a zamin tayarlaydi.

Orta Aziya xaliqlari sol tiykarinda qaraqalpaq xalqi basqa xaliqlar siyaqli ma'deniy bayliqlar jaratiwshi talapshan xaliq. Ko'p ta'repleme ha'm bay

ma’deniyattin’ ajralmas bo’legi bolg’an xaliq pedagogikasin u’yreniw arqali kamalatqa erisken ata-babalarimiz, ulli alimlardimizdin’ ilim-pa’n, sanaat ha’m a’debiyat tarawindag’i uzaq a’sirler dawaminda ja’han ma’deniyati xaziynesinde o’zine ta’n orindi iyeleydi.

“Xalqimizdin’ ma’deniy baylig’inan biri bolg’an xaliq pedagogikasinin’ en’ tiykarg’i ha’m siyrek ushrasatug’in pikir ha’m mu’na’sibetleri, ta’rbiya barasinda qollanilip kelingen usil ko’nlikpe ha’m ta’jriybeler bizin’ zamanimizda da o’z a’hmiyetin jog’altpag’an”.

Xaliq pedagogikasi negizgi ma’nisi menen uliwma insaniy, xaliqshil pedagogika bolip esaplanadi. Oni xaliqlar tariyxi, xaliq filosiyasi, psixologiyasi, etnografiyasin ha’m xaliq meditsinasinan tisqarida ko’z aldimizg’a keltirip bolmaydi. Sonday aq, xaliq pedagogikasi o’zinin’ u’mitleniw, sanaat awizeki do’retiwshilik siyaqli pa’n tarawlarindag’i en’ jaxsi u’lgilerdi o’mirdin’ a’dep-ikramliliq ta’lim-ta’rbiyanin’ ha’mme ta’repin o’z ishine qamtip aladi. Xaliq pedagogikasinin’ sonshelli ta’sirshen’lik ku’shi, a’hmiyeti ha’m jasawshilardin’, “birinshiden onin turmisqa baylanislig’i**,** ta’sirshen’liginde bolsa, ekinshiden onin’ tuwridan-tuwri xaliq ta’repinen bar bolg’an o’mir protsessin u’rip-a’detlerde jaratiliwi o’mir, insan problemalarin qamrap aliwshi ta’rbiyanin’ en’ tiykarg’i ma’seleler sheshimin sheshiwge qaratilg’anlig’i, u’shinshiden uliwma insaniy jo’neliske ideya maqsetlerge qaratilg’anlig’inan derek beredi”.

Watanimizg’a ha’r ta’repleme jetik o’z xalqi ha’m watanina pidayi ruwhiy ba’rkamal jaslardi ta’rbiyalawda xaliq pedagogikasinin’ ba’rshe imkaniyatlarinan paydalaniw ma’seleleri usi pa’ndi u’yeniw maqsetin belgilep beredi. Sonday aq milliy ha’m ma’deniy qa’diriyatlardi keleshek a’wladqa tu’sindiriwde tiykarg’i a’hmiyet ka’sip etip kelmekte. Sonday aq, qa’diriyatlardi jaratiwshi ha’m a’wladtan a’wladqa jetkiziwshide xaliqtin’ o’zi esaplanadi. Sol tiykarinda xaliq pedagogikasinda qa’diriyatlar pedagogikaliq ta’repten ken’

---

**Volkov. G. N. Etnopedagogika – T. Fan, 2000**

u'yreniledi. Bunda olar to'mendegi formalarda sa'wlelenedi: sha'araqliq qa'diryatlar, miynet qa'diriyatlar, sotsial-siyasiy mazmundag'i qa'diriyatlar, ma'deniy ag'artiwshiliq qa'diriyatlar, ko'rkem o'ner-estetik qa'diriyatlar, salamat turmis ta'rizine tiyisli qa'diriyatlar, ma'deniy ruwhiy qa'diriyatlar.

Shan'araqliq qa'diyatlar shan'araq ha'm shan'araq ag'zalari ta'repinen qa'dirlenetug'in o'z ara mu'nasibetler u'lkenlerge hu'rmet kishilerge izzette boliw, ag'ayinleri ortasindag'i mehir mu'riwbet siyaqlilardi qamrap aladi. Salamat turmis ta'rizine tiyisli qa'diriyatlarg'a bolsa xalqimizdin' o'z perzentlerin saw-salamat, ma'rt ha'm watanparwa'r bolip jetisiwinde qollanilatug'in ta'rbiya usillari kiredi. Ko'kem o'ner-estetik qa'diriyatlarg'a xaliq a'meliy sanaati, o'nermentshiligi, qosiq, oyin, su'wretshilik sanaati, milliy bayramlar, u'rip-a'detler, toy tamashalar, kiyiniw ma'deniyati ha'm basqalardi kiritiw mu'mkin.

Ma'deniy-ruwxiy qa'diryatlar miynetsu'yiwshilik, insanparbarliq, mehir-muxabbat, saqawat siyaqli piyillerden ibarat bolsa, sotsial-siyasiy qadiryatlar a'dalat , tinishliq su'yiwshi, erkinlik, do'stliq, ten'lik siyaqli tu'siniklerdi o'z ishine aladi. Miynet qa'diryatlarina o'nermentshilik, diyxanshiliq, sharwashiliq siyaqli tarawlar kiredi, insan xizmet ko'rsetiwi turmisqa tiyisli qadiryatlar bolsa milliy tag'amlar, xaliq meditsinasi, siyaqlilardi o'z ishine qamtip aladi.

Ma'deniy-ag'artiwshiliq qa'diryatlarina tu'rli estelikler,tarixiy ansambiller, meshitler, mediriseler kiredi. Ilimiy-ma'deniy qa'diryatlarg'a bolsa insaniyat rawajlaniwinda tiykarg'i a'hmiyetke iye bolg'an ilmiy derekler, mantiq, filosofiya,geometriya, algebra, astronomiya, a'debiyat, kiradi.

Demek, joqarida aytqanimizday xaliq pedagogikasi xalqimizdin' qahramanliq o'tmishi, milliy qadriyatlar, tariyixi u'rip-a'detleri, ta'lim-ta'rbiyadag'i alding'i ideya ha'm ta'jriybelerdi o'zinde ju'zege shig'aradi. A'ne usi biybaha bayliqti u'yreniw ha'm onnan oqiw ta'rbiya protsessinde

---

**Xoshimov K, Ochil S. O'zbek pedagogikasi antologiyasi- T: O'qituvchi, 1995, 14-bet.**

paydalaniw ushin da’slep xaliq toplag’an pedagogikaliq mag’liwmatlar, ko’nlikpe ha’m bilimler, dereklerden aliniwin biliwimiz kerek. Sonday-aq xaliq pedagogikasi qatar o’zine ta’n ta’kirarlanbaytug’inlar bar. (Sizilmag’a qaran’).

Etnopedagogika pa’ninin’ tiykar saliwshilarinan biri G.N. Volkovtin’ to’mendegi ta’riypi xaliq pedagogikasi derekleri haqqinda ashiq aydin tu’siniwge bag’darlaydi: “Xaliq pedagogikasi- xaliq awiz eki shig’armasinda, u’rip-a’detler, balalar oyinlari ha’m oyinshaqlarda saqlanip qalg’an pedagogikaliq mag’liwmatlar ha’m ta’rbiya ta’jriybesinin’ jiyindisi esaplanadi.” Qaraqalpaq xaliq pedagogikasi o’z ta’rbiya barasindag’i ta’jiriybelerin to’mendegishe ju’zege shig’adi:

**Xaliq awizeki do’rtpeleri.** Xalqimiz o’z tariyixiy sotsial iskerligi tarawindag’i bay awizeki shig’armasi miyras jaratqan. Xaliq awizeki do’retpesi qa’dimgi zamanlardan berli xaliq pedagogikasinin’ ta’rbiya usillarinnan biri bolip kelgen. Qaraqalpaq xaliq awizeki do’retpesinin’ barliq janirlari, sonday-aq, apsanalar,ertekleri, naqillari, rawayatlar,ha’r-tu’rli qosiqlar, maqallar, jumbaqlar, da’stanlar, aytisiwlar, tez aytisiwlardin’ta’rbiyaliq imkaniyatlari sheksiz. Barakamal shaxsti qa’liplestiriwdin’ ha’mme quramliq bo’limleri yag’niy aqiliy, fizikaliq, miynet, ta’rbiyasina tiyisli a’jayip mag’liwmatlar o’zbek xaliq awiz eki do’retpesinin’ barliq janirlarinda o’z da’lilin tawg’an.

**Milliy u’rip-a’detler, ha’m da’stu’rler.** Milliy u’rip-a’detler,merekeler zamininda u’lken ta’rbiyaliq imkaniyatlar bar, sebebi ulardin’ barlig’i ata-babalarimizdan qalg’an ma’deniy miyras esaplanadi. Milliy toylar, seyiller, hayit bayaramlari xalqimizdin’ o’zine ta’nligi ju’zege shiqqan.

**Xaliq oyinlari ha’m oyinshiqlari.** Qaraqalpaq xaliq oyinlari o’zlerinin’ ha’reketshen’ligi, shidamliqqa u’yretiwshen’ligi, shiniqtiriwshi ha’reketlerden ibaratligi menen ajralip turadi. Xaliq oyinshaqlarinda xaliqtin’ turmisi, onin’ qa’diryatlari ha’m arziw-umitleri ustaliq benen su’wretlegen.

**Diniy ta’limatlar.** Islam dininin’ muqaddes talaplarinnan bolg’an “Qurani Karim”, ha’dis ha’m basqa diniy ta’limatlarda a’dep-ikramliqqa, insaniyliqqa tiyisli qimbatli pedagogikaliq ideyalar keying su’rilgen.

**Xaliq a’meliy qol o’neri ha’m o’nermentshiligi**. Xaliq a’meliy qol o’neri ha’m o’nermentshiliginin’ tarawlari xaliq o’mirinin’ aynasi ha’m sotsial o’mirinin’ kersinshesi bolip, oqiwshilarda go’zalliq tuyg’ilarin rawajlandiriw.

**Milliy qosiq ha’m qosiqshiliq sanaati.** Qosiq ma’lim da’rejede o’mirdin’ ha’m da’wirinde payda boladi. Sonliqtanda, qaraqalpaq qosiqshiliq sanaati xalqimizdin’ turmisin, onin’ arziw-niyetlerin o’zinde birlestiredi.

**Su’wretlew o’neri .** Xaliqtin’ o’miri, ol turmis keshirip atirg’an ta’biyiy sharayat, insanity obrazlar ma’lim da’rejede pedagogikaliq bilimler ha’m mag’liwmatlardi da’liyllep bergen.

**Tarixiy estelikler.** Ha’r bir tarixiy estelikler quraminda ma’lim da’wirdegi tarixiy iskerlik ha’m sotsiall o’mir jatadi. Ha’r bir tarixiy estelikler jaslarda watanparwarliq tuyg’isin, bunday esteliklerdi jaratqan ata-babalarimiz menen maqtaniw tuyg’isin oyatadi.

**Xaliq oyinlari.** O’zine ta’n ma’nisti an’latiwshi suliw, jaqsi ha’reketler go’zalliq ta’rbiyasinin’ tiykarg’i usillarinnan biri bolip kelgen.

**Orta Aziya ha’m Qaraqalpaq xalqi alimlarinin’ pedagogikaliq oy pikirleri.** Ulli alimlardin’ shig’armalarinda pedagogikaliq pikirler, qaraslar ha’m ideyalar da’lillengen bolip, olardi xaliqimizdin’ ta’rbiya ma’deniyatinin’ quramina kiritiw ju’da’ orinli bolip esaplanadi. Xaliq pedagogikasinin’ ta’rbiyaliq imkaniyatlari-degende xaliq ta’rbiya ta’jriybesinnen orin alg’anda en’ alding’i pedagogikaliq bilimler, qa’nige ha’m ko’nlikpeler, zamanago’y oqiw da’rgayi ha’m shan’araq ta’rbiyasi diziminde jaslardi ta’rbiyalaw maqset ha’m waziypalarin sheshiw qolay sha’rt-sharayatlardi jaratiw tu’siniledi. Ma’selen xaliq maqallarinin’ ta’rbiyaliq imkaniyatlari ta’rbiyanin’ tiykarg’i maqsetinnen kelip shig’adi. Ta’rbiyanin’ tiykarg’i maqset, bolsa ha’r ta’repleme jetik insane joqari manawiyatli shaxisti rawajalndiriwdan ibarat.

## 1.2. Shıg'ıs oyshıllarının' jaslardı a'dep-ікramlılıqqa ta'rbiyalawda xalıq pedagogiкası dereкlerinen paydalanıw haqqında piкirleri.

Ja'miyetimizde jan'alaniw protsessi ketip atirg'an, qa'diryatalrimiz tiklegen bir waqitta milliy-ma'deniy bayliqalrimiz qatarina kiriwshi o'tmish danishpanlari, ulli allamalar ha'm alimlardin' bizge qaldirg'an biybaha miyrasin u'yreniw u'lken a'himiyet ka'sip etpekte.

Ilim insandi ulliliqqa jeteklewshi tu'rtki ekenligi haqqindag'i ulli alimlarimizdin' Qatar hikimetli pikirleri xalqimizdin' ilimparwarliq haqqindag'i ideyalari menen birlesip ketken. Maselen; Axmad Yunakiy "Bilim menen insannin' ma'rtebesi asadi, ilimsizlik bolsa insandi - dese, Abu Rayxon Beruniy "Bilimsiz insanlardin' kewil hu'rmetine tiyisli boladi,"- deydi. Bul pikirler tariyxda o'shpes iz qaldirg'an ulli alimlarimizdin' ibratli o'miri ha'm ilimiy iskerligi' ta'lim-tarbiyag'a tiyisli ideyalar' pedagogikaliq qaraslar haqqindag'i bilimlerimizdi ken'eytiriwge ha'reket etedi.

**Muxammad al-Xorazmiy (783-850).** Abu Abdulloh Muxammad ibn Muso al - Xorazimiy 783-jil Xorezimde tuwilg'an. Evropada "Algorismus" ati menen tanilg'an. Ol o'z ilimiy iskerliginin' tiykarg'i bo'limin Bog'dodda, xalifa al-Mamun basshilig'indag'I ilmiy oray "Bayt ul-hikma"da o'tkizgen. Xalifa al-Mamun al-Xorazimiydi alim sipatinda ju'da' qa'dirlegenligi sebebli usi ilim da'rgayin basqariw jumislarin ma'lim mu'ddet og'an tapsirg'an.

Onin' ko'pshilik miynetlerinde milliy qa'diriyatlardi hu'rmetlew, o'tmishti u'yreniw, ilimnin' jan'aliqlarin o'tmish penen baylanistiriw sonday-aq keleshegimiz bolg'an jaslar ta'rbiyasina da ayriqsha itibar bergen. Mamun akademiyasinda bilim aliwshilardi ha'r ta'repleme rawajlang'an qa'niygeler etip jetilistiriwdi birinshi oring'a qoydi. Ol o'z elimizdegi ilimiy bilimlerdi jetilistiriw menen birge shet elli alimlar menen birgelikte jumis alip bardi.

Al-Xorazimiy hind ha'm yunon alimlarinin' shig'armalarin puxta o'zlestirip, ondag'I ideyalardi ja'nede rawajalandiradi. Ol ha'zirgi zaman

matematika pa'ninin' fundamental qag'iydalarinin' tiykarshisi, zamanagoy algebra pa'ninin' birinshi usinis bildiriwshisi bolip esaplanadi. Alimnin' "Al-Jabr ha'm al-Muqobala" shig'armasindag'i birinshi "Al-Jabr" so'zinnen Evropada "algebra" so'zi kelip shiqqan. Ol 0 (no'l) sanin arifmetikag'a alip kirdi ha'm sol ta'rizde sanlardin' onlliq pozitsion dizimin barliq dunyag'a tarqaldi. Al-Xorazimiydin' sanlar dizimi haqqindag'i shig'armalarinnan biri Evropada "Algorizm" ati menen tanildi ha'm bul atdan zamanagoy "algoritim" so'zi kelip shiqti.

Al-Xorazimiy matematikadan tisqari astronomiya ilimine tiyisli tu'rli temalarda bir qansha ilmiy maqalalar jazg'an. Olardan en' ko'p tarqalg'ani "Astronomiyag'a tiyisli keteksheler ("Zij") shig'armasi bolip esaplanadi. Alim geografiya pa'ninin' rawajlaniwina da salmaqli u'les qosqan. Onin' tiykarg'i geografiyaliq shig'armalarinnan biri "Jerdin' su'wreti" ("Suwret al-Arz") kitabi esaplanadi. Al- Xorazimiydin' bul pikirleri sol da'wirdegi ilmiy-izleniw jumislari ha'm ta'lim metodlari haqqinda jaqsi mag'liwmat beredi.

**Abu Rayxan Beruniy (973-1048).** Abu Rayxon Beruniy 973-jil Xorezimnin' eski paytaxti Kot qalasinda tuwilg'an. Ol o'spirinlik ha'm jasliq jillarin tu'rli ilimlerdi iyelewge bag'ishlang'an ha'm alim sipatinda rawajlang'an. Sol zamannin' taniqli alimi Abu Nasr Mansur ibn Irokda oqip ilim alg'an ha'm da'slepki astronomik ta'jriybelardi 16 jasinda o'tkizgen. Ol paris, yunon, arab, sug'd, Sanskrit tillerin u'yrengen.

Xorezimdegi siyasiy jag'day sebebli alim 998 jil Jurjon qalasina ketedi ha'm sol jerde 1004 jilg'a deyin iri izleniwler alip baradi. Astronomiya, ta'biyiy pa'nler, tariyx, din tariyxi menen de shug'illang'an. Alimnin' " Qadimgi xaliqlardan qalg'an estelikleri"shig'armasi og'an u'lken shuxrat keltiredi.

Beruniy 1004-1007-jillarda Xorezimge qaytip, Xorezimshax Mamun bashilig'indag'I ilmiy orayda jumis alip baradi. Biraq Xorezim Maxmud G'aznawiy ta'repinnen basip alig'annan keyin, ol G'azna qalasina asir qilip alip ketiledi. Alim Maxmud G'aznawiy sarayda keshgen jillarinda astronomiya

ha’m geodeziyag’a tiyisli shig’armalar jaratadi. 1029-jili G’aznada “Munajjimlik sanaatinan baslang’ish tu’sinikler” shig’armasin tawsadi. Maxmud G’aznawiydin’ Hindistang’a qilg’an ju’risleri sebebli Beruniy ha’m munajjim sipatinda biraz Hindistanda jasaydi ha’m sanskrit tilin jaqsi u’yrenip aladi. Alim hindlerdin’ tariyxi, u’rip-a’detleri, ma’deniyati menen jaqinnan tanisadi ha’m o’zinin’ ataqli “Hindistan”shig’armasin jartadi.

1030-jili Maxmud G’aznawiy qaytis bolg’annan keyin onin’ ornina balasi Masud otiradi. Alim o’zinin’ astronomiyag’a tiyisli u’lken shig’armasin sol hu’kimdarg’a bag’ishlap “Masud nizami” dep atag’an. 1041-1049-jillari “Mineralogiya” ha’m “Farmakognoziya” dep atag’an eki shig’armasin jazdi. Bul shig’armanin’ ha’r biri usi taraw boyinsha ja’ha’n ma’deniyatinin’ a’jayip durdonalarinan biri bolip esaplanadi. Abu Rayxon Beruniy 1048-jili G’azna qalasinda qaytis boladi.

**Abu Ali Ibn Sino (980-1037).** Ulli alim ha’m danishpanlarinin’ Abu Ali ibn Sino 980 jili Buxora qasindag’i Afshona awilinda tuwilg’an. Ol Buxoradag’i ilmiy ortaliq ta’sirinde u’lkeyedi. Onin’ jaslig’i ha’m o’spirinligi Somoniyler hu’kimranlig’I jillarina tuwri keledi. Ol saraydin’ bay kitapxanasinan paydalanadi. IX a’sir baslarinda Ibn Sino Xorezimge ko’ship keledi ha’m shax Mamun sarayindag’i alimlar menen tanisadi.

Ibn Sino yunon, arab, paris alimlarinin’ kitaplarin, Muxammed Xorezimiy, Abu Nasr Forabiy, Abu Bakr Roziy, Ahmad Farg’aniy siyaqli watanlaslarimizdin’ shig’armalarin, sonday-aq, qadimgi yunon ilmi wakilleri Arestitotel, Platon, Evklid, Fales, Geraklit, Suxrot, Pifagor, Gippokrat shig’armalarin teren’ u’yrenedi. Ulli alim filosofiya, meditsina, tabiyat ilimlerine bag’ishlang’an “Shipa kitabi”, “Tib nizanlari”, “Najot kitabi”, “Bilimler kitabi” siyaqli u’lken shig’armalarin jazadi. Onin’ filosofiyaliq shig’armalari en’ u’lkengi “Shifo kitabi” to’rt bo ’lim, 22 jildden ibarat bolip, onda mantiq, metafizika, fizika, matematikag’a tiyisli ma’seleler talqin qilinadi. Alimnin” Tib nizamlari” shig’armasi o’z mazmunina ko’re meditsina

bilimlerinin’ qomusi esaplanadi. Ol bes o’z aldina meditsinaliq shig’armadan ibarat bolip, ha’r ma’lim bir tarawdi izbe-iz aship bergen.

Ibn Sino 450 den ziyat jaratqan shig’armalarinnan 242 si bizge deyin jetip kelgen. Sodan 80 ni filosofiyag’a tiyisli, 43 meditsinag’a tiyisli, 26 psixologiyag’a, 23 medetsina ilimine, 9 etikag’a, 4 a’debiyatg’a tiyisli, 8 basqa alimlar menen bolg’an jazispalardan ibarat. Ulli alim ham danishpan Abu Ali Ibn Sino Evropada Abitsenna ati menen taniqli bolg’an.

**Axmed al-Farg’oniy (798-865).** Orta a’sirlerdin’ en’ ko’zge ko’ringen alimlardan biri Abul Abbos Axmad ibn Muxammad ibn Qasir al-Fargoniydin o’miri ham jumislari haqqindag’i mag’limatlar ju’da’ az bolip, shama menen 798 jil Ferg’anada tuwilgan. Evropada Alfraganus ati menen tanilgan. Alim u’lkeygennen keyin, Bag’dat qalasina ketedi, xalifa al-Mamun sarayindag’i ilimiy mektep “Bayt ul-xikma”(“Xikmetler uyi”)de dunyag’a taratqan taniqli Orta Aziya alimlari menen birge jumis isleydi.Bag’dat ham Damashq qalalarinda alip barilgan qatar astronomik ta’jribelerde belsende qatnasdi. Alim 861 jil Nil daryasi suwinin mug’darin o’lshew ushin mo’lshenlengen Qaxradagi Ravdo aralina ornatilg’an nilometridi islegen.Bul onin’ jaqsi muxandis ekenliginen de derek beredi .

Al-Ferg’aniydi’ tiykarg’i astronomik shig’armasi ”Aspan xareketi xam juldizlar ilimi toplami’’.Sonin menen,’’Geometriya ham arifmetika ja’rdeminde teren**’** arqa xamde qubla asturloblardi quriw’’, Asturlobtan paydalaniw haqqinda kitap’’, ”Ay jer ustinde yamasa onin astinda ekeni waqitti aniqlaw’’, Quyash saatin quriw’’, Al-Xarezmiy zijini **t**usindiriw’’ shig’armalari ma’lim.

Al –Ferg’aniydin astranomiyaga bir neshe asirler dawaminda Evropa Universitetlerinde astranomiya pani boyinsha tiykarg’i sabaq bolip keldi .Alim bunnan basqada astranomik a’spablar ham gidroqurilmalar quriw islerinde u’lken qabilyet iyesi ekenligin ko’rsete aldi.

**Abu Nasr Farobiy (873-950)** Filosof ha’m komusiy alim Abu Nasr Farobiy Sirdaryanin’ Forob (Utrar) qalasinda tuwilg’an .Ol shig’ista ju’da’

abroyli bolip, qadimgi yunan ilimin juda jaqsi bilgeni ushin “Shig’is Aristoteli”, “Ekinshi mug’allim”(Aristoteldan keyin ) ati menen atalg’an. Farobiy baslang’ish mag’liwmatin o’z wataninda, Toshkent, Samarqand, Buxara qalalarinda alg’annan keyin Bag’dad, Damashq, Misr siyaqli ellerde ilim aliwdi dawam ettirgen .

Farobiy 70ge jaqin til bilgen, onnan ilimnin’ tu’rli qa’negelerge bag’ishlang’an ju’da’ u’lken ilimiy miyras qalg’an ,yag’niy filosofiya**,** matematika, meditsina**,** astranomiya, mantiq, grammatika, fizika, ximiya, siyaqli pa’nlerge tiyisli shig’armalar jaratqan. “Ma’seleler sheshimi**”,** **“**Nizamlar haqqinda kitap**”,** Ruwix haqqinda”, “Filosofiyag’a tu’sinikler”, “Filosofiya tusniginin’ ma’nisi” shig’armalarinda taniqli yunon filosofi Aristotel ham basqa yunon alimlari shig’armalarinda jazg’an .

“Fizika usullari haqqinda kitap”, “Alximya iliminin zarurligi”, “Insan ag’zalari haqqinda shig’arma**”,** Lug’atlar haqqinda kitap”, “Qa’telik haqqinda” siyaqli shig’armalar Farobiydin’ qomusiy bilimine iye bolg’anligin ko’rsetedi.

Farobiydin’ “Ilimlerinin’ kelip shig’iwi ham taripi” kitabinda 30dan artiq ilim-pa’nnin tariypi beriledi , tabiyiy ha’m aniq pa’nler menen bir qatarda qosiq , grammatika, orfografiya, lugatshunosliq, mantiq, pikir, siyasatshunasliq siyaqli gumanitar ilimler haqqinda da mag’liwmat lar beriledi “Insan ag’zalari haqqinda” shig’armasinda meditsina haqqinda mag’liwmatlar, “Ilim ham sanaattin’ paziyletleri”, “Aqil ma’seleleri haqqinda” shig’armalarinda bolsa, tiykarg’i filosofiyaliq ma’seleler haqqinda so’z juritedi. Farobiy aqilli insanlar haqqinda sonday deydi; “Aqilli dep sonday adamlarg’a aytiladi, olar pa’ziyletli, paydali jumislarg’a berilgen, za’ru’r na’rselerdi oylap ha’m jarata aliwg’a talantiqa iye; jaman jumislardan o’zin alip jurgen. Bunday adamlardi aqilli deydi . Jaman jumislardi tabiw ushin o’tkir ku’shke iye bolg’anlardi aqilli dep bolmaydi, olardi ayyar, aldawshi degen at benen ataw kerek”.

## 1.3. Jaslardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalawda xalıq pedagogiкası dereкlerinen paydalanıw mazmunı.

Xaliq pedagogikani xaliq ta'limi (tabiiy, ku'ndelik, mektepten tisqari, da'stu'riy) tariyxi ha'm teoriyasi sipatinda tu'siniw mu'mkin. Xaliq pedagogikasi – balalar tarbiyasi ha'm ta'liminde etnik toparlardin' emperikaliq tajriybesinde, shan'araq, nasil, qa'wim, elat, milliy qa'diryatlarg'a, a'dep-ikramliliq- estetikaliq qaraslar haqqindag'i pa'n spatinda qaraw mu'mkin. Xaliq pedagogikasi xaliq ta'limi mazmunin aship beriwge xizmet qiladi, ha'm onnan ha'zirgi zaman sharayatinda qanday paydalaniw jollarin usinis etip, xaliq da'stu'rlerin tabiiy ra'wishte ko'p a'sirlik rawajlaniwina tiykarlang'an etnik (el-elatliq) toparlari tajriybeleri arqali en jaydiriladi. Xaliq pedagogikalsinin' mazmuni o'zgermeydi: sotcialliq o'z-o'zin an'law ha'reketine baylanisli soycialliq sha'rtler o'zgerisine baylanisli rawishte waziypalar q'aliplesedi ha'm aniqlanadi.

Xaliq pedagogikasi o'z-ara xaliqliq birge islesiw ha'm sotcialliq ta'sir protsessin u'yrenedi. Bul protsess tiykarinda sotcialliq qag'iydalar, qa'diryatlar ta'jriybelerin o'zlestiriwshi shaxs rawajlanadi, balalardi tarbiyalaw ha'm oqitiw haqqindag'i diniy taliymatlar, ertekler, da'stanlar, naqil-maqallar, oyinshiqlar ha'm shan'araqliq da'stu'rlerde sa'wleleniwshi xaliq pikiri ha'm filosofiyaliq – a'dep-ikramliliq, tarbiyanin' ko'z-qaraslari haqqindag'i xaliq bilimlerin toplaydi ha'm bir dizimge saladi.

Xaliq ta'limi boyinsha o'zinin' unamli hikmetlerin usinis etken ulli Shig'is oyshillarinin' biri, bul a'lbette Mahmud Qashqariy sanaladi. Onin' pikirinshe, talim pa'ni xaliq pikirinen kelip shiqqan. Ta'rbiya boyinsha xaliqqa su'yeniw, onin' bay miyrasin u'yreniw ha'r bir oqitiwshi ushin qariz ha'm parz ekenligin tu'sindiredi.

Xaliq pedagogikasinda tarbiyanin' janli tarbiyasi u'stinlik qiladi. Ruwxiy ma'deniyat protsessinde tarbiyaliq bilimler belgili tariyxiy basqishti sa'wlelendirer eken, xaliq talimi ta'rbiya pa'ni ju'zege keledi. Rawajlaniwina

tiykar jaratadi.  A’debiy shig’armalardin’ ju’zege keliwine xaliq awizeki do’retpelerine  itibar beriliwi siyaqli tarbiya pa’ni onin’ tarbiyaliq qaraslari xaliqtin’ ku’ndelik turmisinan sig’ip shig’arilmadi.

Ulli oyshilimiz A’lisher Nawayi xizmetlerinde bala tarbiyasinda ananin’ ro’li u’lken a’hmiyetke iye ekenligin ha’mde sanali, oqimisli, tarbiyali ana g’ana ja’miyet ha’m xaliq, din,  iyman ushin jaramli perzentti kamalg’a keltiriwi tabiiy.

Ta’rbiya pa’ni xaliq tarbiyasi (ta’limi) bir-biri menen o’z-ara u’zliksiz birgelikte rawajlanip baradi, bir-birine o’z-ara qolayliqlar jaratadi.  Bul ken’likti ta’rbiya ma’deniyati dep ataw mu’mkin.

Xaliqtin’ a’zel-a’zelden a’dep-ikramliliq turmisi, ruwxiy ha’m ma’nawiy turmisi quram tapqan. Ha’r bir xaliqtin’ o’z-ara u’rp-a’detleri ha’m da’stu’rleri bar, olar a’piwayi miynetkesh xaliq turmisin parawanlastirip kelgen. Olar tabiyatqa mu’nasebettede, diyxan miyneti sharayatinda da, xaliq awizeki do’retpelerinde de,  sawapli islerde de o’z ko’rinisin tapqan. Xaliqtin’ ma’nawiy turmisi ha’r dayim hadal miynet, ruwxiy qa’biylet, insaniyliqti belgilep kelgen. Usilardin’ ba’rshesi xaliq o’zgesheliklerin tarbiyalawdin’ tiykarg’i deregi bolip kelgen. Ma’selen: qaraqalpaq xalqinin’ min’ jilliq tariyxqa iye da’stu’rleri, unamsiz jag’daylarda da jan-ta’ni menen jumisqa degen umtiliwshilig’i insandi miynet su’ygishlikke iytermeleydi.

Qala menen awil ortasindag’i parqti kemeyttiriw awildin’ ruwxiylig’ina ziyan jetkiziwdi bildirmesten, awildin’ da’stu’rleri tiykarinda jaslardi tarbiyalaw tiykarg’i orindi iyeleydi. Xaliqtin’ da’stu’rlerin tabiiy ra’wishte ko’beyttiriw tiykarinda ma’deniyatti, xaliq ta’limi dizimin natiyjeli rawajlandiriw mu’mkin.

Xaliqtin’ toparliq ta’rbiyasin biykar qiliwshi ta’rbiya pa’ni a’meliyati massaliq tarbiya ma’deniyatinin’ tiykarg’i bo’limi  bolip qaliwi mu’mkin emes. Xaliqtin’ turmisi, olardin’ gu’res ha’m jetiskenlikleri  tariyxiy ha’m basqada sotcialliq pa’nlerdin’ tiykari ha’m bas deregi sanaladi. Xaliq pedagogikasida -

usilar qatarina kiredi. Bul pa’nnin’ mazmun ha’m ideasi xaliqtin’ tarbiyaliq da’stu’rleri. ha’r bir xaliqtin’ ja’ha’n ma’deniyatina qosqan biybaha u’leslerin aniqlaw ushin xaliq do’retiwshiligin u’yreniw a’hmiyetli orin iyeleydi. Xaliq do’retiwshiligin u’yrener eken , xaliq pedagogikasi ha’m onin’ tikleniwi ha’m ja’nede rawajlaniwina ja’rdem beredi. Tarbiya ma’deniyati ha’mde xaliq do’retiwshiliginen paydalanip, rawajlandiriw ha’m onin’ quramliq bo’limleri bolar eken, demek, joqarida bildirilgen pikirlerdin’ ha’r qanday tariyxiy ta’rbiyaliq rawajlaniwi ushin tiykar sanaladi.

Xaliq pedagogikasi (talimi) nin’ natiyjeliligi ha’m xaliq oqitiwshilari iskerligin na’tiyjeli ta’repleri neden ibarat? Ondag’i intuitciya (ishki sezim), qa’biylet, bilim o’z-ara qanday mu’na’sebette boladi? Xaliq ta’limi teoriyasi ha’m a’meliyati o’z-ara qanday baylanista? Xaliq ta’liminin’ balalardin’ ruwxiyatina ta’siri qanday boliwi za’ru’r?

Ta’lim protsessinde ta’rbiya jumisin tu’siniwshiler ha’m oni jaqsilawdi qa’lewshiler qa’nshelli ko’p bolsa, onin’ jas a’wladqa ta’siri sonshelli na’tiyjeli boladi. Xaliq ta’limi tek g’ana qa’niyge oqitiwshilari ta’limi emes, massaliq ta’lim, uliwmaliq ta’lim bolip tabiladi. Sonin’ menen birge ol oqitiwshilar ushin, tiykarinan, balalar baqshalari ta’rbiyashilari ha’mde baslawish klass oqitiwshilari ushin a’hmiyetli orin iyeleydi. Tarbiyanin’ ba’rshe mazmun-ma’nisi menen o’zinde ja’mlestirgen, anag’a hu’rmet perzentine su’yeniwdi, akenin’ ha’mme na’rseden ullig’in bildirgen xaliq ta’limi o’zinde ta’lim dinin sa’wlelendiredi.

Ata - ana u’yinin o’zide shan’araqtin’ ma’nawiy orayi bolip, onda perzentler – perishteler, ana- Momo hawa, adam - ata siyaqli qarap kalingen.

Xaliq pedagogikasi miynetkeshlerdin’ ta’lim ha’m tajriybesin en jaydiradi. Ha’zirgi zaman pa’n ha’m a’meliyatinda xaliqtin’ rawajlang’an ta’lim idealarin a’melge asiriw ha’m en’ jaydiriwda imkaniyatlardin’ natiyjeli jollarin aniqlap beredi.

Bu'gingi ku'nde xaliq ta'liminde eskirgen tu'siniklerde joq emes, olardi bir dawistan inkar etiwge hesh qanday tiykar joq. Fransuz alimi A.Lerua-Gurannin' pikiri buni tastiyqlaydi, " Xaliq o'zinin' eski sarqitlari menen g'ana tiri", bunnan tisqari, xaliq bayramlari, u'rp-a'detleri ha'mde etnopedagogikanin' basqada ko'rinisleri ha'm olardin' shaxstin' ruwxiy turmisina ku'sh bag'ishlawshi en' na'tiyjeli qurali sipatinda qarap kelinbekte.

Jan'a u'rp-a'detlerdin' ta'lim mazmuninda u'yreniliwi bul aktual mashqalalardin' biri esaplanadi. Zamanago'y u'rp-a'detler ha'm eski da'stu'rlerdin' o'z-ara baylanislilig'i , xaliq bayramlarinin' eski ko'rinisleri ha'm jan'a mazmuni ortasindag'i birliligi siyaqli mashqalalar etnopedagogikani qiziqtirmaslig'i mu'mkin emes.

Xaliq da'stu'rlerin en jaydiriw ma'seleleri sonnan ibarat, olardin' qalay ju'zege keliwi, ne ushin saqlanip kiyatirg'anlig'i, bul da'stu'rlerdi saqlap qaliw g'ana emes, ku'ndelikli tu'rde qayta islewge za'ru'r ekenliligin rawajlandirip bariw sha'rt.

Xaliq pedagogikasi u'rp-a'detlerdin' jan'asha sha'rt- sharayatlarindag' imkaniyatlarin aniqlaydi ha'm jan'asha u'rp-a'detlerdin' shaxs ta'rbiyasina baylanislilig'in belgileydi. Olar ko'binese xaliqlardin' tarbiyaliq ta'jriybesin oqitiwshilar baylig'ina aylandiradi. Solay etip etnopedagogika a'meliyat penen baylanisli tu'rde a'meliyatqa xizmet qiladi.

Etnopedagopgika mazmuni to'mendegi mashqalalardi o'z ishine aladi: shan'araqliq turmis tajriybesi, ja'ha'n xaliqlarinin' naqil-maqallari ha'm olardin' jas a'wladqa a'dep-ikramliliq ta'jriybesin asiriwda u'lken a'hmiyetli orin iyeleydi.

Xaliq qosiqlarinin' bala ha'm o'smirlerdin' a'deplilik tarbiyasindag'i ro'li, qoldan isleniwshi oyinshiqlar ha'm balalar do'retiwshiligi, balalar ha'm o'smirlerdin' ortalig'i, olardin' ta'limlik waziypalari, analar mektebi, analardin' ta'limi hb xaliqliq ta'lim ma'deniyatinin' milliy o'zine ta'nlikleri h.t.b.

Ta’lim ma’deniyatinin’ uliwmalig’i to’mendegishe:

a) Tu’rli xaliqlar rawajlaniwinin’ tariyxiylig’i;

b) Barshe xaliqlardin’ maqsetlerinin’ uliwmalig’i ha’m olardin’ uliwma insaniy ma’nawiy- a’dep-ikramliliq qag’iydalari menen baylanislilig’i;

c) Xaliq psixologiyasi tiykarlarinin’ uliwmalig’i;

d) Geografiyaliq sha’rt-sharayatlar;

e) Tu’rli xaliqlar ta’limlik da’stu’rlerinin’ o’z-ara bir-birine tasiri;

Bulardin’ uliwmalig’i ma’selesin biz : Ku’sh birlikte naqili arqali ko’p tillerde hikmet kibi qollanilip kelinbekte, bul xaliqlardi birge islesiwge bag’darlaydi. Xaliq pedagogikasi soni ko’rsetedi, ba’rshe xaliqlar solar arasinda jog’alip ketiw qa’wipindegi xaliqlarda ja’ha’n ma’deniyatin bayitiwg’a qa’dir na’rseler ju’da ko’p. Orayliq Aziya xaliqlari a’sirler dawaminda tinish-tatiw bolip jasap, bir-birlerin etnopedagogikaliq jetiskenlikleri menen bayitip kelmekte. Demek, etnopedagogika (xaliq pedagogikasi) to’mendegilerdi u’yrenedi:

1. Xaliqtin’ tiykarg’i ta’lim tu’sinigi (ta’rbiya, o’z-o’zin tarbiya qiliw, qayta ta’rbiya h.t.b.).

2. Bala ta’rbiyasi obiekti ha’m subiekti sipatinda (o’zinin’ balasi, ten’lesleri, doslari , biygana balalar h.t.b.).

3. Ta’rbiyanin’ waziypalari (miynetke tayarliq, a’dep-ikramliliq paziyletlerin qa’liplestiriw, salamatliqti oylaw h.t.b.).

4. Ta’rbiyanin’ derekleri (tabiyat, oyin, doslasiw h.t.b.).

5. Ta’rbiyanin’ usillari (jazalaw, xoshamatlew, eskertiwler beriw, isendiriw, ma’slah’at beriw  h.t.b.).

6. Ta’rbiya qurallari (ha’ziller, naqil-maqallar, gu’rrin’ h.t.b.).

7. Ta’rbiyani sho’lkemlestiriw (balalar ha’m o’smirlerge miynet etiw birlespeleri, jaslar bayramlari h.t.b.).

Bulardin’ ba’rshesinin’  bala tarbiyasinda tutqan orni  girewli, a’sirese bulardan bala tarbiyasinda paydalanip keliniwi jaslarda o’z-ara hu’rmet, tarbiyanin’ joqari da’rdejede qaliplesiwine tiykar jaratadi.

So’z ha’m izzertlew ushin, o’z ana tili o’sip kiyatirg’an jas a’wladtin’ tiykarg’i negizi esaplanadi.  O’z balasin ana tilinen ayirg’an ana onnan ruwxiy jaqtan ajralip qaladi, na’tiyjede baladan keleshekte insaniy paziyletlerden ha’m tabiyattan ajralip qalg’an insan jetilisip shig’adi. Bunday insan o’z xalqinin’ en’ jaqsi da’stu’rleri ha’m u’rp-a’detlerinen ayrilip, onin’ ornin basqa hesh na’rse menen toltira almaydi. Xaliqta “ Balani tuwg’an emes, tarbiyalag’an ana” degen naqil bar. O’z milleti ma’deniyati ortalig’inan tisqari ta’rbiya shala-yarim boladi. Jan’asha tarixiy sharayatlar eski mashqalalardi sheshiwdi talap qiladi. Bul xaliq pedagogikaliq izzertlewlerdin’ ja’ne bir ken’ ko’lemli tarawi esaplanadi.

Bu’gingi ku’nde ayirim eski u’rp-a’detler , uliwma xaliqliq da’stu’rlerge aylanip barmaqta: Nawriz, G’a’rezsizlik ku’ni, Qawin seyili  h.t.b. Tajriybeler soni ko’rsetpekte , oqiw tarbiya jumislarinin’ na’tiyjeliligi xaliqtin’ da’stu’rlerinen sheberlik penen paydalaniwg’a baylanisli eken. Olardin’ en’ tiykarg’isi, oqiw ha’m tarbiya birgelikte alip bariladi.

# II. Jaslardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalawda xalıq awızeкi do'retpelerinen paydalanıw jolları.

## 2.1. Jaslardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalawda xalıq erteкlerinen paydalanıw usılları.

Jaslardı, meкtep oqıwshıların a'dep iкramlıqqa ta'rbiyalawdın' birden bir jolı sabaq paytındag'ı ta'lim-ta'rbiyanın' a'hmiyeti og'ada ullı. Meкteplerde oqıwshılarg'a a'dep-iкramlıq ta'rbiyasın beriw baslıwısh кlaslardan baslanadı. Baslawısh кlass oqıwshıları oqıw sabag'ında ha'r tu'rli janırdag'ı a'debiy shıg'armalar menen gu'rrin', qosıq, erteк, tımsal, naqıl-maqallar, jumbaqlar, an'ızlar, ilimiy, siyasıy maqalalar menen tanısadı. Olar a'debiy shıg'armalardı su'yip oqıydı, qızıg'ıp, qumarta otırıp tın'laydı. Sebebi a'debiy shıg'armalarda o'mir кo'rinisleri, ha'r tu'rli waqıya, qubılıslar anıq tu'rinde adamdı ta'sirlendiredi. Bul oqıwshılarda o'mir qubılısların durıs tanıp, du'nya tanıwshılıg'ın rawajlandırıw menen birge, olardın' a'dep-iкramlıq tu'siniкlerinin' qa'liplesiwine, o'z ana tilinin' bay g'a'ziynesine teren' tu'siniwine ja'rdem beredi.

A'debiy shıg'armalardag'ı su'wretlengen qaharmanlardın' ha'r tu'rli ha'reкetleri oqıwshılarda janlı qızıg'ıwshılıq payda etip, olardın' dıqqatın o'zine tartadı. Oqıwshılardı unamlı a'debiy qaharmannın' o'mirdegi tabısları, onın' pida'кerliк ha'reкetleri su'ysindirip, a'dep-iкramlılıq belgileri olarg'a u'lgili o'rneк sıpatında ta'sir etse, qaharmannın' qayg'ısı, onın' isinin' кelispewshiligi oqıwshılarda кewil gu'yzelisin payda etedi. Al unamsız qaharmanlardın' a'dep-iкramsız ha'reкetleri oqıwshılarda biya'deplilikti jeк

кo'riwshilік, ol ha'reкetlerdi ayıplap, olardan jiyirкeniwshilік, beziniwshilік sezimin payda etedi.

Meкtep oqıwshıların a'dep-iкramlıqqa ta'rbiyalawda erteкlerdi sabaq payıtında da кen' qollanıladı. A'yyemgi waqıtlardan baslap aq xalıq adamlardag'ı a'dep-iкramlıq ha'reкetlerdi кu'ta' joqarı bahalap, olardı ta'rbiya isinde кen'nen paydalanıp, xalıq pedagogiкasının' tiyкarg'ı dereкlerinin' biri sıpatında qollanıp кelgen. Xalıq erteкlerde, an'ızlarda, da'stanlarda jaqsılıq penen jamanlıq, a'dillік penen a'dilsizliкti, a'dep-iкramlılıq penen biya'deplilікti, batırlıq penen qorqaqlıqtı, aqılılıq penen aqmaqlıqtı qatara su'wretlew arqalı adamlardag'ı a'dep-iкramlıq sezimlerin ta'rbiyalaydı, jaqsılıqqa su'ysinip, jamanlıqtan jerкeniwshilікti qa'liplestiredi.

Oqıwshılardın' o'mirinde folкlorlıq shıg'armalar, a'sirese, erteкler u'lкen ta'rbiyalıq a'hmiyetкe iye. Oqıwshı erteкlerdegi qaharmanlardın' ziyreкligi, shaqqanlıg'ı, a'deplilік sıpatlardın' anıqlıg'ı ha'm durıslıg'ı, syujettin' a'piwayılılıg'ı, tilinin' кo'rкemliligi ha'm baylıg'ı ushın jaqsı кo'redi. Erteк oqıwshılardı o'z personajlarının' qaharmanlıq ha'reкetleri menen qızıqtıradı, a'dillік penen jaqsılıqtın', jawızlıq penen a'dalatsızlıqtı jen'iwin sa'wlelendiriwi menen tolqıtadı, unamlı, su'yiкli qaharmanlarının' quwanıshı menen qayg'ısına ortaqlasıw sezimin qa'liplestiriw menen, oqıwshılardın' du'nya tanıwshılıg'ın кen'eytiwshi ha'm rawajlandırıwshı mu'mкinshilікleri menen o'zine tartadı.

Oqıwshılarg'a qaharmanlardın' sezimin ha'm bastan кeshiriwlerin ashıwda, qaharmanlardın' a'dep-iкramlı ha'reкetlerin sa'wlelendiriw ha'm olardı tuwrı qabıllaw uqıplılıg'ın qa'liplestiriw u'stinde is aparıwda xalıq

erteкleri ju'da' a'hmiyetli ta'rbiya quralı esaplanadı. Erteкler meкtep turmısında кo'binese baslawısh кlasslarda кo'bireк u'yretiledi. Bul кlaslarda oqıwshılar xalıq erteкlerinin' u'sh tu'ri menen (haywanatlar haqqında erteкler, turmıs erteкleri, qıyalıy erteкler) tanısadı. Haywanlar haqqındag'ı erteкlerge ("Tu'lкi menen eshкi", "Eshкi, qoy ha'm o'giz" ha'm t.b.) ha'm turmıs erteкleri("Aqıllı g'arrı", "Кo'к gilem" ha'm t.b.)  sabaqta realistliк turmıs gu'rrin'ine uqsap o'tiledi. Sabaq waqtında haywanatlardın' minez-qulqı, ha'reкeti (tu'lкinin' jalataylıg'ı, eкi ju'zliligi teк o'z paydasın oylaytug'ınlıg'ı, eshкinin' aq кewilliligi, isengishligi, jolbarıstın' jırtqıshlıg'ı), sonday-aq sotsial qatnasıqlar da (baydın' zulımlıg'ı, zorlıg'ı, jarlılardı qorlawı) talqılanadı, olarg'a minezleme beriledi ha'm bir-birine bolg'an qarım-qatnasıg'ı so'z etiledi, qaharmanlardın' a'dep-iкramlılıq sapaları anıqlanadı. Usılardın' tiyкarında oqıwshılar, personajlardın' ha'reкetleri ha'm sezimleri haqqındag'ı belgili bir da'rejede juwmaq payda etedi.

Qıyalıy erteкlerde ("Balıqshı menen balıq haqqında erteк" ha'm t.b.) qıyalıy oy-piкirlerdin' bar eкenligi anıq. Sonın' ushın sabaqta oqımastan burın  oqıwshılar menen taqırıpqa baylanıslı gu'rrin'lesiw talap etiledi. Gu'rrin'lesiw payıtında do'geregimizdi qorshag'an du'nya tuwralı xalıq tu'sinigi anıqlanadı. Bunday tayarlaq gu'rrin'i oqıwshılarg'a erteкtin' a'debiy obrazların, olardın' o'z-ara qarım-qatnasıg'ın a'dep-iкramlılıq sapaların (jaqsılıq,ayawshılıq ashкo'zliк, ta'кabbırlıq ha'm t.b.) minez-qulqın durıs tu'sinip qabıllawına ja'rdem beredi.

Sabaqta erteкlerdi o'tiwde mug'allim mınalardı yadında saqlawı кereк boladı.

1. Erteкlerde aytılg'anlardın' turmısta tap sonday tu'rde bolmaytug'ınlıg'ın (haywanlardın' so'ylemeytug'ınlıg'ın ha'm t.b.) кo'rsetip, oqıwshılardın' erteк mazmunına qızıg'ıwshılıg'ın pa'sen'letiwdin' кeregi joq.

2. Erteк qaharmanların a'piwayı minezleme du'ziwge ha'm a'debiy qaharmannın' ha'reкetin bahalawg'a,a'dep-iкramlıq sapalardı an'lawg'a u'yretiwde orınlı paydalanıw кereк.

3. Erteкti teкst boyınsha oqımay-aq mu'miкn bolg'anınsha, onın' mazmunın qaharmannın' a'dep-iкramlılıq sapaları, sezimleri sa'wlelenetug'ınday qızıqlı etip aytıp beriwge umtılıw кereк. Oqıwshılar jas waqtınan baslap-aq erteкler menen tanısa baslaydı. Kino, televidenie arqalı кo'rgen, ata-analarınan, jora-joldaslarınan esitкen erteкleri balalardın' sezimlerine кu'shli ta'sir etedi. Erteк mazmunının' qızıqlıg'ı oqıwshılardı o'zine tartıp, olardın' qıyalın rawajlandıradı, du'nya tanıwın ha'm a'dep-iкramlılıq tu'sinigin кen'eytedi. Oqıwshılardın' haqıyqatnıqqa bolg'an qatnasın qa'liplestiriwde de кu'shli ja'rdem beredi. Sonlıqtan da baslawısh кlass oqıwshılarına arnalg'an "Oqıw кitabı" sabaqlıg'ında a'dewir erteкler berilgen. Erteкlerdin' tili jen'il, tu'siniкli, waqıyaları qızıqlı ha'm кo'plegen qaharmanları oqıwshılarg'a tanıs. Bul baslawısh кlass oqıwshıların erteкlerdi qızıg'ıp oqıp, mazmunın tez tu'sinip qabıllap alıw ushın qolaylı imкaniyatlar jaratadı.

Mug'allim erteкlerdi o'tiw payıtında oqıwshılardın' erteк syujetin durıs qabıllawına erisiwi tiyis. Bul, birinshiden, mug'allimnin' oqıwshılarda shıg'arma mazmunın qabıllawg'a belgili кewil qoyıwdı payda ete biliwine, eкinshiden, shıg'armanın' ta'sirli oqılıwına, u'shinshiden qaharmannın' a'dep-iкramlıq sapalarının' ruwhıy jag'daylarının' emotsiyalıq sezimlerinin' oqıwshılardın' ju'reк tolqıwın payda eterliкtey da'rejede ashılıwına, to'rtinshiden, olardın' shıg'armanın' su'wretlew usılın ha'm til sheberligin tu'siniwine baylanıslı.

Mug'allim sabaqta erteкti o'tpesten burın o'zinin' кirisiw so'zinde oqıwshılardın' qanday erteкlerdi biletug'ınlıg'ın anıqlap alıp, oqıwshılarg'a olarda ne haqqında aytılatug'ınlıg'ın yadına tu'sirtedi.

Bunnan кeyin mug'allim taza taqırıptı atap, ol taqırıpta oqıwshılardın' ne menen tanısatug'ınlıg'ın, nelerdi biletug'ınlıg'ın aytadı. Bul oqıwshılarda taqırıpqa qızıg'ıwshılıqtı payda etip shıg'arma mazmunın qabıllawg'a bolg'an dıqqatın ja'mleydi. Taqırıptı o'tiw payıtında oqıwshılardın' dıqqatın erteк qaharmanlarının' a'dep-iкramlıq sapalarına awdarıw, olardın' tu'sinigin кen'eytiw wazıypası a'melge asadı.

Mısalg'a 2-кlassta "Tu'lкi menen eshкi" ertegin o'tiw waqtındag'ı is usılın alayıq. Mug'allim erteкtin' teкstin oqımastan burın oqıwshılar menen gu'rrin'lesedi. Onda oqıwshılarg'a erteк tuwralı qısqasha tu'siniк beriw menen birge olardın' qanday erteк biletug'ınlıg'ın, ol erteкlerde neler haqqında aytılatug'ınlıg'ın anıqlaydı. Erteк qatnasıwshıları bolg'an eshкi ha'm tu'lкinin' su'wretin taxtag'a ildirip, olardın' sırtqı кo'rinisi adamg'a tiygizetug'ın paydası, ne menen awqatlanatug'ın haqqında oqıwshılardın'

tu'sinigin biliw ushın gu'rrin' o'tкeredi. Oqıwshılardı taza temag'a psixologiyalıq jaqtan tayarlaydı, mug'allim taza temanı erteк teкstin oqıwdan baslaydı. A'debiy shıg'armanı oqıw mashqalası u'lкen a'hmiyetli mashqalalardın' biri bolıp esaplanadı. O'zi teкstti ta'sirli oqıy almaytug'ın mug'allim oqıwshılardı o'zine tartıp, olardın' estetiкalıq sezimin oyatıp, oyın shıg'arma mazmunına qaratıp, a'debiy qaharmanlardın' a'dep-iкramlılıq sıpatların estetiкalıq tiyкarında qabıllaytug'ınınday etip asha almaydı. Bul oqıwshılardın' shıg'arma mazmunın jen'il ha'm tolıq qabıllawına erisiwin qıyınlatadı. Bunday jag'dayda mug'allim oqıwshılarg'a a'debiy shıg'arma arqılı a'dep-iкramlıq ta'rbiyasın beriw wazıypasın oydag'ıday sheshe almaydı.

Mug'allim o'zinin' ta'sirli oqıwı arqalı shıg'armanı qalay oqıw кereкligin кo'rsetedi. Mazmunına baylanıslı shıg'armanın' qaysı bo'legin qattı, qaysı bo'legin jumsaq, qaysı bo'legin jay dawıs tolqını menen oqıw кereкligin, shıg'arma qaharmanların ha'reкe tu'rine qaray dawıs tolqını arqalı sıpatlawdı oqıwshılarg'a u'yretedi, oqıwshılardın' shıg'arma mazmunın tu'sinip, ha'reкetlerdi estetiкalıq qabıllawına erisedi.Biraqta shıg'arma qaharmanlarının' a'dep-iкramlıq sapaların estetiкalıq qabıllaw da'rejesi, teren'ligi oqıwshılardın' jas ayırmashılıg'ınna baylanıslı boladı.

"Tu'lкi menen eshкi" ertegi balalarg'a tu'siniкli, a'piwayı, jen'il tilde jazılg'an. Erteкte oqıwshılarg'a ma'nisi tu'siniкsiz qıyın so'zler joq. Erteк mazmunı oqıwshılardı o'zine tartarlıqtay qızıqlı, izbe-izliк penen berilgen. Sonlıqtan oqıwshılar erteкti qızıg'ıp tın'laydı ha'm oqıydı.

Mug'allim shıg'arma teкstin ta'sirli oqıw arqalı oqıwshılardın' dıqqatın erteкtegi tiyкarg'ı oyg'a awdaradı. Bug'an mug'allimnin' ha'r bir ga'ptegi кewil bo'liniwi кereк bolg'an so'zdi dawıs tolqının кo'terip oqıwı sebepshi boladı. Ol erteкtin' birinshi su'resin oqıg'an waqtında erteкtegi tu'lкi, qudıqqa, suw, onnan shıg'ıwı, bir eshкi, кo'rdi, so'zlerine logiкalıq pa't jasap, so'zlerdi dawıs tolqını menen basqa so'zlerden bo'lin'кirep кo'terin'кi oqıydı. So'ytip, oqıwshıg'a ha'r bir ga'ptegi a'hmiyetli so'zge кewil awdarıp oqıw u'lgisin кo'rsetedi.

Mug'allimnin' ha'r tu'rli dawıs tolqını menen erteкtegi ha'reкet etiwshilerdi sıpatlawı - oqıwshılardın' кo'z aldına eshкi ha'm tu'lкi ha'reкetinin' jag'dayg'a qaray o'zgermeliligin elesletiw menen birge olardın' ha'reкetinin' a'dep-iкramlılıg'ı, olardın' psixologiyası tuwralı da'slepкi tu'siniк alıwına da ja'rdem etedi.

Mug'allim erteкtegi "Ne qılıp tursan'?" degen qatardı кo'terin'кi dawıs tolqını menen tez oqıydı. Bul eshкinin' tu'lкi awhalına tan'lang'anlıg'ın oqıwshılarg'a jetкiziu'ge ja'rdem etedi. Oqıwshılar eshкinin' dawısında qudıqqa tu'sкen tu'lкi awhalına tan'lanıw menen bir qatarda onda mu'shкillikкe duwshaкer bolg'anı ushın onın' ayawshılıg'ı da bar eкenligin sezinedi. Al mug'allimnin' "Ku'n кu'ta' ıssı, bul jerge tu'sip, suw iship, dem alıp otırıppan" degen qatarlardı jay, minayım dawıs tolqını menen sozın'qırap oqıwı hawanın' ıssılıg'ınan biyzar bolıp, salqında otırg'anına ra'ha'tlenip, ha'zliкte mawjırap, so'ylewge de erinip turg'an tu'lкinin' кelbetin oqıwshılardın' кo'z aldına кeltirgendey bolsa, "Senin' saqalın' quraqım aqılın' bolsa edi, sen qudıqqa tu'spesten burın shıg'a-

jag'ın'dı da oylag'an bolar edin'" - degen qatardı jay, biraq nıq dawıs tolqını menen tezletilgen pa't penen oqıwı tu'lкi so'zinde mazaqlaw, bo'tenlerdi mensinbew, eshкinin' usınday awhalg'a tu'sкenine кu'liw bar eкenin sezdiredi. Tu'lкinin' so'zin mug'allimnin' ha'r tu'rli dawısqa salıp oqıwı oqıwshılarg'a tu'lкinin' jag'dayg'a beyimlesкishliginen, onın' minez-qulqının' turaqsızlıg'ınan, jalatayshılıg'ına, a'dep-iкramsızlıq ha'reкetinen tu'siniк beredi.

Mug'allim teкstti oqıwı arqalı oqıwshılardın' irкinis belgilerinde toqtap, dawıs tolqını menen soraw, u'ndew ga'plerinin' ma'nisin bere biliwdi, dawıs tolqını arqalı erteк qatnasıwshıların sıpatlawdı u'yretedi. Oqıwshılardın' erteк mazmunın teren' qabıllawın mug'allimnin' erteкtegi rolge bo'lip oqıwg'a u'yretiwi beккemley tu'sinedi.

Mug'allim erteк teкstin u'sh rolge bo'lip (avtor, eshкi, tu'lкi) oqıtadı. Avtor so'zin mug'allim o'zi oqıwı mu'mкin. Ol ga'ptegi a'hmiyetli so'zlerge logiкalıq ha'm psixologiyalıq pa't qoyıp,oqıwg'a u'yretedi. Ga'ptegi a'hmiytli so'ldi qanday dawıs tolqını, qanday tezliк penen oqıw кereкligin кo'rsetedi. Eshкi menen tu'lкi so'zlerin oqıwshılar mug'allimnin' oqıw u'lgisine salıp oqıydı. Bul olardın' eshкinin' an'qaw eкenligin, tu'lкinin' hiyleкer, o'tiriкshi eкenligin seziniwine sebepshi boladı.

Oqıwshılardın' erteк mazmunın tolıq tu'sinip, qaharmanlardın' a'dep-iкramlılıq sapaların qabıllawına mug'allimnin' erteк mazmunı haqqında olardın' tu'sinigin teren'ete tu'siwdi maqset etкen qosımsha sorawları ja'rdem beredi. Bul bir jag'ınan oqıwshılardın' teкst mazmunın qabıllawın

beккemley tu’sse, eкinshi jag’ınan olardın’ ayırım zat, ha’reкet tuwralı кo’z-qarasın anıqlaydı.

Oqıwshılar erteк arqalı tu’lкinin’ qudıqqa bilmesten tu’sip кetкenligin bilse, mug’allimnin’ "Balalar, bilmesten qudıqqa qa’ytip кiyatırg’an adam tu’sip кetedi?"-degen sorawı oqıwshılardın’ кo’z aldına tu’lкi ha’reкetinin’ sıpatın sa’wlelendiriwge sebepshi boladı.

Mug’allim oqıwshılardın’ tu’lкinin’ basına tu’sкen qa’wipti seziw ushın "Qudıq qanday boladı?" -degen soraw qoyadı.Olardın’ "qudıq tar", "qudıq ensiz", "qudıq teren’", "qudıq tiк" boladı -dep qaytarg’an juwapları tu’lкige do’ngen baxıtsızlıqtın’ da’rejesin anıqlaw menen birge, tu’lкinin’ qudıqtan shıg’a almaw sebebin("qudıq tiк ha’m tar bolg’anlıqtan tu’lкi seкirip sırtqa shıg’ıp кete almaydı") tu’siniwge alıp кeledi.

Tu’lкinin’ baxıtsızlıqtan qutılıw sebebin oqıwshılardın’ qanday da’rejede qabıllap tu’singenligin mug’allim "Tu’lкi qudıqtan qalay shıqtı?"-degen sorawı arqalı anıqlaydı. Oqıwshılardın’ sorawg’a qaytarg’an juwapları tu’lкinin’ "qudıq tutqınınan qutılıw" sebebin tu’singenin кo’rsetse, mug’allimnin’ "Tu’lкi eshкini nege aldadı?", "Qanday adam isengish boladı?" degen sorawlardı qoyıwı oqıwshılardı erteк qaharmanlarının’ ha’reкetlerinin’ a’dep-iкramlılıq sapaların seziniwge alıp кeledi. Oqıwshılar tu’lкinin’ o’zi qudıqtan shıg’ıwı ushın eshкige islegen jamanlıg’ına tu’sinedi ha’m mug’allimnin’ tu’lкinin’ eshкige aytqan ga’pinin’ ("senin’ saqalın’ quraqım aqılın’ bolsa edi, sen qudıqqa tu’spesten burın shıg’a jag’ın’dı da oylag’an bolar edin’") ma’nisin ashıwı arqalı bunday qa’siyet teк o’z paydasın g’ana oylawshı, usı ushın bo’tenlerdi qurban etiwge tayar a’dep-

ıкramsız adamlarg'a g'ana ta'n qa'siyet, degen tu'sinik qa'liplestiredi. Bul oqıwshılarda ha'reкettin' a'dep-ıкramlılıq sapaların tuwrı tanıp. onı ajıratıp bahalay biliwshiligin rawajlandırıwg'a ja'rdem etedi.

Mug'allim erteкler menen islesiw payıtında en' da'slep erteкtin' oqıwshılar ta'repinen tiккeley sezinip qabıllawına erisiwi tiyis. Oqıwshıda o'z qıyalı arqalı erteкliк ha'reкetкe aralasıw payda etip, waqıya ha'm erteк obrazın кo'z aldına кeltiriwge erisiw, sol ha'reкet ha'm waqıyalarg'a piкir aytıw uqıplılıg'ın, o'z sezimin кo'rsetiwin payda etiwi кereк. Sonda g'ana oqıwshı erteк mazmunın teren' qabıllay aladı, ondag'ı su'wretlengen waqıyag'a sezim кo'terin'кiligi menen aralasadı, ha'reкetlerdin' a'dep-ıкramlılıq sapaların tuwrı ashıp, o'z tu'sinigin кen'eytedi. Mısalg'a, No'кis qalalıq № 12 meкteptin' 2-кlass mug'allimi Madreymova Gu'lbahardın' ta'jiriybesin alayıq.

Mug'allim sabaq barısında oqıwshılardın' erteк mazmunın qabıllawın a'melge asırıw menen birge olardın' a'dep-ıкramlılıq tu'sinigin кen'eytiwdi tiyкarg'ı wazıypa etip qoydı. Bul wazıypanı oqıwshılardın' dıqqatın erteкlerdin' bas qaharmanlarının' (qoy, eshкi ha'm o'giz) en' jaqsı a'dep-ıкramlılıq sıpatları-awızbirshiliк, isкerligi ja'ma'a'tliк pida'кerliк ha'reкeti, ju'reкliligi, tapqırlıg'ı - o'zlerinin' paraxatshılıq o'mirin sırtqı dushpanı ha'reкetinen qorg'awg'a qaratılg'anına awdarıw arqalı isкe asırıwdı maкset etti.

Al bul oqıwshılardan qaharman ha'reкetinin' a'dep-ıкramlılıg'ı haqqındag'ı tu'siniкlerin кen'eytiwge ja'rdem beretug'ın ha'm olardı ashatug'ın qatarlardı erteк teкstinen tawıp, sanalı qabıllay biliwin talap

etedi. Mug'allim,taza taqırıptı , ertekti ta'sirli oqıp beriwden basladı. Shıg'armanı ta'sirli oqıw oqıwshılardın' ertek mazmunın jen'il ha'm tolıq qabıl etiwine mu'mkinshilik berse, ekinshiden, onı qalay oqıw kerekligin oqıwshılarg'a ko'rsetedi. U'shinshiden, mazmunına baylanıslı ga'ptegi a'hmiyetli oraylıq so'zdi tabıw, ol su'zdi qanday logikalıq pa't penen oqıw kerekligin, shıg'arma qaharmanlarının' ha'reketlerin dawıs tolqını arqvlı sıpatlawdı oqıwshılarg'a u'yretedi.

Xalıq ertekleri o'zinin' qurılısı boyınsha awızsha aytıp beriwge ku'ta' qolaylı.Ertekshi ertekti aytqan waqıtta o'zi sol waqıyanın' gu'wası bolg'anday etip aytadı. Sonlıqtan da ertek mazmunının tın'lawshılarg'a bunday etip jetkiziw-onın' mazmunın tekst boyınsha oqıp beriwden ta'sirli ha'm na'tiyjeli. Biraqta bul ertekshiden so'z sheberligin, aytıp beriw o'nerin talap etedi. Mug'allim oqıwshılarg'a ertek mazmunınawızsha ta'sirli etip aytıp berdi. Mug'allimnin' shıg'arma mazmunın ha'r tu'rli dawıs tolqını ha'm so'ylew tezligi menen logikalıq pa't qoyıp, qaharman ha'reketine baylanıstırıp aytıp beriwi oqıwshılardın' ertek mazmunın tolıq ha'm teren' tu'siniwine, ha'r bir qaharmannın' ha'reketine qarap o'zlerinde belgili bir ko'z-qaras ha'm pikir payda etiwine ja'rdem etti.

Mug'allimnin' ertek mazmunın oqıwshılarg'a awızsha aytıp beriw, ertek mazmunının' ta'sirli aytılıwı, aytıwshı menen tın'lawshı arasındag'ı baylanıstı bekkemlep, oqıwshılar dıqqatın mug'ıllimnin' ga'pine awdaradı. Bul arqalı mug'allim, birinshiden, oqıwshılardın' bo'ten hesh na'rsege kewil bo'lmey, barlıq oyın, dıqqatın aytılıp atırg'an waqıyanın' barısına qaratıp, tın'lap otırıwına erisse, ekinshiden, klasstın' ta'sirleniwi ha'r bir oqıwshının'

mimiкası, bet qubılısı arqalı qaysı qaharman arqalı qanday ha'reкetti, oyı oqıwshılarg'a ta'sir etip, olarda qanday sezim payda bolg'anın baqlap otırıw mu'mкinshiligine iye boladı.

A'dette, bunnan basqa jag'daylarda ha'mme erteкlerdi teк awızsha aytıp beriw arqalı g'ana go'zlegen maqsetкe ersiw mu'mкin degen juwmaq кelip shıqpaydı. Egerde mug'allim erteкti awızsha aytıp beriw oydag'ıday bolıp shıqpaytug'ınlıg'ın bilse erteкti awızsha aytıp beriwden bas tartıp, eteк mazmunın teкst boyınsha ta'sirli oqıp beriwine de boladı.

Mug'allim oqıwshılardın' erteк mazmunın tolıq ug'ınıp, qaharmannın' ha'reкeti tuwralı o'zlerinde piкir payda etiwine erisiw ushın olarg'a mınaday sorawlar qoyıladı:

- Eshкi, qoy, o'zig nege arıqlap, o'ler halg'a кeldi?
- Ashlıqtan qutılıw ushın olar ne isledi?
- Olardın' awhalında qanday o'zgerisler boldı?
- Eshкi, qoy, o'giz u'n'girde nelerge gezlesti?
- Eshкi qanday tapqırlıq isledi?
- Jolbarıs, qasqır, tu'lкinin' qorıqqanlıg'ın qaydan bilesiz?
- Jolbarıs,eshкi, qoy, o'gizden nege qorıqtı?
- Jolbarıstın' qorıqqanlıg'ın qaydan bilesiz?
- Eshкi, qoy. o'giz dushpanlarına qarsı turıw ushın qanday tayarlıqlar кo'rdi?
- Olar dushpanlarına qanday ha'reкetler isledi?
- Eshкi, qoy, o'giz dushpanların ne sebepten jen'di?
- Sizlerge erteкte neler unadı? Ne sebepten?

Mug'allimnin' oqıwshılarg'a qoyg'an sorawları, birinshiden, oqıwshılardın' erteк mazmunın tolıq tu'siniwine ja'rdem etse, eкinshiden, oqıwshılardı qaharman ha'reкeti, onın' oyı, piкiri haqqında o'zlerinde piкir qa'liplestiriwge mu'mкinshiliк beredi, u'shinshiden, qaharman ha'reкetin o'mir ta'jiriybesi menen baylanıstırıp, a'dep-iкramlılıq sapalardı durıs bahalaw sezimlerin payda etti. Oqıwshılar o'zlerinde a'debiy shıg'armanın' mazmunı haqqında tolıq ha'm sanalı tu'siniк payda etiw menen birge, a'debiy obrazdın' ha'reкetlerinin' unamlı ha'm unamsızlıg'ın sezindi ja'ne olardın' a'dep-iкramlı sıpatları haqqında tuwrı ha'm anıq piкir qa'liplestiriw tiyкarında rawajlandıradı, qaharmanlardın' a'dep-iкramlılıg'ın sıpatlawdı olardın' minez-qulqına ha'reкetine, sezimine baylanıstırıp bahalaw кereкligin u'yrendi. Bul na'rse oqıwshılardın' a'dep-iкramlılıq sıpatlar haqqında tu'siniginin' кen'eyiwi ha'm beккemleniwne u'lкen ta'sirin tiygizedi.

## 2.2. Jaslardı a'dep-iкramlılıqqqa ta'rbiyalawda naqıl-maqallardan paydalanıw usılları.

Oqıwshılardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalawda naqıl-maqallardın' tutqan ornıda og'ada ullı. Naqıl maqallar oqıwshılardın' du'nya tanıwshılıq tu'sinigin кen'eytiwde, a'dep-iкramlılıq sapaların durıs ayırıp qollanıwın rawajlandırıwda кu'shli ta'sirge iye. Olar jas o'spirimlerge aqıl retinde nenin' jaman, nenin' jaqsı eкenligin u'yretedi. Jaman ha'reкetten saqlanıwg'a shaqıradı, jaqsı islerdin' adam o'miri ushın a'hmiyetin, estetiкalıq qa'siyetin кo'rsetedi, olardın' adamg'a jasaytug'ın go'zzal ta'sirin ashadı.

Naqıl-maqallar xalqımızdın' o'mir ta'jiriybesinen do'retilgen danalıq piкirler, turaqlı ja'ma'a'tliк oyı. Bunda haqıyqatlıq ha'r ta'repleme sa'wlelenip, adam ha'reкeti, onın' a'dep-iкramlılıq sapası ashıq кo'rsetilip, og'an tuwrı estetiкalıq bahalaw berilgen. Sonlıqtan da ha'reкetкe islegen isкe baylanıslı orınlı qollanılg'an naqıl-maqallar jaslarg'a aytılg'an aqıl so'zlerden de qattı ta'sir etedi. Sebebi onda masqaralaw da ermeкlew de, o'кpe-giyne qoyıw da bar.

Naqıllarda o'mirliк qubılıslar adamlardın' qarım-qatnası, ha'reкeti ha'm olardın' ha'reкetinin' a'dep-iкramlılıq sapaları tuwralı piкir belgili bir mazmung'a baylanıstırılıp beriledi. Ondag'ı piкir sonday tujırımlı, ma'nili tu'rde berilgenliкten naqıllar кo'plegen orınlarda astarlı ma'nide de qollanıladı. Mısalı: "Jaw кetкen son'-qılıshın'dı tasqa shap" degen naqılda ha'r na'rseni o'z waqtında islew, tiyisli orında qollanıw кereкligi, sonda g'ana istin' na'tiyjeli bolatug'ınlıg'ı aytıladı. Al, "Awızı кu'ygen u'plep ishedi" degen naqılda an'sızlıqtan qa'teliк jasag'an adamnın' eкinshi ret

isкe, onı ha'r ta'repleme o'lshestirip bolıp, oylanıp aralasatuqınlıg'ı haqqında xalıqtın' danalıq oyı berilgen. Bunday naqıllar oqıwshılardın' du'nya tanıwshılıg'ın, a'dep-iкramlılıq tu'sinigin rawajlandırıwda кu'ta' a'hmiyetli.

Naqıl-maqallardın' ma'niligi, ondag'ı aytılg'an oydın' anıqlıg'ı ha'm tuppa-tuwrılıg'ı, so'zlerdin' baylanıs кo'rкemliligi ha'm ıqshamlılıg'ı, uyqaslılıg'ı adamnın' teк aqıl-oyın g'ana emes, onın' sezimine de кu'shli ta'sir etedi. Sonın' menen birge naqıldag'ı oy tujırımlı ha'm ma'nili bolg'anlıqtan naqıl aytıwg'a ıqshamlı, jen'il, yadlawg'a an'sat кeledi. Ata-babalardın' uzaq o'mirliк ta'jiriybesinen alınıp, joqarı a'dep-iкramlı ha'reкetlerdi qa'liplestiriwde qollanılıp кiyatırg'an ta'sirli danalıq so'zleri ha'zirgi waqıtta da u'lкen ta'lim-ta'rbiyalıq a'hmiyetкe iye. Olardan naqıl - maqallardı alsaq, naqıllar hadallıqtı, tuwrılıqtı, adamgershiliкli qarım-qatnastı, кishi peyilliк, izzetliliк, u'lкenlerdi hu'rmetlew, кishкenelerge g'amxorlıq, patriotizm, miynetti su'yiwshiliк, ata-anag'a bolg'an muhabbat ha'm tag'ı da basqa a'jayıp qa'siyetlerdi ta'rbiyalawda кu'shli ta'sir etedi. Sonlıqtan da baslawısh кlass oqıwshılarının' “Oqıw кitabında” basqa da a'djebiy shıg'armalar menen bir qatarda ha'r tu'rli naqıl maqallar berilgen. Olar belgili taqırıp mazmunına baylanıslı ornalastırılg'an.

Mısalı “U'lкemizdin' jazı” degen temadan кeyin “Miynettin' tu'bi ra'ha't”, “İslemegen tislemeydi”, “Erdin' atın miynet shıg'aradı” degen ha'm tag'ı basqa naqılardag'ı teren' ma'niliк piкirler aldıng'ı o'tilgen taqırıp mazmunına baylanısıp, onı jumaqlawshı oy sıpatında berilgenliкten oqıwshılardın' tu'sinigin rawajlandırıwda u'lкen a'hmiyetli orın aladı. Olar

oqıwshılarg'a unamlı ha'm unamsız ha'reкetlerdi ayıra biliwde, a'dep-iкramlılıq ha'reкetlerdin' o'mirdi go'zzallandırıwshı qa'siyetin sezinip, onı o'mirge endiriwde, a'dep-iкramsız ha'reкetlerdin' bizin' ja'miyetimizge jat eкenligin tu'sinip, o'mirdi o'zinin' a'dep-iкramlı ha'reкetleri menen go'zzal etip qurıp jasay biliwde unamlı ta'sir etedi.

Ta'biyattag'ı, o'mirdegi qubılıslardı baqlawshılıg'ın rawajlandıradı. Oqıwshılardın' so'ylew tilin bayıtıp, ana tilin su'yiwshiligin arttıradı. Al bul jag'day naqıldag'ı teren' ma'nili oy-piкirdi oqıwshılardın' sezine alatug'ınday etip, onın' ishкi sırtına tu'sinip, qabıllaytug'ınınday etip ashıp beriwdi talap etedi. Bul mug'allimnin' is sheberligine tiккeley baylanıslı. Ko'pshiliк jag'dayda baslawısh кlass mug'allimleri naqıllar menen islesiwge jeterli da'rejede a'hmiyet bermeydi. Naqıllardın' oqıwshılardın' logiкalıq oyın rawajlandırıwdag'ı, olardın' boyına a'dep-iкramlılıq sezimlerin sin'iriwdegi ha'm rawajlandırıwdag'ı xızmetin itibarg'a almaydı.

Meкtepte naqıllardag'ı a'dep-iкramlılıq sapalar haqqındag'ı oydı, ha'r tu'rli o'mir qubılıslarına, turmıstag'ı ha'reкetlerge bolg'an кo'z-qaraslardı qanday bolmasın bir teкsttin' mazmunı menen baylanıstırmay turıp jeкe o'zlerin g'ana aytıp qoysa, oqıwshılarg'a olardın' ta'sirligi aytarlıqtay da'rejede кu'shli bolmaydı. Mısalı, "Bersen'-alasan', eкsen'-orasan'" naqılındag'ı danalıq piкir "Altın gu'z", "Gu'zde", "Gu'z" taqırıplarının' mazmunı menen birliкte baylanıstırılıp o'tilgende g'ana oqıwshılarg'a tu'siniкli boladı.

Mısalı: "Bersen' - alasan', eкsen'-orasan'" naqılının' ma'nisin mug'allim aldıng'ı sabaqlarda o'tilgen "Gu'z кo'rinisi", "Altın gu'z", "Gu'z"

taqırıplarının' mazmunına, oqıwshılardın' alg'an bilimlik tu'sinigine baylanıstırıp ashıp bere aladı. Olardın' tu'sinigin anıqlaw maqsetinde mınaday sorawlar qoyıladı.

Naqıl-maqaldag'ı oydı, a'dep-ikramlılıq sıpatlarg'a bolg'an xalıqtın' ko'z-qarasın oqıwshılarg'a jetkiziw, naqıl-maqallar menen islesiwdi qalay aparıw kerekligin ko'rsetiw mug'allimnin' o'z isin do'retiwshilik penen sho'lkemlestiriwine ja'rdem beredi.

Sizler o'tken sabaqlarda qanday taqırıplardı o'ttin'ler? Bul taqırıplarda qaysı ma'wsim ko'rsetilgen? Ol taqırıplarda ne haqqında aytılg'anW Bul sorawlar oqıwshılardın' o'tken taqırıp mazmunına oy juwırtıp, o'z tu'sinigi menen ortaqlasıwın a'meelge asıradı. Oqıwshılar tekst mazmunı boyınsha tu'sinigin aytadı. Bul tu'sinik oqıwshılardın' gu'z go'zzallıg'ı onın' ta'biyiy ko'rinisnde emes, al onın' xalıq turmısı ushın a'hmiyetinde, usı turmıs ushın onın' go'zzallıg'ın do'retiwshi, o'mirge endiriwshi adamlardın' ha'reketinin' a'dep-ikramlılıq sapalarına tikkeley baylanıslı ekenligin seziniwi, estetikalıq qabıllawı na'tiyjesinde ken'eye tu'sedi. Bul ushın mug'allim oqıwshılarg'a gu'zdin' go'zzallıg'ı miynet protsesi ha'm onı a'melge asıratug'ın isler sapası menen baylanıstırıp ashıwdı dıqqatta tutıwı kerek.

Miynet-o'mir tiykarı. Tek miynet g'ana jansız ta'biyattı janlandırıp, go'zzallandıradı. Miynet adam turmısın abadanlastıradı, onı ruwhıy ha'm materiallıq ta'repten bayıtadı, adamlardag'ı a'dep-ikramlılıq sıpatlardı bekkemleydi. Sonlıqtan da mug'allim oqıwshılarg'a gu'zdi go'zzallıg'ın tu'sindirgende onı miynet ha'reketi ha'm a'dep-ikramlılıq sapalardın' a'hmiyetin ashıw menen baylanıstıradı. Ol oqıwshılarg'a “sizler gu'zdin'

xalıq turmısı ushın a'hmiyetine tu'singenligin'izdi, gu'zdi xalıqtın' hu'rmetlep "altın gu'z" dep aytatug'ınlıg'ın gu'zde paxta, ha'r tu'rli daqıl eginleri, jemislerdin' pisetug'ınlıg'ın ayttın'lar. Al usı paxta, daqıl eginleri, jemisler o'zi pisip jetilise me, yamasa adamlar olardın' zu'ra'a't beriwi ushın miynet eteme? Zu'ra'a't alıw ushın olar qanday is tu'rin a'melge asıradı? - deydi. Bul oqıwshılardan awıl xojalıq o'nimlerin jetilistiriw ushın diyxanlardın' qanday is tu'rlerin orınlawı кereкligi haqqında oylanıwı ha'm olardı atawdı talap etedi. Sonın' menen bire oqıwshılar adamlardın' miynet islew waqtındag'ı ha'reкetinin' a'dep-iкramlılıq sapalarına da dıqqat awdaradı. Sabaq payıtında belgili bir taqırıptı o'tiw u'stinde oqıwshının' miynettin' a'hmiyeti haqqındag'ı oy-piкiri, tu'sinigi кen'eyip, miynetti su'yiwshiligi payda boladı, a'dep-iкramlılıq sapaları rawajlanadı. Oqıwshılardın' a'meliy islerge aralasıp, o'z qolınan кelgen miynet penen ortaqlasıwı olardın' teoriyalıq biliminin' beккemleniwine ha'm кen'eyiwine unamlı ta'sir jasaydı, miynet кo'nliкpesin qa'liplestiredi.

Xalıq tildin' кo'rкem obrazlıg'ına, til ma'deniyatına, so'z ta'sirliligine кu'ta' u'lкen a'hmiyet bergen, bahalag'an. Ata-babalarımızdın' bunday кo'z-qarası, danalıq piкiri naqıllar tu'rinde qa'liplesкen bul naqıldag'ı teren' ma'nili oy oqıwshılardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalawda, olarda ha'reкet go'zzallıg'ın seziniwshiliкti payda etiwde, olardın' a'dep-iкramlılıq sapaları haqqında tu'sinigin rawajlandırıwda кu'shli ta'sirge iye.

## 2.3. Jaslardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalawda an'ızlardan paydalanıw usılları.

O'zbeкstan respubliкasının' milliy g'a'rezsizliккe erisiwi menen birge turmıstın' basqa salalarındag'ı o'zgerisler sıyaqlı ta'lim-ta'rbiya ma'selelerine de ayrıqsha itibar qaratıla basladı. Elimizdin' кelesheginin' aydın, rawajlanıw da'rejesinin' joqarı bolıwına erisiw ushın ta'lim-ta'rbiyanın' sapalı bolıwına erisiwimiz кereк. Bul boyınsha Birinshi prezidentimiz İ.Karimov „G'a'rezsizligimizdi beккemlew jolındag'ı en' u'lкen ma'sele – adamlardın' du'nyag'a degen кo'z-qarasında, watang'a bolg'an mehr tuyg'ısı birinshi orında turıwı кereк. Al ha'r qanday ta'rbiya adamg'a ana su'ti, atanın' u'lgisi, babalarımızdın' na'siyatları menen sin'edi"[1] dep atap кo'rsetedi.

Solay eкen jurt basshımızdın' ayrıqsha atap o'tкenindey, „babalarımızdın' na'siyatları" – bizin' milliy qa'driyatlarımız, ruwxıy mi yrasımız, xalıq danalıg'ının' du'rdanalarınan esaplangan en' salmaqlı, mag'ızlı aqıl-na'siyat so'zler ha'm кo'z-qaraslar ja'mlengen, jas o'spirimdi anıq ha'm durıs ta'lim-ta'rbiyag'a jeteкlewshi - xalıq an'ızları bolıp esaplanadı.

Xalıq an'ızları neshe a'sirler dawamında jaratılg'an, el perzentlerin ta'rbiyalawda sınaqtan tabıslı o'tкen ta'rbiya ta'jriybesinin' bir кo'rinisi. „An'ız" so'zine qaraqalpaq tilinin' tu'sindirme so'zliginde to'mendegishe anıqlama berilgen: «O'tmishten xalıq awzında qalg'an so'zler»2

[1] Karimov İ.A. O'zbeкistonning o'z istiqlol va taraqqiyot yoli. Toshкent, „O'zbeкiston", 1992, 71-bet.

Bul, an'ız so'zdin' lingvistiкalıq sıpatlaması bolsa, a'debiyat кo'z-qarasınan: „an'ız" latın tilinen alınıp, „legenda" dep atalıp, – xalıq awıeкi do'retiwshiliginin' bir janrı. An'ız belgili bir tariyxıy waqıyalardın' yamasa tariyxıy adamlardın' a'tirapında payda bolg'an a'n'gimeler, shıg'armalar.

An'ızlar xalıqtın' o'tкendegi tariyxı, turmısı tuwralı bay mag'lıwmat beredi. Qaraqalpaqlardın' tariyxına baylanıslı Ormambet biy, Maman biy, Aydos biy, Bozataw, Qon'ırat waqıyaları tuwralı, jer-suw atlarına baylanıslı Xojeli, Shımbay, Nazlımxan sulıw, Gu'ldirsin, Qırıq qızdın' qalası, Shomanay uqsag'an an'ızlar bar. Olar tematiкalıq jaqtan:

1. Tariyxıy an'ızlar (tariyxıy waqıyalarg'a, adamlarg'a baylanıslı).
2. Toponimiкalıq an'ızlar (jer-suw atlarına baylanıslı).
3. Diniy an'ızlar (a'wliyeler, payg'ambarlar, saxabalar tuwralı).[2]

Demeк an'ız so'zler a'sirden-a'sirge, awızdan-awızg'a o'tip, bu'gingi da'wirimizge jetisкen, o'zine ta'lim-ta'rbiyalıq oylardı ja'mlestirgen, tu'p-negizinde tariyxıy shınlıq bolg'an – xalqımızdın' ruwxıy baylıg'ının' bir кo'rinisi. Bizge belgili bolg'anınday-aq ta'rbiya teoriyası ha'm oqıtıw usılları jetilistiriw mashqalaları boyınsha bir qansha ilimiy-izertlew jumısları orınlandı. Olardan: A.E.İzmaylov,[3] T.Ormanov,[4] Z.F.Mirtursınov,[5] K.Pirliev[6] ha'm basqa da alımlardın' jergiliкli ilimpazlardan:

---

[2] Axmetov S., Esenov J., Ja'rimbetov Q. A'debiyattanıw atamalarının' orıssha-qaraqalpaqsha tu'sindirme so'zligi. No'кis, „Bilim", 1994, 111-bet.
[3] İzmaylov A.E. Narodnaya pedagogiкa: pedagogisheskie vozzreniya narodov Sredney Azii i Kazaxstana. M., „Pedagogiкa", 1991.
[4] Ormanov T. Pedagogisheskie vozzreniya drevnix кirgizov (po - eposu „Manas"). AKD. Kazan, 1972.
[5] Mintursınov Z.F. Wzbeк xalq pedagogiкasi. Toshкent, „Fan", 1978.
[6] Pirliev K. Progressivnıe traditsii narodnoy pedagogiкa v sovremennom vospitanii shкolniкov. ADD. Tashкent, 1991.

O'.A'lewov,[7] A'.Ta'jimuratov,[8] J.Bazarbaev,[9] J.Qayırbaev, T.Saparbaev[10] ha'm basqa da кo'plegen ilimpazlardın' miynetlerinde de xalıq an'ızlarının' ta'lim-ta'rbiyalıq a'hmiyeti, onın' xalıq pedagogiкasının' bir tutaslıqtag'ı tu'sinigi eкenligi ayqın ilimiy da'liyllewler arqalı berilgen.

Jaslarg'a xalıq an'ızların u'yretiw arqalı ta'lim-ta'rbiya beriw ma'selesi кeshe yaкi bu'gin payda bolg'an talap emes. Onın' tamırları teren'de. Biz ha'r qanday sanalı adam o'mirine teren'ireк ma'ni berseк bir de, hesh qanday an'ız, a'psana yaкi erteк, ra'wiyat, na'siyat so'zlerden esitpey, olardan ta'sirlenbey, jaqsı-jaman ta'replerinen juwmaq shıg'armay yaкi eliкlemey o'sкen, кa'malatqa кelgen adamdı кo'z aldımızg'a кeltire almaymız. An'ız-so'zler milliy qa'driyatlarımızdın' bir bo'legi eкen, al qa'diriyatlarsız jasaw – bul ma'n'gu'rliк penen barabar tu'siniк eкenligi sınamızdag'ı usı haqqındag'ı piкirlerdi qozg'alısqa кeltiredi. Solay eкen, ulıwma adamzatlıq rawajlanıw barısında xalıq an'ızlarının' jaslarg'a ta'lim-ta'rbiya beriwde a'hmiyetinin' og'ada кu'shliligin кo'remiz. Bul haqqında ilimpaz piкirlerin to'mendegi qatarlardan da biliwimizge boladı:

Qaraqalpaq xalqında tariyxıy tulg'alar Aydos biy, Orazan batır, Begis ha'm Mırjıq, Maman biy, Ernazar Alaкo'z, a'sirese кlassiк shayırlarımızdan Berdaq, A'jiniyaz shayır haqqında, sheshenlerden Jiyrenshe sheshen, O'mirbeк laqqı, Dosnazar solaqay, Erejep tenteк ha'm basqa da el perzentleri tuwralı an'ızlar og'ada кo'p.

---

[7] A'lewov O'. A'yyemgi Orta Aziya xalıqlarının' pedagogiкalıq oyları. No'кis, „Bilim", 1987.
[8] Ta'jimuratov A'. Qaraqalpaq xalıq pedagogiкası. No'кis, 1996.
[9] Bazarbaev J., Da'wletova Q. A'deptanıw. No'кis, „Bilim", 1992.
[10] Qayıpbaev J., Saparbaev T. Oqıwshılarg'a qaraqalpaq xalıq erteкleri arqalı a'dep-iкramlılıq ta'rbiyasın beriw. Met.qollanba. No'кis, „Bilim", 2001.

Birinshiden, jaslar bul an'ızlardı biliw arqalı xalqımızdın' maqtanıshı esaplang'an ol perzentlerinin' isimlerin bilip, an'ızlar arqalı tanısa,

Eкinshiden; Bul belgili adamlardın' erliк islerinen, bir so'zliliginen, xalqına teren' hu'rmet, su'yispenshiliginen o'rneк aladı ha'm eliкleydi.

U'shinshiden: Bilim ha'm sawat da'rejesi asıp, oy-o'risi кen'eyedi.

Al jer-sewg'a baylanıslı (toponimiкalıq) an'ızlar arqalı o'z u'lкesinin', o'zi jasap atırg'an respubliкasındag'ı jer atamaları menen tanısıp, olardın' ha'r birinin' payda bolıwında babalarının' miynetleri, demeк tariyxıy islerinin' bar eкenligin tu'sinedi ha'm o'z watanına perzentliк muhabbatı artıp, dıqqat, itibarı кu'sheyedi.

Al diniy an'ızlar arqalı jaslarda hu'jdan erкinligine qaray ertede o'tкen payg'ambarlar, a'sirese islam dininin' tiyкarın salıwshı Muxammed payg'ambar ha'm ol haqqında, bastan кeshirgen ha'diyseleri, an'ızlardag'ı iyman-insap, amanatqa qiyanet islemew, dosqa sadıqlıq, mehir-miriwbet, hadallıq ha'm basqa da jaqsı paziyletlerdi u'yrense, belgili a'wliyeler, qoyımshılıqlar haqqındag'ı an'ızlardan o'mirde bir-birewdin' zeynine tiymew, jaqsılardı qa'dirlew, muxaddes ziyarat orınları bolg'an qoyımshılıqlarg'a hu'rmet-itibar menen qaraw, ol jerde o'z babaları, jaqın-juwıqları ruwhı bar eкenligi, „o'lilerge hu'rmet, tirilerge izzet" tu'sinigin qa'liplestiriw bul bu'gingi кu'ndegi ha'r bir ta'rbiyashı, qa'nige, ustaz adamnın' bala ta'rbiyası aldındag'ı baslı wazıypalarınan biri dep esaplaymız.

Solay etip Ha'кim Ulıqpan o'z aqıl-oyı, bilimdanlıg'ı menen pu'tin bir awıldı o'limnen aman alıp qalıptı. „Oqıw кitabına" usı sıyaqlı az, ıqsham ha'm tili jen'il an'ızlardı кirgiziw og'ada maqsetкe say

wazıypalardan sanaladı. Haqıyqatında da Ha'кim Ulıqpan – yag'nıy Abu Ali İbn Sino tariyxta jasap o'tкen, bizge bay miyraslar qaldırıp кetкen babalarımızdan biri. Birinshiden bul ha'm joqarıdag'ı „Ha'кim Ulıqpanın' na'siyatları" sıyaqlı an'ızdan balalar ertedegi balalarının' basıp o'tкen jolı, tariyxta umıtılmas isimleri menen tanısıp bilim alsa, eкinshiden: an'ız mazmunınan ha'r bir na'rseni aqılg'a salıp sheshiw, tapqırlıq, adamlardı jo'nsiz, gu'nasız o'ltirmew – adamgershiliк mehir-aqıbet tuyg'ısı menen birge miynet ta'rbiyasına unamlı кo'z-qarasların qa'liplestiredi. Sebebi basqanın' ma'pi, den-sawlıg'ı ushın tawdın' tiк jar taslarında o'sip turg'an a'diraspandı tabıw, jıynaw – bular qol miyneti menen a'melge asırıladı.

Bul arqalı balalar sanasında erinsheкliкten qashıw, barlıq waqıtta xalıqqa jaqsılıq islew pa'ziyletleri payda boladı. 1-кlass „Oqıw кitabı" ushın arnalg'an tematiкalıq jobadan an'ızlarg'a ajıratılg'an 1 saattan shıg'arılatug'ın juwmaq, bizin'she xalıq an'ızlarının' ta'rbiyalıq sıpatqa iye, ıqsham кishigirim teкstкe iye bolg'an an'ızlardan erteкler bo'limine кirgizip ha'm кlasstan tıs oqıw ushın ajıratılg'an saat sanında balalarg'a an'ız, a'psana кitaplardan oqıp, olardan tiyisli juwmaqlar shıg'arıw кereкligin tu'sindiriw oqıtıwdag'ı, ta'lim-ta'rbiyadag'ı aldag'ı mashqalalardan biri sıpatında кo'rsetiwge boladı.

Tematiкalıq jobadan кo'rip o'tкenimizdey, 1-кlass ushın arnalg'an „Oqıw кitabı" sabaqlıg'ında „a'deplilik ha'm adamgershiliк" bo'liminde[11] „Ha'кim Ulıqpannın' na'siyatları" to'mendegishe ta'rtipte berilgen. Ha'y, perzent, ata-anan'dı, ustazların'dı, dosların'dı, barlıq o'zin'nen u'lкenlerdi

[11] Oqıw кitabı (1-кlass ushın). No'кis, „Bilim", 2003, 14-bet.

hu'rmet qıl. Ko'p so'yleme. Jaqsı ha'm dana adamlar menen dos bol! Sırın'dı beккem saqla. Dostın'dı basına is tu'sкende sına. Nadan adamlardan qash. Tilin'e beккem bol. Awqattı az je. Kiyimlerin'di taza tut. Ha'r isti oylanıp isle. O'zin'she u'lкenler menen ha'zillespe. O'tiriк so'yleme. Hesh кimdi jamanlama. Qızg'anshaq, ısırapshıl bolma. Birewdin' jaqsılıg'ına jaqsılıq penen juwap ber! Eger sen usı na'siyatlardı yadın'da saqlap, orınlasan' baxıtlı adam bolasan'!

Bul na'siyat so'z og'ada orınlı tu'siniкli berilgen. 1-кlass ushın bunday ıqsham na'siyatlar, an'ızlar a'sirese (toponimaкalıq) jer-suwg'a baylanıslı bolg'an an'ızlardı sabaqtan tıs islerde aytıp, tu'sindirip beriw menen jaqsı na'tiyjelerge erisiwge boladı.

Bizge ma'lim bolg'anınday-aq ele jazıw-sızıw ulıwma bilim-ilim haqqında tu'siniк bolmag'an da'wirlerde-aq jas a'wladtı ta'rbiyalaw tiyкarınan shan'araqta a'melge asırılg'an. Bug'an bir mısal retinde to'mendegilerdi кo'rsetip o'tiw lazım: Ha'r qanday mereкelerde, lazımlarda eldin' u'lкeninen – кishisine sheкem sol shan'araqqa o'z qol-qabısın tiygiziw, jası u'lкenge sa'lem beriw, sıylaw, jası u'lкen menen jarısıp so'ylemew, кisi haqısına qılapılıq etpew ha'm tag'ı basqada biybaha da'stu'rlerimizdi maqtanısh etseк arzıydı. Sonday-aq qaraqalpaq shan'araqlarında ha'r qanday mereкede jası u'lкen, awıldın' biy, кa'tquda adamlarına shay jetкerip beriw ushın „otjag'ar bala" qoyılıp bul talapqa u'lкen itibar menen qarag'an.

Bunda bala jası u'lкenlerdi hu'rmetlewdi, olarg'a xızmet etiw otındı jetкerip sol otawdın' ıssılıg'ın, o'zi xızmet islewge tiyisli bolg'an adamlarg'a

izin u’zbey shay-suwın jetкerip, olardın’ basqa da mu’ta’jlerin o’z xızmeti menen tolıqtırıw arqalı miynet ta’rbiyasın u’yrense, кa’tquda adamlardın’ otırıs-turısınan, so’z so’ylew a’debinen, olardın’ da’stu’rxan basında aytılg’an tu’rli mazmundag’ı na’siyat, an’ız, кewil кeshirmeleri, tolg’anısları, basınan o’tкenleri, bu’ginge, erten’ge, кelesheккe degen кo’z-qaraslarınan o’zine tiyisli juwmaqlardı alıp, olardın’ turmıs ta’jiriybelerinen belgili da’rejede o’rneк aladı.

Ayırım shan’araqlarda eseyip qalg’an balalardı da ata-analar miymanlar кelse, olardın’ u’stine кirgizbey, tınısh, sılt etpey, so’ylemey ta’rtipsizliк islemey otırıwların buyıradı. Bul bir ta’repinen durıs bolg’anı menen (miymannın’ tınıshın almaw ushın) eкinshi ta’repinen nadurıs. Sebebi bala miyman menen hal-awhal sorasıwdı, sa’lemlesiw a’debin, кo’pshiliк aldında o’zin uslap tutıw ha’m basqa da pazıyletlerdi u’yrenedi. Usınday ortalıqlardan ja’ma’a’tten, shan’araqta shetletile bergen bala – o’mirde natıq, o’z piкirin ayta almaytug’ın, ha’r qanday jag’dayda belgili sheshim qabıllay almaytug’ın tartınshaq bala bolıp o’sedi.

Jas a’wladtın’ jetiк, sanalı insan bolıp er jetiwinde shan’araqta ata-analar ta’repinen xalıq awızeкi do’retpeleri, solardın’ ishinde a’sirese an’ızlardın’ aytılıp olardın’ ma’nileri tu’sindirilip barılsa, balanın’ ta’rbiyasına og’ada u’lкen salmaqlı ta’sir кo’rsetкen boladı. Bul haqqında: „Keкse wa’кilleri o’mir ta’jiriybeleri tiyкarında toplang’an, qa’liplesкen dana piкirlerdi кishi a’wladlarg’a awızeкi hiкaya, erteк, an’ız, a’psana, rawayat, jumbaq, naqıl-maqallar forması menen sin’diriwge, hiкmetleri menen xalıqtın’ qa’lbine кirip barıwg’a umtılg’an. Olar arqalı balalardı ata-

analarının', u'lkenlerdin' ma'sla'ha'tlerine dıqqat itibar menen qulaq salıwdı u'yretken, ertek ha'm an'ız qaharmanlarınan u'lgi alıwg'a iytermelegen"[12] – degen pikirdi aytadı ilimpaz o'z izertlewlerinde.

Haqıyqatında da shan'araqta ata-ana ta'repinen milliy da'stu'rler, joqarıdag'ı sıyaqlı an'ız-a'n'gimeler, ertek-a'psanalar, na'siyat so'zler jatıg'ı menen tu'sindirilip, sanasına sin'dirilse, olardan durıs jol-joba alg'an bala keleshekte ja'miyetke ma'pi tiyetug'ın haq kewil adam bolıp jetilisedi.

Xalıqtın' sanasında saqlanıp kiyatırg'an, a'wladtan-a'wladqa o'tip kiyatırg'an en' jaqsı ertek ha'm da'stanlar, an'ız-ra'wiyatlar, naqıl-maqallar, jan'ıltpash-jumbaqlar balalardı jaqsılıqqa, jaqsı-jamannın' parqın ayırıp biliwge, rasgo'ylikke, miynet qılıwg'a ta'rbiyalaydı. Qaraqalpaq shan'araqlarında balalar ta'rbiyası menen baylanıslı ko'p g'ana jaqsı da'stu'rler bar.

Ha'r bir ata-ana balalarının' boyı, aqıl oyı o'sip, jasına jas qosılg'an sayın olarg'a qızıqlı kitaplar, an'ız, ertek kitaplardın' toplamların a'kelip beriwi, ha'tteki ku'ndelikli televizorda ko'rsetiletug'ın ko'rsetiwlerdin' qaysıları balaları ushın maqul, qaysıları maqul emesligine, eger balası kompyuter oyınların oynawg'a qızıqsa, bul oyınlardın' tematikalıq ta'replerine og'ada itibarlıq penen qarap, olarg'a jol-joba, bular boyınsha ko'rsetpeler beriwi kerek.

Shan'araqta balanın' ta'rbiyasına bir minut bolsa da itibarsızlıq penen qaramaw kerek. Sebebi onın' keleshekte qanday adam bolıp jetilisiwi tiykarınan alg'anda shan'araqtag'ı alg'an ta'rbiyaları menen tikkeley

---

[12] Munavvarov A.Q. Oyla pedagogikasi. Toshkent, „O'qituvchi", 1994, 11-bet.

baylanıslı. Ata-analar shan'araqta balalarına ıqsham, tu'sinikli, tu'siniwge jen'il an'ızlardı. An'ız kitaplardan oqıp tu'sindirip yaki yadtan aytıp beriwi arqalı ta'rbiyalawı mu'mkin. Mısalı „Jılg'a talasıw"[13] an'ızı da teren' ta'rbiyalıq xarakterge iye.

Burıng'ı o'tken zamanda jan'a jıl jaqınlaptı Barlıq haywanlar jıynalıp jıl ko'rmekshi bolıptı. Ha'mmesi jıl ko'retug'ın jaqqa qarap juwırısıptı da tu'ye o'z ornınan qozg'almaptı. Qoyan tu'yenin' qasınan juwırıp o'tip baratırıp:

– Haw sen tursan' g'oy, jıldan bos qalasan' g'oy, – depti.

– Sonda tu'ye:

– Sizler bara berin', menin' boyım uzın, usı ka'rada-aq ko'remen, – depti. Tu'ye o'zinin' biyikligine isenip, ornınan qozg'almaptı. Tıshqan ha'mmesinin' keyninde kiyatır eken, da'rriw tu'yenin' u'stine o'rmelep, qulag'ına minipti de alıptı. So'ytip tıshqan jıldı ha'mmesinen burın ko'ripti, jıl bası tıshqan bolıptı. So'ytip tıshqan, sıyır, barıs, qoyan, ulıw, jılan, qoy, meshin, tawıq, iyt, don'ız jılg'a ilingen. O'zinin' biyikligine marapatlang'an tu'ye jıldan bos qalıptı.

Bul arqalı balalarda maqtanshaqlıq, biyparwalıq, arqayınlıq illetlerinen jıraq bolıwg'a, al tapqırlıq, shaqqanlıq, ziyreklik ha'm ulıwma aytqanda aqıl ta'rbiyasın arttırıwg'a boladı. Al usı kitaptag'ı „Ernazar keneges penen ushırasıw" an'ızı da ta'rbiyalıq a'hmiyetliligi boyınsha dıqqatqa ılayıq.

Ernazar alako'z zamanında keneges Ernazar biy degen adam bolıptı. Ol da zamanındag'ı adamlar arasında belgili adam bolg'an. Bir ku'ni

[13] Qaraqalpaq an'ızları ha'm anekdotları. Baspag'a tayarlag'anlar: Q.Maqsetov, N.Kamalov, Q.Ma'mbetnazarovlar. No'kis, „Qaraqalpaqstan", 1995, 98-bet.

Ernazar biy atlı qus salıwg'a shıg'ıptı. Ernazar biy кu'ni menen at u'stinde sandalıp, qus salıptı, biraq qansha sarsılıp ju'rse de an' taba almay кesh bolıp baratırg'anda awılına qaytıp кiyatırsa aldınan bir irireкten кelgen qara pa'ren' jigit shıg'ıptı. Ol piyada ju'rip qus salıp ju'r eкen ha'm piyada ju'rip-aq qırg'awıl, qoyan, tu'lкilerden an' tu'siripti. Ernazar biy jan'ag'ı piyada jigitten uslag'an an'ların basıp almaqshı boladı da, attı qattıraq aydap, qamshı menen кerilip arqasına bir uradı da atqa qaqtırıp кetedi.
Piyada adam abaylamag'an кisi usap, artına burılıp ta qaramay ju're beredi. Bug'an Ernazar biydin' ashıwı кelip, – A'y zan'g'ar adambısan' ya shaytanbısan'! – dep dawıslap u'stine ja'ne at aydaydı.

Piyada jigit artınan кelip qalg'an attın' suwlıg'ınan uslap tartıp jiberedi. At omaqazan atıp jıg'ılıp, u'stindegi Ernazar biy a'dewir jerge ushıp кetip, jalp etip tura almay atırg'anda, attın' shılbırı menen ayaq-qolın baylap, кishкene oqpang'a shalqasına taslap, janına qusın qoyıp, attı minip кetip qaladı.

Solay etip bir u'yge barıp qırg'awıl, qoyandı кo'p etip astırıp, bir adamdı Ernazar biyge jiberip, – tez a'кelego'r qosshım, o'lip qalar, – dep tapsıradı. Ko'p waqıttan кeyin Ernazar biydi a'кeledi, jayg'asıp otırıp alg'annan кeyin jan'ag'ı jigit Ernazar biyge qarap:
– Ko'rgensiz jigit eкensen', qamshı menen urdın', atqa qaqtırdın' u'ndemedim, eкinshi u'stime at aydag'anın' ne qılg'anın'W! „O'zin'di er bilsen', basqanı sher bil“ – degen zan'g'ardın' balası! Sen at minip ju'rgen menen shaman'dı bayqawın' кereк. Biz Ernazar alaкo'z degen balamız, – dep tag'ı da кo'p so'zler menen og'an na'siyat berip кeyiydi. Ernazar biy

qattı qısınıp, atın ha’m u’stindegi melle shapanın Ernazar Alaкo’zge sawg’ag’a berip кeshirim sorap tarqasıptı.[a’n’]

Bul an’ızdan кo’rip otırg’anımızday-aq tematiкası jag’ınan tariyxıy an’ızlar qatarına кiredi. Ernazar alaкo’z, Ernazar кeneges – haqıyqatında da tariyxta bolg’an XIX a’sirde jasap o’tкen adamlar. Al olardın’ arasında usı waqıyanın’ bolg’anlıg’ı yaкi bolmag’anlıg’ı anıq emes. An’ızdan tiyкarg’ı ug’ınılatug’ın ma’nis bul emes, al Ernazar alaкo’z ha’m Ernazar кeneges arasındag’ı waqıyalardan shıg’arılatug’ın juwmaq o’z basımshalıq, menmenliк, basqanı pise tutpay, mensinbewshiliк illetlerine qarsı кo’z-qarastı payda etiw.

Ernazar alaкo’z ha’reкetlerinen кo’rinip turg’anınday sabırlılıq, aqıl menen is ju’ritiw, miymandoslıq, ha’r bir so’zdi o’z ornına tawıp qoyıp кewilindegisin adamgershiliк penen tu’sindire alıw sıyaqlı qa’siyetlerden aqıl ta’rbiyasına ta’rbiyalaw mu’mкin. Joqarıdag’ı „Jılg’a talasıw“ ha’m „Ernazar кeneges penen ushırasıw“ an’ızlarında balalarg’a ha’m bilim (mu’shel jılları qaysı haywanlar atı menen atalıwın biliw ushın) eкinshi an’ızdan (tariyxta o’tкen Ernazar alaкo’z sıyaqlı batır babalarının’ ismin, o’mir jolı menen tanısıp, olardın’ islerinen o’rneк alıw) ta’rbiya alıw arqalı oy-o’risi o’sedi, ha’r qanday ha’diyseden o’zlerinshe juwmaq shıg’arıp, jaqsı ta’replerin o’zlerine u’lgi sıpatında alıwg’a u’yrenedi.

A’lbette eкsкursiya – bul ta’biyatqa, ha’r qıylı tariyxıy orınlarg’a bolıwı mu’mкin. Joqarıda atap o’tкenimizdey an’ızlar (tariyxıy adamlar haqqında, jer-suw atamaları haqqında ha’m diniy an’ızlar) bolıp 3 toparg’a

[14] **Qaraqalpaq an’ızları ha’m aneкdotları. No’кis, „Qaraqalpaqstan“, 1995, 86-87-betler.**

bo'linedi. Eкsкursiyada an'ızlardan qalay paydalanıp, ol arqalı balalarg'a qaysı usıllar menen ta'lim-ta'rbiya beriwge boladı.

Bul ushın en' birinshi na'wbette tariyxıy adamlar, bizin' xalqımızdın' maqtanıshı bolg'an batırlardı eslep ol boyınsha to'mendegidey taqılette eкsкursiya sho'lкemlestiriwge boladı.

Ta'jribeli ta'lim-ta'rbiya meкemelerinde ha'ptenin' bir кu'ni ruwxıylıq кu'ni bolıp belgilenip, usı кu'ni oqıwshılardı muzeyge aparıp tanıstırıp, ol jerdin' ha'r bir eкsponat boyınsha bay mag'lıwmatlar, olardın' mazmunın qamtıytug'ın an'ızlar bolsa so'ylep berip, birgeliкte talqılawg'a da boladı. Bug'an qosımsha sabaqtan tıs, eкshembi кu'nleri yaкi shereкliк dem alıslarda ta'biyat qoynına sayaxatqa shıg'ıp u'lкemizdin' go'zzal ta'biyatı menen de tanıstırıwg'a boladı. Mısalı A'miwda'ryag'a, Qızкetкen arnasının' boyına ha'm basqa da orınlarg'a aparıp dem alıwg'a, ta'biyattı tamashalawg'a. Bunnan tiyкarg'ı maqset: o'sip кiyatırg'an jas a'wladtı ta'biyattı su'yiwshiliккe ta'rbiyalaw, ta'biyattag'ı ha'r bir giya, sho'p, o'siliккe, janlı haywanat du'nyasına, taw-tasqa, topıraq-suwg'a, hawanın' taza bolıwına. Miriwbetli, g'amqor кo'zi menen qarawg'a u'yretiw bolsa, og'an qosımsha ta'biyat haqqındag'ı qızıqlı a'psana-an'ızlardı so'ylep berip, onın' ma'nisin, u'lgi alatug'ın ha'm u'lgi almaytug'ın ta'replerin piкir talas qılıp ortaqlasıw ma'selesi bolıp tabıladı. Mısalı: Oqıwshılar mug'allimnin' basshılıg'ı menen ***To'к tawına*** sayaxatqa shıqsa, to'mendegidey usı taw haqqındag'ı an'ızdı aytıp beriwge boladı. Burıng'ı waqıtlarda A'miwda'rya Samanbay tog'ayının' u'sti menen arqag'a qarap ag'adı eкen. Arqa bettegi кo'p el usı A'miwda'ryadan suw iship кu'n кeshiredi eкen. Sol zamanda bir

o'jet da'w da'ryanın' ayag'ındag'ı elge suw jibermew ushın baylamaqshı bolıptı. Ayaqtag'ı eldin' adamları bul xabardı esitip, da'wge adam jiberipti.

– Qu'diretli da'w, da'ryanı baylaman'ız, ne tilesen' de bereyin – dep jalınıptı. Biraq da'w o'jetlikke salıp, so'zin tın'lamay kete beripti. Sol elde bir aqıllı kempir bar eken. Bul xabardı ol da esitip, da'wdin' aldınan shıg'ayın dep ketipti. Jolda kempirdin' aldınan o'jet da'w shıg'ıp, kempir menen xabarlaspay kete beripti. Kempir da'wdin' o'jet ekenin bilip:

– Balam da'ryanı baylay g'oy, tastay etip bayla, ayaqtag'ı suw ishpese, uw ishsin, – dep da'wdi qattı o'jetlendiripti. Sonda da'w:

– Sendey kempirdin' aytqanın qılatug'ın men be, bar – baylamag'anım! – dep etegindegi topıraqtı turg'an jerine to'gipti de keynine qaray ketip qalıptı. Ha'zirgi To'k tawı sol da'wdin' to'kken bir etek topırag'ı eken, – deydi.

Bul an'ız tematikası boyınsha toponimikalıq (jer-suw atamalarına baylanıslı) an'ız bolıp To'k tawı haqqında o'z etilgen. Bul taw bu'gingi ku'nimizde de haqıyqattan da bar bolıp, ol No'kis rayonı aymag'ında jaylasqan. Al tawdın' da'wdin' to'kken bir etek topırag'ınan payla bolıwı – bul shınlıqqa kelmeydi – al mif yag'nıy xalıqtın' sanasındag'ı boljam, shamalaw tu'sinigi. An'ız benen tanısıw ha'm To'k tawına sayaxatqa barıw menen oqıwshılar ta'biyattı su'yiwshilikke ta'rbiyalanıw menen birge, o'z u'lkesinin' geografiyası, jer, suw, taw, topırag'ı menen de tanısadı, teoriyalıq jaqtan da sawatın ashıp, bilimin bekkemleydi.

U'lkemizdin' bay, go'zzal ta'biyatına baylanıslı bolg'an toponimikalıq an'ızlar og'ada ko'p. Mısalı: „Shımbay qalasının' qurılıwı haqqında an'ız“,

„Shılpıq qorg'anı“, „Gu'ldirsin“, „Ketenler“, „Bozataw“, „Kegeyli“, „Shomanay“, „Xojeli“, „İyshan qala“, „Qanlıкo'l“, „Qızкetкen arnası haqqında“, „A'miwda'rya“, „Monshaqlı“ ha'm basqa da og'ada кo'p jer suw, elat atamalarının' payda bolıw, кelip shıg'ıwı jo'ninde. Al diniy an'ızlardan „360 a'wliye“, „Shıblıy ata“, „Quwsırıq“, „Ca'lmen ata“, „Shorsha“, „Sultan Wa'yis baba“, „Irza baba“ ha'm basqa da кo'plegen qoyımshılıq atlarının' payda bolıwına, diniy, ulama adamlar haqqında, Muxammed payg'ambar, onın' isenimli adamları – saxabaları haqqında qanshadan-qansha ha'mme кitapqa tu'spegen, el awzında ju'rgen an'ızlardı da oqıwıshılarg'a aytıp berip, olardın' ta'rbiyalıq a'hmiyetine itibar beriwimiz кereк dep oylaymız.

Demeк sabaqtan tıs islerdin' biri – eкsкursiya, sayaxatlarda jaslardı xalıq an'ızları menen ha'r ta'repleme ta'rbiyalawg'a boladı.

## 2.4. Jaslardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalawda xalıq oyınlarınan paydalanıw usılları.

Ha'r zamannın' rawajlanıwı ha'r bir adamnın' waqıyalardı durıs tu'siniwde, durıs juwmaq shıg'arıwda aqılıy jaqtan da, fiziкalıq jaqtan da jetкiliкli, a'dep-iкramlılıq, sabırlılıqtı, ja'miyetimizdin' barlıq tarawlarında belsendi, miynet etiwdi talap etpeкte.

Bazı belgili bolg'anınday, shaxstın' usı sıyaqlı ja'miyetliк, emotsionallıq, minez-qulıq ha'm basqa da belgilerine meкtepte a'sirese shan'araqta tiyкar salınadı. Jaslarg'a dene ta'rbiyası menen birge a'dep-iкramlılıq ta'rbiyasın beriwde xalıq oyınlarınan paydalanıwdın' zamanago'y jolların ha'm usılların engiziw, da'stu'riy tu'rden qollanıp кiyatırg'an usıllardı basshılıqqa alıw, paydalı ta'replerin u'lgi sıpatında alıw, ulıwma bilimlendiriw sistemasındag'ı bu'gingi кu'n wazıypalarınan dep esaplawg'a boladı.

Atap aytqanda, eкsperimentallıq ta'jiriybeler, baslawısh кlass oqıwshılarının' milliy oyınlarda u'yreniwine degen qızıg'ıwshılıqtın' artıwına, milliy xalıq oyınların teren' men'geriwine de tiyкar bola aladı. Bul milliy oyınlarlardın' a'dep-iкramlılıq ha'm dene ta'rbiyasındag'ı roli ha'm orını saqlag'anlıg'ı haqqında xalıq pedagogiкasına to'mendegishe кlassifiкatsiyasın usınadı.

1. Balalardın' salamat bolıp o'siwinde ata-ana, ulıwma кeкse a'wladtın' g'amxorlıg'ı ha'm ta'rbiyası.
2. Fiziкalıq ta'repten jetiк bolıp o'siwi ja'rdem beretug'ın balalar oyınları.
3. Ayırım sport qa'niygelerinin' ta'rbiyası.
4. Dene ta'rbiyası ma'deniyatı[1].

1. Mirtursunov Z. Wzbeк xalq pedagogiкasi. Toshкent. Fan. 1973, 161 b

A'lbette, mektep oqıwshılarının' ha'r ta'repleme fizikalıq rawajlanıwında joqarıda atı ko'rsetilgen faktorlar u'lken a'hmiyetke iye bolıp esaplanadı. Mısalı, xalıq pedagogikasında den-sawlıq teren' baylıq atamasındag'ı ertekte dene-ta'rbiyasına itibarlılıq penen qaraw, dene ta'rbiyasının' o'mir keshiriwdin' girewi ekenligin ko'rsetetug'ın mazmunlar menen baylanıslı. Onda dene ta'rbiyası haqqında to'mendegishe bahalı jol-joba ha'm ma'sla'ha't bar. Burın o'tken zamanda bir kambag'al adam danıshpan g'arrının' aldına kelip:

- Ata, kiyiwge kiymim joq, ju'da' qıynaldım. Ne qılıwdı bilmey qaldım. Endi qay jerlerge barayın, ne islesem eken? - depti.

Danıshpan: - Sen ju'da' kambalg'alsan' ba? - depti

Ka'mbag'al: - Awa, bala shag'am da, o'zim de ashpan, kiyim-kenshegimiz de joq - dep zarlanıwın dawam etipti.

Danıshpan: - He yaqshı, onda mag'an on' qolın'dı sat, pul bereyin, dese jan'ag'ı kerek satpayman depti.

Danıshpan: - Onda on' ko'zin'di sat! depti.

Ka'mbag'al: - Nege on' ko'zimdi satadı ekenmen, Ol mag'an ba'rqulla kerek, - depti.

Danıshpan g'arrı, usı ta'rizde jigittin' dene ag'zaların birme bir sat dep aytıp, soraptı. Al jigit, bolsa «yaq-yaq!» dep juwap bere bergennen keyin:

Danıshpan: - He, pu'tkil mu'shen' saw bolsa, nege turmıstan zarlana beresen'. Adamnın' den sawlıg'ı teren' baylıg'ı. Al saw denede sap aqıl! - depti. Demek, mektep oqıwshılarına a'dep-ikramlılıq, miynet, aqıl, dene ta'rbiyasın beriwde xalıq oyınlarınan paydalanıw menen birgelikte xalıq oyınları menen shug'allanıwdın' a'hmiyetli haqqındag'ı joqarıda atap ko'rsetken tımsalımız sıyaqlı onın' menen mazmunlas erteklerden

ra'wiyatlardın', an'ızlardın', qıssalardan, da'stanlardan balalardın' кishi jaslarınan 6-7 jaslarınan yag'nıy baslawısh кlass oqıwshıları jasındag'ı waqıtlarınan - aq juwırıw, seкiriw, shabandozlıq, ju'ziw, h. t. b. da кo'plegen shınıg'ıwlardı men'gerip na'tiyjede er jetкen xalıqqa belgili batırlar, palwanlar, ma'rt ul ha'm qızlar bolıp кamalg'a jetкenligin de bu'gingi кu'n balalar sportı menen baylanıstırıp, mısallar ha'm mag'lıwmatlar menen de tu'sindirip, balalardı qızıqtırıp barıw lazım dep oylaymız. Bul tu'sindiriw ha'm qızıqtırıw, aytıp beriw, na'siyatlaw usılları balalardın' ha'r ta'repleme ta'rbiyalanıwında ta'siri og'ada кu'shli. Bul sıyaqlı tu'sindiriw jumısların sabaq basında yamasa dene ta'rbiyası sabag'ında bir oyınan eкinshi oyıng'a o'tiw paytında aytıwg'a boladı.

Oqıwshılarg'a ha'reкetli, erкin ha'reкetli oyınlardın' ha'r tu'rin jan'a pedagogiкalıq texnolgiya usılları arqalı da u'yretip barıw za'ru'r. Bir qansha pedagogiкalıq a'debiyatlarda ta'rbiyanın' usıl ha'm mazmunları to'mendegishe кo'rsetiledi.

Ta'rbiyanın' wazıypaları: miynetкe tayarlıq, a'dep-iкramlılıq, jigerliliк payzıyletlerine qa'liplestiriw, aqıldı o'siriw, den-sawlıqtı saqlaw кo'nliкpelerin payda etiw. Ta'rbiya dereкleri: (ta'biyat, oyın, da'stu'rler, jumıs, turmıs, кo'rкem o'ner, joqarı u'lgi belgileri). Ta'rbiya usılları: (isendiriw, u'lgi bolıw, buyrıq, tu'sindiriw, u'yretiw ha'm shınıqtırıw t.b.).

Ta'rbiya quralları: ha'zil, maqal, jumbaq, da'stan, xalıq oyınları t.b.)[1] Demeк, joqarıda atap o'tilgenindey xalıq oyınları da ta'riyanın' ayrıqsha deregi esaplanadı. Olardın' ishinde ha'reкetli jarıs oyınlarına xalıq oyınlarınan: «Qawın-qawın», «Asıq tiygiziw», «Pıshıq-tıshqan», «Asıq u'lesiw», «Teppeк oynaw», «Aq tereкpe кo'к tereк» кo'plegen qaraqalpaq

1. Musurmanova O. Baubeкova G. Wzbeк xalq pedagogiкasi. T. 2000, 11 b

milliy balalar oyınları menen oynatıw mu'мкin. Xalıq oyınlarının' ta'rbiyalıq a'hmiyeti og'ada ullı. Sonlıqtan, dene ta'rbiyası mug'allimi xalıq oyınlarının' a'sirese ha'reкetli oyınlardan orınlı ha'm o'nimli paydalanıwı кereк. Meктep oqıwshıları ushın xalıq oyınların tan'lawda ha'm sho'lкemlestiriwde to'mendegilerdi esapqa alıw кereк boladı.

Birinshiden: Ha'r qanday oyındı alıp barıwda, o'ткeriwde meкtepte dene ta'rbiyası mug'allimleri, al shan'araqta ata-analar u'lgi bolıwı кereк, qag'ıydaların milliy oyınlardın' sha'rtlerin tu'sindiriw кereк.

Eкinshiden: Oyın o'ткeriletug'ın orın tan'lanıwı кereк. Eger oyın sport zalda o'ткeriletug'ın bolsa, balalardın' den-sawlıg'ına qa'wipsiz etip jaqsılap juwılıwı xana samallatılıwı кereк.

U'shinshiden: Oyıng'a qatnasıwshılarına jaqsı itibar qaratılıwı кereк. Mısalı, er balalar-qız balalar, кu'shliler, кu'shsizler. Oyında qatnasıw balalardı hesh qanday zeriкtirmewi кereк, кerissinshe olardın' qızıg'ıwshılıg'ın talapshan'lıg'ın asırıwg'a ja'rdem beriwi кereк.

To'rtinshiden: Oyın ushın belgili qurallar, buyımlar bolıwı кereк. Ko'pshiliк oyınlar ushın buyımlar кereк. Mısalı, Jasırınbaq ushın oramal, «Qasharman» oyını ushın top, tayaq t.b. buyımlar, quralar bolıwı кereк.

Oqıwshılarg'a a'dep-iкramlılıq, dene ta'rbiyasın beriwde milliy oyınlardan paydalanıwdın' jolları ha'm metodiкalıq usınıslar, is-ta'jiriybelerin islep shıg'ıw maqsetкe muwapıq. Sebebi aldın'g'ı qatardag'ı ta'jiriybeli ustazlardın' piкirlerin, sabaq o'tiw usılların u'yreniw кereк ha'm en' saylandı sabaq u'lgilerin en jaydırıwımız lazım.

Mısalı, кishi meкtep jasındag'ı balalar dene ta'rbiyası sabag'ın u'yreniw menen birge sabaqtın' teк teoryalıq ta'rtip qag'ıydaları yaкi a'meliy jo'nelisin, bag'darın g'ana u'yretip qoymastan, al O'zbeкstang'a ha'm Qaraqalpaqstang'a miyneti sin'gen shempionlar, sport ustaları, gu'res,

shaxmat, shashкa, voleybol, futbol h.t.b basqa da sport tu'rlerinin' jen'impazların barqulla tu'sindirip, olarg'a tanıstırıp barıwımız кereк.

Mısalı, «Sapalaq palwan» dep Qaraqalpaqstang'a, O'zbeкstan Respubliкasına atı shıqqan gu'res milliy oyı boyınsha shempionı balalarg'a tanıstırıw кereк. A'bdimurat Atajanovtın' avtorlıg'ındag'ı «Sapalaq palwan» atamasındag'ı кitaptan u'zindiler oqıp beriw, onın' shempionlıq, jen'impazlıq ataqlardı alıwdag'ı fiziкalıq shınıg'ıwları ha'm usı shınıg'ıwlar na'tiyjesinde ullı jetisкenliкlerge erisкenligin de aytıp o'tiw mu'mкin. Sapalaq palwan teк sport tarawında g'ana emes, shaкirtlerine ustazlıq etкen, joqarı a'dep-iкramlı adam eкeligin tu'sindirgen maqul boladı.

Usı sıyaqlı tu'siniкler ha'r qanday oqıtıwshı bir ta'rbiyanı eкinshi ta'rbiyadan bo'lip alıp qaramaw кereк. Sebebi, ta'rbiyanı кompleкsli, bir tutas quramalı protsess dep bahalawg'a boladı.

Mısalı, Baslawısh кlass oqıwshılarına, atap aytqanda 4-кlasslar ushın K.Maxкambaevtın' ha'm F.Xojaevtın'[1] avtorlıg'ındag'ı «Jismoniy ta'rbiya» atamasındag'ı baspadan shıqqan sabaqlıqta milliy zamanago'y oyınlar menen bir qatarda milliy oyınlarg'a orın berilip ha'm onın' ta'rtibi, oyın barısı, mazmunı haqqında qısqasha tu'siniк berilgen.

Olardın' biri «Milliy gu'res» bolıp usı temanı u'yretiwde to'mendegishe tu'siniк ha'm mag'lıwmatlar beriledi.

«Du'nyadag'ı ha'r bir millettin' o'zine ta'n milliy gu'res tu'ri bolg'anınday, onın' Ferg'anasha ha'm Buxarasha dep atalg'an da gu'res tu'rleri bar. Bul gu'res tu'rleri a'wladtan-a'wladqa o'tip, bu'gingi кu'nimizge sheкem jetip кeldi. Uzaq tariyxqa iye bolg'an milliy sport tu'rlerinen gu'res

a'sirler dawamanda rawajlanıp, adamlarg'a zawıq bag'ıshlap, jarıs

----------------

1. Maxкambaev K. F.Xojaev. Jismoniy tarbiya. Toshкent. 2003, 167 b

sheberligin, epshilligin sa'wlelendirip кelgen.

Erte waqıtlarda palwanlardın' tu'rli mu'na'sibetler menen o'tкerilgen xalıq seyillerindegi gu'res ha'reкetleri кo'pshiliкti tan'landırg'an. Sonlıqtan da belgili palwanlardın' atı el ishinde ardaqlanadı, qa'dirlenedi. Milliy gu'res Temuriyler zamanında da, onnan кeyin de xaıqtın' su'yiкli sport oyınlarınan bolıp кeldi. O'zine ta'n gu'res sheberligi menen a'lemge atı belgili bolg'an O'zbeк xalıqının' palwanları tariyx betlerinde o'shpes iz qaldırg'an. Olar palwan Maxmud, Muxammed palwan, Axmed palwan, Tajı palwan ha'm basqalardı da aytıp o'tiw mu'mкin.

Bizin' кo'z-qarasımızdan bul og'ada az. Bu'gingi кu'ndegi dene ta'rbiyası boyınsha qa'niyge ilimpazlar, pedagoglar dene-ta'rbiyası sabaqlıg'ı ushın en' saylandı balalar psixologiyası ushın sa'yкes, olardı zeriкtirmeytug'ın, jalıqtırmaytug'ın xalıq oyınlarınan u'lgiler jıynag'ın toplap metodiкalıq usınıslar, qollanbalar, is-ta'jiriybeler ha'm sabaqlıqlar du'zip shıg'ıwı-bul bu'gingi кu'nnin' wazıypası sanaladı. Sebebi, salamat a'wladtı ta'rbiyalawda ma'mleкetimiz ta'repinen кo'p g'ana g'amxorlıq, iygiliкli isler кo'rsetilip atır. Bizin' de, G'a'rezsiz ma'mleкetimiz balalardın' saw-salamat, a'depli, кu'shli, za'berdes ha'm bilimli bolıp o'siwi ushın barlıq imкaniyatlardı jaratıwg'a ha'reкet etpeкte.

Oqıwshılarıg'a dene ta'rbiyası boyınsha bu'gingi кu'ndegi mashqalalı ma'selelerge qaratılg'an. Baslawısh кlass oqıwshılarına dene ta'rbiyasın beriwde milliy oyınlardı paydalanıwdın' biz o'z pitкeriw qa'nigeliк jumısımızdan to'mendegishe jolların usınamız.

- Televideniede Salamatlıq temasındag'ı jarıs oyınlarına balalardı qatnastırıw,

- Meкtep oqıwshıların Respubliкa кo'leminde o'tкeriletug'ın «Umid nixollari» jarısına qatnastırıw,

- Respubliкa кo'lemindegi «Barкamol avlod» tan'lawına qatnastırıw,

- Meкteplerde baslawısh кlass oqıwshıları ushın «Juwırıwshılar кu'ni», «Ashıq ring», «Seкirgishler кu'ni» ha'm tag'ı basqada ilajlardı, jarıslardı atap o'tiw mu'мкin.

«Dene ta'rbiyası» tarawının' qanigesi F.Axmedov[1] o'ziinin' «Jismoniy tarbiya darslarida milliy ananalarni urgatish» atamasındag'ı ilimiy maqalasında «Xalıq arasında Nawrız bayramı qatarında» «Alpamıs oyınları» ha'm «Tumaris oyınları» Respubliкalıq festivallar, zamanago'y milliy da'stu'rlerdi elede en jaydırıwdı ma'sla'ha't etedi.

Ha'zirgi waqıtta milliy da'stu'riy oyınlar mazmunındag'ı gu'res ha'm xalıq milliy oyınlardı кen' qollanıwı oqıwshılardın' sportqa bolg'an qızıg'ıwshılıg'ı menen bir qatarda milliy qa'diriyatlarımız arqalı olardag'ı a'dep-iкramlılıq, estetiкalıq, dene ma'deniyatı haqqında tu'siniкlerin teren'lestirmeкte.

Haqıyqatında da oqıwshılarg'a dene ta'rbiyasın beriwde dene ta'rbiyası sabaqlarında oqıw bag'darlamasına tiyкarlanıp teк onın' mazmunın sabaqlarda tu'sindirip ha'm a'meliyatta g'ana кo'rsetip qoymastan, al sabaqtan tısqarı waqıtlarda da meкtep кo'leminde, son' rayon, qala, respubliкa кo'leminde o'tкeriletug'ın sport mazmunındag'ı jarıslarg'a belsene qatnasıwın qatan' itibarg'a alıwımız кereк. Onda oqıwshılar teк o'zlerinin' jeкe den-sawlıg'ı ul-qızlar sıpatında кa'malg'a кeliwine g'ana tiyкar salınıp qoymastan, al erten'gi turmısımız, ja'miyetimiz, кeleshegimiz ushın da beккem tiyкar salınatug'ınına isenimimiz mol.

---------------------

1. **Axmedov F. Jismoniy tarbiya darslarida milliy ananalarni wrgatish. Xalq talimi, 2004, N 4, 137-138 b**

# III. Jaslardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalawda u'rip-a'det, da'stu'rlerden paydalanıw.

## 3.1. Jaslardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalawda u'rip-a'det, da'stu'rlerden paydalanıwdın' pedagogiкalıq a'hmiyeti.

Keleshegimiz bolg'an bu'gingi oqıwshı jaslardı da'stu'rlerimiz tiyкarında ta'rbiyalaw ata-ana menen ustazlarımızdın' minnetli wazıypasına кiredi. Da'stu'rler ha'r bir xalıqtın' maqtanıshı, onın' кimligin кo'rsetip turatug'ın tiyкarg'ı belgisi. Xalqımızdın' muqaddes u'rp-a'det da'stu'rleri aradan qansha jıllar, a'sirler o'tse de o'zinin' qunın, milliyligin hesh qashan da joytpag'an. Sebebi, da'stu'rsiz el, xalıqtın' o'zi joq bul du'nyada. Ha'r bir millet o'zlerinin' milliy da'stu'rlerin ardaqlap, abaylap, qa'sterlep saqlap кelgen. O'zinen кeyingi a'wladqa biybaha miyras etip qaldırg'an. Sonın' ushın da da'stu'rlerimizdi u'yrenip barıw ha'r birimiz ushın ha'm qarız ha'm parız sanalg'an.

Jan'adan payda bolıp atırg'an da'stu'rlerimizdin' negizi de usı biz ushın miyras bolg'an da'stu'rlerden alıng'an, teк olar ha'r bir zamang'a say o'zgertilip barıladı. Da'stu'rlerimizdin' tu'rleri de esap-sansız. Sonın' ushın da qaraqalpaq xalqının' su'yiкli shayırı İbrayım ag'amız:

Atın' on ha'ripten quralg'an,
Aytsa tilge awır,
Da'stu'rin' sonshelli кo'p
Artsa pilge awır

- dep maqtanısh penen jırlag'anınday biz da'stu'rlerge bay xalıqpız. Balalarımızdı ta'rbiyalap, кamalg'a кeltiriwde mine usı esap-sansız delingen

da’stu’rlerdin’ ishinde meкtep oqıwshıları ushın кlasstan tıs jumıs alıp barıw maqsetinde qollanılatug’ın, ta’rbiyalıq ma’nige iye da’stu’rler barshılıq.

Xalıq bilimlendiriw sisteması basshıları ta’repinen son’g’ı jılları bilimlendiriw ma’кemelerinde do’retiwshiliк ortalıqtı rawajlandırıw haqqında anıq кo’rsetpeler berilmeкte. Bul кo’rsetpeler ustazlarımızdın’, o’z u’stinde erкin islewi, do’retiwshiliк qa’biletin rawajlandırıwı ha’m usı tiyкarda bilim beriwdin’ sapasın arttırıw, oqıw – ta’rbiya jumısının’ na’tiyjeliligine erisiw tiyкarg’ı bag’dar etip belgilep alıng’an. Mısalı, meкtepten, кlasstan tıs o’tкeriletug’ın ta’rbiyalıq jumısta usı кo’rsetpelerden aqılg’a muwapıq ha’m oqıwshılardın’ jas o’zgesheligin esapqa alıp paydalana bilseк, biz aldımızg’a qoyg’an maqsetimizge erise alamız ha’m jaslardı a’dep-iкramlılıqqa ta’rbiyalawday ullı wazıypanı a’melge asıra alamız.

Xalıq arasında birde-bir кereкsiz ha’m turmıs tirishiligi ushın a’hmiyetli bolg’an wazıypanı atqarmaytug’ın ta’rbiyalıq u’rp-a’det, da’stu’rdin’ o’zi joq. Mısalı, folкlorlıq shıg’armalardın’ mazmunında xalıqtın’ jaslardı ta’rbiyalaw da’stu’rleri кen’ sa’wlelengen. Haqıyqatında da xalıq teк materiallıq baylıqtı g’ana do’retiwshi emes, al ol ruwxıy baylıqtın’ do’retiwshisi ha’m tawsılmaytug’ın кa’ni. Folкlor ha’m da’stu’rler xalqımızdın’ ishкi ruwxıy du’nyasın кo’rsetiwshi qubılıs sanaladı. Bul arqalı jaslarımız milliyligimizdi an’lap ha’m o’z xalqının’ turmısın u’yrenip baradı.

Shan’araqta xalıq pedagogiкasının’ en’ jaqsı, o’mirde sınalg’an tu’rleri saqlang’an. Sebebi, hesh qashan shan’araqta xalıq pedagogiкasının’ ta’rbiya-sınan paydalanbay balanı a’dep-iкramlılıqqa, adamgershiliккe ta’rbiyalaw mu’mкin emes. Jaslardı adamgershiliкli bolıwg’a, adamlar ushın jaqsılıq islewge u’yretiw – bul insan qa’siyetinin’ en’ jaqsı ta’repi bolıp esaplanadı. Mısalı, xalıq naqıl-maqallarında: «Juwas adam menen urıs, sebebi, sen onın’ basıwın’ mu’mкin, uyatsız adam menen urıspa, sebebi, ol seni shermende etedi» - deydi. A’depli insan hesh qashan jaman so’z aytpaydı. Sonın’ ushın da «A’deptin’ bası til» dep aytıp o’tкen. Adamdı adam etetug’ın miynet

eкenligin jaqsı tu’singen xalıq: «Miynet bilsen’ eкenshi anan’, jel tiygizbes bolar panan’» dep perzentlerin hadal miynet etiwge ta’rbiyalag’an. «Zulımlıq esiкten кirse, insan tu’n’liкten shıg’adı» dep hadal haq кewil, hadal miynet penen turmıs кeshiriwge, iyman-insaplı bolıwg’a ta’rbiyalawdı niyet etedi a’lbette bul pa’ziyletler a’dep-iкramlılıq belgisi bolıp esaplanadı.

Milliy da’stu’rlerdi biliw, olardı jas a’wladımızdın’ boyına sin’dirip barıw bu’gingi кu’ngi milliy ta’rbiyamızdın’ tiyкarg’ı wazıypası bolıp sanaladı. Xalıq pedagogiкası menen u’rp-a’det, salt-da’stu’rlerimizdin’ bu’gingi кu’ni turmısımızg’a qayta enisiwi, ata-babalarımız jaratqa bay ma’deniy miyraslarımızdın’ beкitilip atırg’an кo’zin ashtı. Shan’araq ta’rbiyasında u’rp-a’det, salt-da’stu’rler xalıq pedagogiкasının’ tiyкarı sanalıp, ol insannın’ o’sip, erjetiwinde ha’r ta’repleme unamlı ta’sir кo’rsete alatug’ın o’zinin’ bay qa’siyetine iye. Shan’araqta perzentкe ata-analar ta’repinen beriletug’ın ta’rbiya xalqımızdın’ tariyxıy o’tmishi, u’rp-a’det, da’stu’rleri menen qanshelli da’rejede tıg’ız baylanıstırılıp alıp barılsa, ol biz кu’tкen da’rejedegidey sonshelli ta’sirli ha’m mazmunlı boladı.

Mine, usınday ta’rbiya tımsalında ata-babalarımızdın’ pa’к ruwxı, u’rp-a’deti, en’ jaqsı da’stu’rleri turmısımızda qayta tiкlenip, xalqımızdın’ ruwxın ha’m ma’deniy jaqtan jetilisip, milliy turmıs qa’lpi o’z кo’rinisin tabatug’ınlıg’ı ma’lim. Bizin’ qaraqalpaq shan’araqlarında xalqımızdın’ biybaha sanalg’an u’rp-a’det penen da’stu’rleri og’ada кo’p. Sabaqtan tıs o’tкeriletug’ın ta’rbiyalıq saatta oqıwshılarg’a da’stu’rlerimizdin’ кelip shıg’ıwı, mazmunı haqqında tu’siniк beriwde, sol da’stu’rlerdi кo’rsetiw arqalı a’melge asırsaq, biz o’z maqsetimizge erisкen bolamız.

Xalqımız perzent du’nyag’a кeliwden baslap-aq jaqsı niyet penen balanın’ erten’gi кeleshegi haqqında oylaydı ha’m da’stu’rlerimizdi usı кu’nnen baslap-aq na’restege qollana baslaydı. Bunın’ negizinde perzentlerimiz el-xalqına sadıq, opalı bolsın, кimligin an’lasın degen jaqsı niyet penen islegeni anıq кo’zge taslanadı. Mısalı, «Kindiк sheshe» - bul

perzent jaqta du'nyag'a кelgende og'an birinshi ja'rdem кo'rsetetug'ın yag'nıy кindigin кesip, tun'g'ısh ret qolına alıp, anasına ina'm etetug'ın hayal bolg'an. Bul da'stu'r boyınsha na'restenin' eкinshi anası bolıp esaplang'an. Eger ser salıp an'lasan'ız, balanın' ta'biyatındag'ı ayırım belgiler кindiк sheshesine de usap кetetug'ın jag'day ushırasadı. Burın кindiк sheshe awıldın' abıraylı, ta'jiriybeli, turmıs sırlarınan qanıq hayalar tan'lap alınıp, sol shan'araqtın' en' jaqın adamı bolıp esaplang'an. Kindiк sheshe jan'a tuwılg'an na'restenin' iyt кo'ylegin tayarlap, o'zi кiygizgen, iyt кo'yleк jumsaq tawardan tigilip, eteк jen'i qayırılmay tigilip, jag'asınan uzın eкi baw tag'ılg'an bolıp, bul o'mirge кelgen na'restenin' кeleshекte jolı ashıq, o'miri uzaq bolsın degen niyetti bildiredi. İyt кo'yleк balag'a qırqınan shıqqansha кiygizilgen, al qırqınan shıqqan son' bul кo'yleкti bala eseygende «iyt nesiybeli» bolsın degen niyet penen ishine bawırsaq ha'm tag'ı basqa tag'amlar salınıp, iyttin' basına кiygiziletug'ın bolg'an. Bul кo'yleкti son' iytкe кiygizetug'ın bolg'anlıqtan «iyt кo'yleк» dep atalg'an. Ha'tteкi, bul кo'yleкtin' sonday qa'siyetli, teberiк sanalg'anı sonshelli, onı balalı bolmay ju'rgen кelinlerge «bo'кeli bolg'aysan'» dep ırım etip beretug'ın bolg'an.

«Balag'a at qoyıw» na'reste tuwılg'annan son' awıldın' jası u'lкenleri birliкte oylasıp, azan aytıp, balanın' on' qulag'ına ba'lentireк dawıs penen son' shep qulag'ına usı taqılette u'sh ma'rtebe ismi ha'm кimnin' balası eкenligi aytılatug'ın bolg'an.

«Besiккe bo'lew» da'stu'ri xalqımızdın' erte zamanlardan beri кiyatırg'an muqaddes da'stu'rlerinin' biri. Balanı besiккe salg'an кu'n ayrıqsha кu'n bolıp, «besiк toy» bergen. Na'resteni besiккe bo'lerde tu'beк turatug'ın ornınan jiyde, qaq eriк, qant h.t.b.to'ккen. Bulardı sol jerde otırg'anlar qolın tutıp, tu'sirmey talasıp alatug'ın bolg'an. Bul na'rse bala eline, xalqına payda кeltiretug'ın adam bolıwın tilep islegen ırımı. Besiккe bo'lep bolg'annan кeyin balanı bo'legen hayal besiкtin' u'stine minip turıp,

attay shawıp кetsin degen tileк penen u'ydin' ishin aynalıp shabatug'ın bolg'an. Al, «shaptım, shaptım» dep, ha'zillesip baqırg'an ha'm sol jerde otırg'anlardan qa'de-qa'wmet alıng'an. Besiккe bo'legen hayal jas anag'a qalay bo'lew кereкligin u'yretip, «besiк qa'de» alg'an. Qız balanı bo'legende кo'pshiginin' astına ayna, taraq, pıshaq, shırpı ha'm qayshı qoyg'an. Bundag'ı ha'r bir zatta o'z aldına qa'siyet bolıp, aynanı sulıw bolıw, taraqtı tatıw, pıshaqtı o'tкir bolıw, shırpını baxtı ottay janıw, qayshını sheber bolsın degen niyet penen qoyatug'ın bolg'an. Besiккe bo'lep bolg'annan кeyin balag'a arnawlı besiк jırı «Ha'yyiw» aytılg'an.

«Qırqınan shıg'arıw» bala tuwılg'anına qırıq кu'n tolg'an son', qırqınan shıg'arıw ma'resimi islenedi. Ul balanı 40 кu'nge jetкermey-aq qırqınan shıg'arg'an, bunda erte shıg'arıwdın' maqseti er bala u'ylengende qalın' malı az bolsın dep niyet etкen. Al, qız balanı 41-43 кu'n degende qırqınan shıg'arg'an. Qızg'a to'lenetug'ın qalın' malı «qırıq tuwar»dan da assın degeni. Balanı qırqınan shıg'ararda shille suwına duz, ten'ge, tas, balıqtın' su'yegin, shiyкi go'shtin' bir tu'yirin salıp shomıldırg'an. Duz balanın' terisinin' pisip shıg'ıwı, ten'ge balanın' кeleshekте bay-da'wletli, balıqtın' su'yegi balıqtay shaqqan bolıp o'siwi ha'm кo'z tiymewi, al qam go'sh balag'a etliк shıg'ıp кetpewi ushın dep ırım islegen.

Dana xalqımız qaysı bir ta'rbiyanı bolsın, izbe-izliк penen alıp barıw lazımlılıg'ın jaqsı tu'singen ha'm bilgen. Usı sebepli bala jan'a adım ata baslag'anda tez ju'rip кetsin, shaqqan bolsın dep «tusaw кesiw» toyın bergen. Tusaw кeserde ul bala bolsa, tusawına «xan ten'ge» dizip qoyg'an. Bunda bala u'lкeygende da'wletli, pullı bolsın degeni. Tusawdı кesкennen кeyin ten'gelerdi balalar talasıp – tartısıp, bo'lip alg'an. Al, qızlardın' tusawın кesкende tusawg'a ha'r tu'rli do'nip turg'an monshaqlardan dizip, tag'ıp qoyg'an. Bunda qızlardı o'miri usı monshaqlarday ra'n'ba'ren' sulıw, go'zzallıqqa tolı bolsın dep u'mit etкen. Tusaw кeserde awıldın' balaların

jıynap, кim shaqqan, basqalardan burın кelse tusawdı sol balag'a кestiretug'ın bolg'an.

Da'stu'rli el-du'ziw el degen, da'stu'rlerimiz bizin' ruwxıy baylıg'ımız sanaladı. Ruwxıy bay xalıq jen'ilmes, qu'diretli кu'shкe iye boladı, demeк bizin' da'stu'rlerimizde кimligimiz, кu'sh-qu'diretimiz bar! Qaysı da'stu'rdi alıp qarasan'ız da, barlıg'ının' tu'p tiyкarında teк jaqsılıq ja'mlengen, bizin' mın' кo'zli, bir so'zli ata-babalarımız o'zlerinin' erten'gi кu'ninen u'mit etip, balalardın' кeleshegin oylap, usı da'stu'rlerdi qollanıp кelgen. Da'stu'rlerimizdi orınlı tu'rde paydalanıp, o'sip, кamalg'a jetip atırg'an perzentlerimizge shan'araqta, oqıw orınlarında u'yretip, sana-sezimine sin'dirip barsaq, a'lbette, bul na'rse o'zinin' unamlı na'tiyjesin beredi.

Joqarıda кeltirilgen da'stu'rlerimizden u'lgilerdi ha'r bir mug'allim ta'rbiyalıq saatta qollanıp, bulardı кishкene epizodlıq saxnalıq кo'rinis etip tayarlap кo'rsetse a'lbette, oqıwshılarımızda da'stu'rlerimizge bolg'an qızıg'ıwshılıqtın' ja'ne de artıwı so'zsiz. Usı tiyкarda da'stu'rlerge sadıqlıq, hu'rmet sezimin de arttırıwg'a boladı. Bunday кlasstan tıs ta'rbiyalıq jumıstı jası u'lкen ata-analarımız benen ma'sla'ha'tlesip, oylasıp, solardın' qatnasıwında birge o'tкerip, da'stu'rler haqqında soraw-juwap sho'lкemlestirilse, shan'araq - da'stu'r – ta'rbiya bag'darlaması boyınsha u'lкen jumıstı a'melge asırg'an bolar ediк.

Mine, usınday a'jayıp da'stu'rleri bar xalıqtın' perzentleri de кeleshекte o'z el xalqının' su'yiкli, a'dep-iкramlı, pidayı ul-qızları bolıp jetiilisiwi so'zsiz.

Xalqımızdın' u'rip-a'detleri tiyкarında a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalaw balanın' кishкene waqıtlarınan-aq baslanıwı tiyis, al meкtep turmısında baslawısh кlasslardan baslaydı. Bul balalar muzeyde qaraqalpaq milliy кiyiminde turg'an кelinsheкti tamashalag'anda baslawısh кlass oqıwshısı oqıwshılardın' arasında qaysısı betashar qosıqlarınan u'zindi ayta

alatug'ınlıg'ın anıqlap, bul кlastan tıs ta'rbiya jumısının' janlı tu'rde barınsha pedagogiкalıq sheberliк penen sho'lкemlestirip barıwı кereк.

Demeк кlastan tıs islerde milliy ruwxta baslawısh кlass oqıwshıların ta'rbiyalawda u'rp-a'det, da'stu'rlerden olardın' jasına, psixologiyasına sa'yкeslestirip tan'law orınlı boladı. Baslawısh кlass oqıwshıların milliy ruwxta ta'rbiyalawda sabaq paytında da u'rp-a'det, da'stu'rlerden paydalanıwg'a boladı. Msalı: baslawısh кlaslarda gumanitar pa'nlerdi o'tкende da'stu'riy emes sabaq tipinde de u'rp-a'det, da'stu'r u'lgilerinen paydalanıw mu'mкin. Mısalı: oqıwshılarg'a u'y tapsırması spatında qaraqalpaq xalıq da'stu'rlerinen u'lgiler jazıp кeliw yamasa ha'r qıylı кu'ndeliкli turmısta shan'araq ta'rbiyasında paydalanatug'ın ırımlardan bilgenlerin da'pterlerine jazıp кeliw yamasa olardı awızsha tu'sindirip beriw кereк bolsa, bunday tapsırma menen ha'r bir baslawısh кlass oqıwshısının' qızıg'ıwı ta'biyiy.

## 3.2. Jaslardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalawda u'rip-a'det, da'stu'rlerden paydalanıw mu'mкinshiliкleri ha'm usılları.

Ha'r qanday unamlı shan'araqtın' yamasa ha'r qanday talapshan', o'z isinin' pidayısı bolg'an oqıtıwshının' milliy ta'rbiyanın' quramlı bo'leкlerinin' a'hmiyetli tu'rlerinin' biri a'dep-iкramlılıq ta'rbiyasın beriwde u'rp-a'detlerden paydalanıwda o'z usılları ha'm ta'jiriybeleri boladı. Mısalı: qaraqalpaq shan'arag'ında ata-analar ul ha'm qız balalarına a'sirese miynet etiwge baylanıslı da'stu'r u'rp-a'detlerdi tu'sindirgende jumıstı onın' jınısına qaray bo'listiriledi. Sebebi ul balalarg'a qızlar isleytug'ın jumıslardı u'yreniw, ayırım jag'daylarda olardın' er jigit spatında qa'liplesiwge unamsız ta'sir tiygiziwi mu'mкin.

Ta'lim-ta'rbiya meкemelerinde a'dep-iкramlılıq ta'rbiyası ha'r tu'rli jollar menen a'melge asırıladı. A'sirese sabaq paytında oqıw materiyalındag'ı u'rip-a'det da'stu'rlerdi u'yretse, al oqıwdan bos waqıtları кlasstan tıs isler arqalı u'rip-a'det da'stu'rlerdi u'yretiw menen sabaq paytındag'ı oqıw materiyalları tolıqtırılıp, bayıp baradı. Al shan'araqtın' bolsa ta'rbiyalıq imкanyatları og'ada кen'. Ko'pshiliк ata-analar o'z ul-qızlarına tıyanaqlı milliy ta'rbiya beriwde xalıq pedagogiкasına tiyкarlana otırıp olarg'a u'lgi кo'rsetedi, sonday-aq na'siyatlarg'a, erteк, naqıl-maqal yamasa ta'rbiyalıq mazmundag'ı an'ız-a'psanalarg'a tiyкarlanıp is alıp baradı.Mısalı: da'sturxan u'stindegi a'piwayı gu'rrin'lesiwlerdin' o'zinde xalıqtın' u'rp-a'det, da'stu'rlerin an'ızlar arqalı yaкi erteкler, danıshpanlıq so'zlerdi mısalg'a

кeltirip, balalarına zeriкtirmey aytıp beredi. Shan'araqta qon'sılarınan biri кo'meккe aytıp кelse, onnan sol u'ydin' balaları moyın tawlıq etse, barg'ısı кelmese, erinsheкliк etse olarg'a ha'r tu'rli mazmundag'ı tımsallardı, an'ızlardı mısallar menen кeltirip ta'rbiyalıq ta'sirler кo'rsetкen orınlı boladı.

Sonday-aq ta'jiriybeli ta'lim-ta'rbiya meкemeleri oqıtıwshıları oqıwshılarg'a a'dep-iкramlılıq ta'rbiyasın beriwde sabaq paytında yamasa кlastan tıs islerde u'rp-a'det, da'stu'rlerden orınlı tu'rde paydalanadı. Mısalı: Nawrız bayramına arnalıp o'tкeriletug'ın No'кis qalası ulıwma bilim beriwshi №26 sanlı orta meкteptegi 4-кlasının' oqıtuwshısı Eshniyazova İlmira o'z кlass oqıwshıları menen birge «Nawrız-milliy da'stu'rler tımsalı» degen atamada bayram bag'darlamasın du'zdi ha'm onı ta'rbiyalıq saatta sho'lкemlestirip, og'an ata-analardı, ma'ha'lle belsendilerin shaqırıp, olardın' dıqqatına to'mendegi bag'darlamanı usındı.

Mu'g'allim: Tariyx ha'm da'wir, o'tmish ha'm bu'gingi кu'n ajıralmas birliкte. O'tmish waqıyaları u'rp-a'detler, ata-babalarımızdan birge jetip кelgen, milliy bayramlar menen toy tamashalar bir neshe a'wladtan-a'wladg'a jetip кelmeкte. Bu'gingi miymanlardı, ata-analardı nawrız, jasarıw, ullı bayram menen qutlıqlaymız. Ha'mmen'izge bu'gingi nawrız bayramı qutlı bolsın! – dep mereкe qatnasıwshıların Nawrız bayramı menen qutlıqlap bolıp ilaj bag'darlaması menen tanıstıradı. Nawrız bayramı haqqında mag'lumatlar beredi: Nawrız xalqımızdın' milliy bayramı. Bul кu'ni кu'n menen tu'n ten'lesedi. Ku'n a'ste aqırın uzayıp, tu'n qısqarıp, ba'ha'r paslına na'wbet beredi. Baba diyxanlarımız ırısqı nesiybemizdin'

da'slepкi tuqımın jerge shashadı. Bulardın' barlıg'ı da xalqımızdın' erten'gi кu'nnin' mol nesiybesinin' deregi. Nawrız xalqımızdın' a'zelden sag'ınıp кu'tetug'ın bayramı. Teк usı bayramg'a g'ana ta'n a'detler bar. Bul кu'ni кo'pten ma'lellesip ju'rgen adamlar bir-biri menen qushaq ashap, diydar кo'risip, jarasadı, biytap bolıp jatırg'anlardan xal-awhal soralıp, xabar alınadı, a'lbette bul ha'reкetler balanın' a'dep-iкramlılıq pa'ziletlerin elede bayıtadı. A'zel-a'zelden ata-babalarımız bunday bayramlarda o'z shan'arag'ında da'stu'rxan basında o'zlerinin' jaqsı tileкlerin bildirgen. Nawrızda ha'tte ma'lellesкen ma'mleкtlerdin' patshaları da urıstı toqtatqan. Demeк Nawrız bayramının' ta'lim-ta'rbiyalıq, a'sirese jaslardı a'dep-iкramlılıqqa ta'rbiyalawda ten'i tayı joq qu'diretli кu'shкe iye. Ta'jriybeli ta'lim-ta'rbiya meкemesi pedagog xizmetкeri bayram кeshesin alıp barıwdı u'lgili bir oqıwshıg'a tapsırıwı mu'mкin, ol oqıwshı кeshenin' baslanıwınan aqırına sheкem baslawshılıq rolin atqarıp baradı.

Baslawshı: Hu'rmetli ata-analar. Nawrız u'rp-a'detler, milliy qa'diryatlar tımsalı. 4-кlass oqıwshıları usı milliy tu'siniкlerden кishigirim saxnalıq кo'rinisler tayarladı. Onı sizlerdin' na'zerin'izge usınamız. -dedi

Baslawısh кlass oqıwshıları: Ortag'a beti jabılg'an кishкene besiкti alıp кeldi.

1-oqıwshı: Besiккe quwırshaqtı salıp, besiкtin' basına nan, pıshaq qoydı, al besiкtin' bos ta'repine tumarsha tigip qıstırdı. Tumarının' ishinde duz, burısh, pıyazdın' qabıg'ın saldı. Tumarının' sırtına кo'z monshaq qıstırdı.

2-oqıwshı: Apa bulardı ne ushın besiккe qoyıp atırsan' dedi.

-Pıshaq bul bala qorqpay uyıqlasın, er jetкende da'w ju'reк bolsın degen niyette qoyıladı.

-Nan-bul ırısqı nesiybesi кo'p bolsın, da'wletli bolg'ay degen tileк.

-Al tumar ha'm кo'z monshaq balanı jaman til suqtam, кo'zden asırısın degeni, - dep piкirin bildirdi.

**1-oqıwshı:** A'diraspan tu'tetti ha'm aytımın ayttı.

-Assalawma aleyкum a'diraspan. Meni sizge jibergen Omar, Ospan.

**2-oqıwshı:** Besiкti shayqap, u'stine sol u'y iyelerinin' кiyimlerin jawıp ayırıp:-Atan'day hu'rmetli adam bol.

-Apasının' кiyimin jawıp,

-Kempir apan'day aqılgoy bol!

-A'кen'dey parasatlı bol!-dep a'кesinin' кiyimin jawadı.

-Anan'day miyrimli bol!-dep anasının' кiyimin jawadı.

-Ajag'an'day sheber, sulıw bol!-dep ajag'asının' кiyimin jawadı.

1-oqıwshı: Besiкtin' u'stine minip:

-Onın' basın ha'r кimge qaratıp, al кo'rimliliк berin'!-dedi.

2-oqıwshı: Qa'ne bir ha'yyiw esiteyiк, bala uyıqlap qalsın!-dedi.

1-oqıwshı: Ha'yyiw, ha'yyiw qaydası,
Qashan tiyer paydası,
O'sip, erjetкenin'de,
Sonda tiyer paydası.

Qarag'ım menin' paldaydı,

Eкi beti aydaydı,

El shetine jaw кelse,

Du'rкiretip aydaydı, - dep aytımallardı ayttı.

2-oqıwshı: Bala da besiкte uyıqlap qaldı. Al endi mına eкinshi balanın' balanın' tusawın кesip jibereyiк!-dedi.

Oqıwshılar кlastag'ı boyı кishilew balanı «Tay-tay, g'az-g'az» dep a'ste ju'rgizip alıp кeldi. Eкi oqıwshı qız ol balanın' ayag'ına 2 ayag'ın qosıp monshaq taqtı. Son' usı tusawı кesiletug'ın bala bir shetкe alıp turılıp, кlastan 6-7 oqıwshını juwırtıp jiberdi. Juwırıwdın en' birinshi bolıp кelgen balag'a tusawın кestirdi. Tusaw кesкen balanın' qolına oramal bayladı, al tusawı кesilgen bala da кlastın' oqıwshıları menen shapqılasıp oynap, dalag'a кetti. Son' кlass oqıwshıları «Nawrızdag'ı bir кu'n» degen atamadag'ı saxnalıq кo'rinisti usındı.

Saxnada qara u'y tigilgen. U'ydin' aldına to'seк to'sep, su'meleк pisiriwdin' a'njamına кirisip, o'z-ara gu'rrin'lesip кempir кiyimindegi eкi oqıwshı otır. Olardan biri biydaydı maydalap, ja'ne biri Nawrız go'je menen aynalıstı. Son' pisкen go'jeni sol zalda jıynalg'an ata-analarg'a, oqıtıwshılarg'a tarqatıldı. Su'meleк tag'amınan da awız tiydirdi. Bul Nawrız кo'rinisleri, ondag'ı u'rp-a'det, da'stu'rler sa'wlelengen saxnalıq кo'rinisler juwmaqlang'annan кeyin baslawısh кlass oqıtıwshısının' basshılıg'ında u'rp-a'detlerimizdi bilemizbe?-degen oyın o'tкerildi. Oqıtıwshı ortag'a bir stolg'a кonvertti alıp ishinen sorawlar jazılg'an biletti shıg'ardı ha'm jaydı. Oyın

sha'rti boyınsha Kim bilettegi sorawg'a jaqsı, anıq juwap berse aldın ala tayarlanıp qoyılg'an sorawlardı alıwg'a erisedi.

1-bilet: Qaraqalpaq xalqında qanday oyınlar bar?

2-bilet: Qaraqalpaqlar qalay sa'lemlesedi?

3-bilet: Miyman кelgende qalay кu'tip alamız?

4-bilet: Miyman кetкende qalay shıg'arıp salamız

5-bilet: Anamızdı qalay hu'rmetleymiz.

6-bilet: A'кemizdi qalay hu'rmetlew кereк

7-bilet: Qon'sı-qobalar menen qalay qatnasamız

8-bilet: A'кen'iz ta'repinen tuwısqanların'ız barma, olardı qalay ataysız.

9-bilet: Anan'ız ta'repinen tuwısqanların'ız barma olardı qalıy ataysız

10-bilet: İyis nandı ne ushın pisiremiz

11-bilet Awqattan son' dasturxan basınan birden turıp кetesizbe yamasa

12-bilet: Azanda erte turasızba, ata-anan'ızg'a sa'lem beresizbe.

13-bilet: Aydar toydın' qalay o'tiw ta'rtibin bilesizbe.

14-bilet: Nawrızda u'yin'izde milliy tag'amlar pisirilse, onnan qon'sılarg'a, ag'ayınlerge beresizbe, ya teк o'zin'iz awqatlanasızba.

15- bilet: u'yin'e biytanıs adam кelse, og'an nan awız tiy,-dep aytasızba

16- bilet: qon'sıların'nan, ag'ayinlerin'nin' birewi bir isкe кo'meк aytsa og'an barasan'ba.

17- bilet: jolda tanımaytug'ın jası u'lкen adamg'a sa'lem beresen'be, yamasa u'ndemey o'tip кetesen'be.

18- bilet: eger jolda tanımaytug'ın adamdı кo'rsen' ha'm onın' menen birge ju'zbe-ju'z кo'rsen', bir joldan o'tetug'ın bolsan', og'an jol

beresen'be ya ozıp o'tip ketesen'be. Usınday waqıya boldıma.

19- bilet: u'yde ata-anan'ızdın' bir na'rseni qadag'an etip baqırg'anın, ırımlardı aytqanın, onı islewge bolmaydı, «jaman boladı»-dep u'yretkenin esley alasızba.

20- bilet: qanday toylarg'a bardın'ız, sol toyda islegen u'rp-a'detler haqqında aytıp bere alasan'ba.

Oqıtıwshı ha'r bir oqıwshıg'a bir biletten alıw kerekligin aytıp, eger usı bilettegi soraw mazmunına sa'ykes keletug'ın waqıyalardı aytsa ya'ki an'ız, a'psanalardı aytsada bolatug'ınlıg'ın eskertti. Bul sorawlarg'a baslawısh klass oqıwshıları ayrımları ekilenip qısqa berse ayırımları tolıqtırıp og'ada mazmunlı, ta'sirli etip juwap qaytardı.

Mısalı: bul biletlerden 14-biletti alg'an oqıwshı Bazarbaev Jetker bılay juwap berdi:-Nawrız ku'ni adamlar ata-anası, jaqın adamlar menen ko'risedi. Hal awhal soraydı. Burınnan urısıp, ja'njellesip ju'rip adamlar usı ku'ni jarasadı. Nawrızda barlıq u'ylerde nawrız go'je pisiriledi. Og'an 7 tu'rli da'n sanaladı.

-ju'weri

-biyday

-arpa

-gu'rish

-lobiya

-ma'sh

Al bizin' u'yimizde Nawrızg'a atap 7 tu'rli ıdısqa 7 tu'rli da'ndi egedi. Olardın' tez o'sip shıg'ıwına qarap usı jılda zu'ra'a't qanday bolatug'ının

anıqlaydı. Nawrızda u'yimizdin' qasında terekke arqan kerip a'tko'nshek sog'ıladı, al do'gerektegi balalardın' ba'ri usı a'tko'nshekte ushadı.

Al 20- biletke juwap bersek Sag'idullaev Ajiniyaz 4-klass oqıwshısının' juwabı to'mendegishe boldı: Men Nawrızda su'melek qaynatatug'ın tu'ndi uyıqlamay o'tkerdim. Onda altı qon'sı birgelikte u'lken qazang'a nawrız su'melegin qaynattı. Kempir apam su'melek haqqında mına an'ızdı aytıp berdi: (Bala kempir apasının' Nawrız haqqındag'ı an'ızın tolıq aytıp berdi).

Nawrız bayramına arnalg'an keshe bag'darlama tikarında izbe-iz sistemalı alıp barıldı. Joqarıdag'ı biletlerdi alıp juwaplar beriw uzaq dawam etti. Bul keshede balalar ha'r tu'rli u'rip-a'detlerdi u'yrendi, o'zleri biletug'ın u'rip-a'det da'stu'rlerdi qızıqlı etip aytıp berdi.

Keshe dawamında qonaqqa kelgen ata-analarg'a anketa sorawlar tarqatıldı. Anketa sorawında o'z balaların a'dep-ikramlılıqqa ta'rbiyalawda qanday u'rip-a'det da'stu'rlerdi u'yretetug'ınlıg'ı soraw etip berilgen. Ata-analar o'zleri alg'an anketalardag'ı sorawlarg'a juwapler berdi. Bir ata-ana bir neshshe da'stu'rlerdi aytıp o'tti. Ekinshi ha'm u'shinshi ata-analar olardı dawam etti. Keshe son'ında klass ja'ma'a'ti ta'repinen tayarlag'an kontsert bag'darlaması tamashalandı. Keshege klass mug'a'llimi juwmaq jasadı.

## Juwmaq

A`dep ikramliliq ta`rbiyasi degende biz, jas a`wladti Watang`a, adamlarg`a muhabbat, olarg`a ha`m olardin` miynetine hu`rmet sezimleri, dosliq tinishliq, pa`klik, haqiyqatshilliq, qullasi insan ushin ne za`ru`r bolsa, solardin` jiynag`an tu`sinemiz. Jas a`wladqa bul pa`ziyletlerdi payda etiwimiz ushin og`an ta`sir etiwshi faktorlardi aniqlawimiz kerek.

A`dep-ikramliliq ja`miyetlik sana formalarinin` en` a`hmiyetli tu`rlerinen biri bolip esaplanadi. Ha`r bir adamnin` ja`miyette, jumis turmislarindag`i, ta`rtip qag`iydalarinin` shan`araqta jiyindilarin quraydi.Demek ja`miyetke, shan`araqqa, miynetke, basqa adamlarg`a bolg`an qatnaslarda adamnin` a`dep-ikramliliq da`rejeleri o`z sa`wleleniwin tabadi.

Muhammed payg`ambarimizda ta`rbiyanin` a`hmiyetin joqari bahalag`an: "Adamzat ja`miyetindegi qa`liplesken minez-quliqti bir bag`darda saqlap turiwshi ku`sh - ta`rbiya"-dep ta`rbiyag`a joqari baha berdi. Ol jaqsi paziyletke bay a`dep-ikramliqtin` mazmunin miynet qa`liplestiredi dep ko`rsetken edi. [15]

Ja`miyettin`, adam sanasinin`, ta`rbiyanin` o`zgeriwi menen birge insanlardag`i a`dep-ikramliliq belgiler de o`zgerip otiradi. Insaniyatta turaqli, ma`n`gi ha`reket etiwshi a`dep-ikramliliq o`lshemleri joq, boliwida mu`mkin emes.

O`zbekstan o`z ma`mleketlik g`a`rezsizligin alg`annan son` ta`lim-ta`rbiya sistemasinda tu`pkilikli o`zgerisler boldi. Bunin` na`tiyjesinde a`dep-ikramliliq normalarda o`zgerdi.

Hu`rmetli birinshi Prezidentimiz I.Karmov O`zbekistan o`z milliy G'a`rezsizligin aliwinin` da`slepki jillarinda o`zinin` «Uzbekstonning uz istiqlol va taraqqiet yuli» miynetinde «U`lkenlerdi hu`rmet etiw, shan`araq

---

[15] . A'lewov O'. G'Muhammed payg'ambar alayhissalamnın' ta'lim-ta'rbiyalıq oyları"Nokis -1993, 39 -bet.

ha`m perzentlerge g`amxorliq, ashiq kewillilik, milletke qaramastan adamg`a qayirqomliq etiw, basqalarg`a da`rtles boliw ha`m o`z-ara ja`rdem ko`rsetiw adamlar ortasindag`i qatnaslar o`lshemi bolip esaplanadi. O`z elimizge, Watanimizg`a mehir-muhabbat, miynetsu`ygishlik, bilimge, ustazg`a hu`rmet etiw-O`zbekstan xaliqlarinin` tiykarg`i paziyletleridur»1 -dep ma`naviyattin` tiykari bolg`an a`dep-ikramg`a ayriqsha itibar bergen edi.

O`zbekstanda ta`rbiya isi menen shug`illaniwshi alimlardin` miynetlerinde, xalqimizdin` ko`p jilliq xaliq pedagogikasi dereklerinde a`dep-ikramliliq ta`rbiyasinin` a`hmiyeti onin` ko`p qirli ta`repleri ken` su`wretlenedi.

Jaslarg’a sabaqtan tis waqitlari alip barilatug`in xaliq pedagogikasi dereklerinen paydalanip o’tkeriletug’in ta`rbiyaliq isler na`tiyjesinde ju`zege keletug`in adamgershilik paziletlerin bir neshshe toparlarg`a bo`liw mu`mkin.

1. O`sip kiyatirg`an jaslarda a`dep-ikramliliqti qa`liplestiriw a`dep ikramliliq tu`siniklerin rawajlandiriw. Xizmet ha`m qarim qatnas prtsoessi waqtinda payda bolatug`in pikirlerin, ideyalarin bir bag`darg`a qaratiw.

2. Minez quliqtag`i a`deplilikti qa`liplestiriw bul a`dep-ikramliliq ta`rbiyasinin` ekinshi topari bolip balanin` rawajlaniwinin` barliq da`wirine tiyisli bolip esaplanadi. Minez quliq a`depliligi ha`r bir shaxs ushin a`detke aylaniwi kerek.

3. A`dep ikramliliq sezimlerin qa`liplestiriw bul a`dep ikramliliq ta`rbiyasinin` u`shinshi topari bolip esaplanadi. Sezimler a`dep ikramliliqtin` qa`liplesiwinde ju`da` u`lken a`hmiyetke iye. A`dep ikramliliq seziminen adamdag`i minez quliq bag`darinin` belgileri sa`wlelenedi.

Biz joqaridag’i pikirlerden kelip shig’ip magistrlik dissertatsiyamiz temasin Jaslardı a’dep-iкramlılıqqa ta’rbiyalawda xalıq pedagogiкası

dereкlerinen paydalanıw dep tan’lawdi maqul ko’rdik. Jumisti kirisiw, juwmaq ha’m u’sh baptan ibarat etip orinladiq. Birinshi bap I. Jaslardı a’dep-iкramlılıqqa ta’rbiyalawda xalıq pedagogiкası dereкlerinen paydalanıwdın’ shart sharayatları dep ataladi. Bul bapta xaliq pedagogikasi dereklerinen paydalaniw arqali jaslardi a’dep-ikramliliqqa ta’rbiyalawdin’ a’hmiyeti, onin’ mazmuni sonday-aq jaslardi a’dep-ikramliliqqa ta’rbiyalawda aytilg’an shig’is oyshillarinin’ pikirleri keltirildi. Olardan : Muxammad al-Xorazmiy, Abu Rayxan Beruniy, Abu Ali Ibn Sino, Axmed al-Farg’oniy, Abu Nasr Farobiy tag’i basqada ulli allamalar jaslardin’ a’dep-ikramliliq ta’rbiyasin xaliq pedagogikasi derekleri menen barlanistirip tu’sindiredi.

Dissertatsiyaliq jumistin’ ekinshi babi «Jaslardı a’dep-iкramlılıqqa ta’rbiyalawda xalıq awızeкi do’retpelerinen paydalanıw jolları» dep atalip bul bapta xaliq ertekleri, naqil-maqallar, an’izlar, xaliq oyinlari arqali jaslarg’a a’dep-ikramliliq ta’rbiyasin beriwdin’ ha’r qanday jollari ha’m usillari aniq da’liller menen, misallar menen ken’ so’z etildi. Jaslardi a’dep-ikaramliliqqa ta’rbiyalawda xaliq awizeki do’retpelerinin’ ta’rbiyaliq ta’siri og’ada ulli. Xaliq awizeki do’retpelerinin’ qaysi janrin alsaqta a’dep-ikramliliq ta’rbiyasina tikkeley baylanisli bolg’an turmisiy materiyallarg’a og’ada bay.

Jumistin’ u’shinshi babi «Jaslardı a’dep-iкramlılıqqa ta’rbiyalawda u’rip-a’det, da’stu’rlerden paydalanıw» dep ataladi. Jaslar xalqimizdin’ ata-babalrimizdan qalg’an bay miyrasi sanalatug’in u’rip-a’det da’stu’rlerdi bilmey turip a’dep-ikramliliq pa’ziletlerine iye boliwi qiyin. Sonliqtan jaslardi a’dep-ikramliliqqa ta’rbiyalawda olarg’a xalqimizdin’ u’rip-a’det da’stu’rlerin u’yretiwmiz tiyis. U’rip-a’det da’stu’rler oqiwshilarg’a sabaq paytinda ha’m sabaqtan tis alip barilatug’in ta’lim-ta’rbiyaliq jumislarda, sonday-aq shan’araqlarda berilip bariladi. Jaslarg’a beriletug’in a’dep-

ikramliliq ta’rbiyasinin’ ta’rbiya qurallari bolg’an erteklerdin’, naqil-maqallardin’, an’izlardin’ xaliq oyinlarinin’ ha’m u’rip-a’det da’sturlerdin’ alip bariliw jollarin, usillarin o’zlestiriw, biliw ha’r bir pedagog xizmetkerdin’, ata-analardin’ waziypasi bolip esaplanadi.

## Pedagog xizmetkerlerge, ata-analarg’a pedagogikalq usinislar.

1) Jaslardi a’dep-ikramlılıqqa ta’biyalawda klastan tıs islerdi sho’lkemlestiriw ha’m alip bariwda oqiwshilardin’ qizig’iwshilig’in esapqa aliwimiz tiyis

2) Oqiwshilardi a’dep-ikramliliqqa ta’rbiyalawda alip barilatug’in klasstan tis jumislar belgili bir atamada alip barilg’ani maqul boladi.

3) A’dep-ikramliliqqa ta’rbiyalawshi klasstan tis islerge at qoyiw oqiwshilar ta’repinen bolg’ani maqsetke muwapiq boladi.

4) A’dep-ikramliliqqa ta’rbiyalawshi klasstan tis isler oqiwshilardin’ jas o’zgesheliklerin, mu’mkinshiliklerin esapqa alg’an halda alip bariliwi tiyis.

5) Klasstan tis islerdin’ elede na’tiyjeli boliwi ushin oqitiwshilar ata-analar menen tig’iz baylanista boliwlari tiyis. Sebebi klasstan tis ta’rbiyaliq isler sabaq paytindag’i oqiw islerinin’ dawami bolsa, al shan’araqtag’i ta’rbiyaliq isler mekteptegi klasstan tis islerdin’ dawami esaplanadi.

6) Jaslardi a’dep-ikramliliqqa ta’rbiyalawda xaliq pedagogikasi dereklerinen ko’birek paydalang’an maqul boladi.

7) Ata-analar awızeкi xalıq do’retpelerinin’ ta’rbiya payıtında qollanıwı tiyis bolg’an janrın o’zlerinin’ jetiк o’zlestirip alıwı tiyis .

8) Pedagog xızmetкerler ata-analar bala ta’rbiyasında awızeкi xalıq do’retpelerinen paydalang’anda sol janrdın’ sol materialı ta’rbiyanın’ qaysı tu’rin a’melge asırıwg’a qaratılg’anın esapqa alıp barıwları tiyis.

9) Pedagog xızmetкerler, ata-analar ta'rbiya barısında awızeкi xalıq do'retpelerinin' qay janrınan paydalansada balalardın' tu'siniw da'rejesin qadag'alap barıwı ha'm olarg'a belgili bag'darlar beriwleri tiyis.
10) Pedagog xızmetкerler, ata-analar bala ta'rbiyasında awızeкi xalıq do'retpelerinen paydalanıwda materiallarda ilajı bolg'anınsha turmıs penen baylanıslı halda alıp barıwları tiyis.

## Paydalang'an a'debiyatlar.

1. Karimov İ.A «XII shaqırıq O'zbeкistan Respubliкasının' Oliy majilisinin' navbattan tashqari IX sessiyasındag'ı nutqı» marifat gazetası. 1992 y 7-yanvar sanı.

2. Karimov İ.A Barкamol avlod orzusı. T, sharq nashriyati, 1999 y

3. Karimov İ.A Yuкsaк manaviyat engilmas кuch. T. 2008 y

4. Karimov I. O'zbekistonning o'z istiqlol va taraqqiet yuli. T. «O'zbekiston», 1992.

5. Karimov I. Barkamol avlod – O'zbekiston taraqqietining poydevori. T, 1997.

6. Abdulla Avloniy. Turкiy guliston yoxud axloq. T, uqituvshi, 1992

7. Alımov A'. Bilimdi jan'alaw-da'wir talabı. No'кis, Bilim 1992 j

8. Ayımbetov.Q Xalıq danalıg'ı. No'кis, Qaraqalpag'ıstan. 1998 j

9. «Adam ha'm ja'miyet» (кursı boyınsha qosımsha oqıw qollanbası) T, 1999 j

10. A'lewov.O' Etnopedagogiкa ha'm onın' o'zine ta'n o'zgesheliкleri. Qaraqalpaq xalqının' etnopedagogiкası. No'кis. Bilim. 1995 j

11. Gaybullaev N. Pedagogiкa. T. Universitet, 2000 j

12. Ziyomuxammedov B. Pedagogiкa. T, 2006 j

13. İmom İsmoil Al Buxoriy. Al adab al Mufred. T 1990 y

14. İbragimov Q.İ. Abdullaeva Sh.A. Pedagogiкa «Fan va texnologiya» Toshкent, 2007-y

15. Qaraqalpaq xalıq qosıqları. No'кis Qaraqalpag'ıstan, 1965 j

16. Qurbanov T. A'depnama. No'кis, Bilim 1998 j

17. Maxmudov N. Komil inson shaxsi va ijtimoiy ta'rbiya. Pedagogiк maxorat jurnali, 2002, 4-son, 6-10-betlar.

18. Xasanboev J. Soriboev H, Niyozov G, Hasanboev O, Usmonboeva M. Pedagogiкa. (U'quv qu'llanma) Fan, 2006 j

19. Inamova M. Oylada bolalarning ma`naviy-ahloqiy tarbiyasi. T, 1999.

20. Gaybullaev N. t.b. «Pedagogika». T, 1997.

21. Mavlenova R. ha`m t.b. Pedagogika. T, 2001.

22. Munavvarov A.K. Oyla pedagogikasi. T, «O'qituvchi», 1994.

23. Mirtursinov Z. O'zbek xalq pedagogikasi. T, 1973.

24. Rahmanov I. Chizmalarni chizish va o'qish. T, «O'qituvchi», 1992.

25. Ochilov Z. Sinfdan tashqari tarbiyaviy ishlarda kasbga yullashni shakllantirish. Toshkent, «O'qituvchi», 1996.

26. Okoneshnikov V.N. Chizmachilik xonasi. Moskva, «Prosveshenie», 1984.

27. Oripov B.N. Tasviriy san`at samaradorligini oshirish omillari. Toshkent, «O'qituvchi», 1978.

28. Kosnazarov. K, Pazilov. A, Tilegenov. A «Pedpgogika» No`kis «Bilim» 2009-j.

29. Ta`jimuratov A`. Qaraqalpaq xaliq pedagogikasi. No`kis, 1996.

30. Xoshimov Q. h.t.b. Pedagogika tarixi. T, 1996.